

Индекс 73247
12+

ÆЛБОРТЫ Беллæ

ФÆЗЗÆДЖЫ НЫВТÆ

Ærдз йæ хуыз мыстулæгау фæивта,
Бæлæстæн сæ цъæх ахуырст ыссыди,
Бур, мыдхуыз, кæркæ-мæркæ сыфтæртæ
Згъæлынц иугай, фæззæг нæм æрцыд.

Бадзæгæрæг хуры тынтæм кæрдæг,
Хус ысмаг мæм рог дымгæ ыскъæфы,
Цъæх астымы доны был куыд хорз уыд,
Бадтæн-иу уым сусæны æнтæфы.

Сарæзтон-иу æз сæрдзæг гуырылтæй
Æмæ йæ мæ сæрыл-иу æрсагътон,
Цард-амонды базыртыл-иу тахтæн,
Раст цыма дæн уалдзæгæн йæ фаззон.


Афардæг и цардуалдзæг æрхуымæй,
Дардæй мæм мæ зæрæфцæг æвзиды,
Доны былты, не 'взонгад кæм баззад,
Иунæгдзинад уым æндæргау хизы.

Акæсын ма донырдæм æнкъардæй,
Цъуй бæлæстæ адардтой сырх-сырхид.
Афтæ мæм кæсы, цыма сæ уæлæ
Айтыдта сæ сырх зæлдаг зæрæхсид.

Басгуыхтæ дæсны нывгæнæг, фæззæг.
Дæ палитрæ дæ комы тæфæй басур,
Дæ сызгъæринхуыз ахорæнтæй, гормон,
Мæнæн дæр ма мæ сæры халас сахор…



Фæрнион Къостайы номыл мемориалон фæйнæг



НАША ЭПОХА

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ

Издается с мая 1934 года

Главный редактор
Оксана ХЕТАГУРОВА

Редакция
Заместитель главного редактора – Альбина КЕЛОЕВА
Редактор отдела прозы – Борис ГУСАЛОВ
Редактор отдела поэзии и драматургии – Батрадз КАСАЕВ
Редактор отдела критики и публицистики – Тамерлан ТЕХОВ

Редакционный совет
Гастан АГНАЕВ, Руслан БЗАРОВ,
Зелим ВАТАЕВ, Клавдия ДЖУСОЕВА,
Станислав КАДЗАЕВ, Елизавета КОЧИЕВА,
Анатолий КУСРАЕВ, Анжела КУДЗОЕВА, Камал ХОДОВ

Владикавказ, 2020

МАХ ДУГ

9
2020

ЛИТЕРАТУРОН-АИВАДОН ÆМÆ ÆХСÆНАДОН-
ПОЛИТИКОН ÆРВЫЛМÆЙОН ЖУРНАЛ

Журнал мыхуыры цæуы 1934 азы майæ фæстæмæ

Сæйраг редактор
ХЕТÆГКАТЫ Оксанæ

Редакци
Сæйраг редакторы хæдивæг – КЪЕЛОЙТЫ Альбинæ
Прозæйы хайады редактор – ГУСАЛТЫ Барис
Поэзи æмæ драматургийы хайады редактор – КАСАТЫ Батрадз
Критикæ æмæ публицистикæйы хайады редактор – ТЪЕХТЫ Тамерлан

Редакцион совет
АГЪНАТЫ Гæстæн, БЗАРТЫ Руслан,
УАТАТЫ Зелим, ДЖУСОЙТЫ Клавæ,
КЪАДЗАТЫ Станислав, КОСТЫ Лизæ,
КЪУСРАТЫ Анатоли, КУЫДЗОЙТЫ Анжелæ, ХОДЫ Камал

Дзæуджыхъæу, 2020

НОМЫРЫ ИС:

ÆЛБОРТЫ Беллæ. Фæззыгон сыфтæртæ. *Æмдзæвгæ* 5

КАДГÆНÆНТÆ

ТОМАЙТЫ Мисурхан: 80 азы

ТОМАЙТЫ Мисурхан. Амондджын. *Радзырд* 7

НОГ ТÆЛМАЦТÆ

ТОРЧЫНТЫ Хъазыбег. Зейнап. *Æмдзæвгæтæй фыст роман* 16

ПРОЗÆ

КЦОЙТЫ Астемыр. Зæрва. *Æцæг хабар* 61

ИНТЕРВЬЮ

ХЕТÆГКАТЫ Оксанæ.

Æргом ныхас – æнæ къæм 65

НОГ ÆМДЗÆВГÆТÆ

ХОХОЙТИ Энвер. Дууæ базури. *Æмдзæвгитæ* 72

«МАХ ДУГ»-Ы РАВДЫСТ 81

АИВАД, КУЛЬТУРÆ

ÆЛБОРТЫ Феликс: 85 АЗЫ

ГАСАНТЫ Валери. Хурæнгæс курдиат. *Мысинæгтæ* 79

ЦÆРУКЪАТЫ Азæ. Дыууæ хъысмæты. *Мысинæгтæ* 100

ИРОН ЗОНДЫ АВНАЛÆНТÆ

ЕГАР. Адæмы лæг. *Æмбисæндтæ* 103

АДÆМОН СФÆЛДЫСТАД

ХÆМЫЦАТЫ Раман. *Ракуывд* 110

Царциаты равзæрд. *Таурæгъ* 113

ИРОН ПРОЗÆЙЫ АНТОЛОГИ

ГУСАЛТЫ Барис. Ацы амондджын зæрдæхалæн сæрд. *Радзырд* 117

МÆЙЫ ЦАУТЫЛ АФÆЛГÆСТ 158

ТÆФÆРФÆС БЫТЪÆТЫ РОБЕРТ 159

ÆЛБОРТЫ Беллæ

ФÆЗЗЫГОН СЫФТÆРТÆ

Фæззыгон бон, хуры тых фæсасти,
Йæ тынтæ ма гæзæмæ хъарм кæнынц,
Зырнæджытæ сæ ахстæттæ ныууагътой,
«Хъуырру» хъæргæнгæ, хуссармæ тæхынц.

Лæууы бæгънæг хъæд гобийау æмыраэй,
Фæллад мигътæ сæ сурдымæн «дымынц».
Кæрз бæласæн йæ сыфтæртæ йæ быны
Зæлдаг нывæфтыд гауызау зынынц.

Сæ сыбар-сыбур сыфтæртæн ыссыди,
Хæрдмæ сæ дымгæ фелвæста æваст,
Бæндæнау сæ, мæ алыварс ыздухгæ,
Æрбатыхта кæлæнгæнæгау раст.

Æхсызгонæн æз ахæм лæвар райсин,
Къленц чызгау мæхи дзы хъал кæнин.
Хъуыртухæнау мæ хъуырыл æй æртухин,
Фæззыгон дымгæ, бузныг дын зæгъин.

Цæстылуайæн фæлгъуызтæй конд хъуыртухæн
Кæркæ-мæркæ, цъæх, бурбын, морæ, сырх,
Фæхаста йæ сыфгай фæйнæрдæм дымгæ,
Уыджы пакъуыйау уæлдæфы ныппырх.

Рæсугъд фæндтæ, зæрдæйы рухс бæллицтæ,
Фынау вæййынц æнæ буар, уысмæн,
Кæнынц мæ сæрмæ хус сыфтæртæ зилдух
Æнæрæнцой гæлæбуты хуызæн.

2019 аз

КАДГÆНÆНТÆ

ТОМАЙТЫ МИСУРХАН: 80 АЗЫ



(1940)

ТОМАЙТЫ Мисурхан

АМОНДДЖЫН

Радзырд

Æз æвзонджы бонты бауарзтон Индийы дард бæстæ. Уыцы уарзт мæм равзæрд йæ киноныВты, зарджыты, кæфтыты, аргъæутты руаджы.

Мæн фæндыд мæ уарзт равдисын, æмæ сарæзтон, нывгæнæджы нывтæй ист нæ, фæлæ мæхи зæрдæйы чи равзæрд, ахæм ныв.

Кармавали – афтæ хуыйны мæ радзырды архайæг чызджы ном – уый риуы нывæрдтон, Индийы адæм мæ цæстытыл куыд хæларзæрдæйæ уайынц, ахæм æнæхин, сыгъдæг зæрдæ. Мæн фæндыд, амонддЖын æй куы скæнин, аргъауæн хорз кæрон куы уаид, уый сабийы куыд тынг фæфæнды, афтæ, æмæ йыл ном дæр уымæ гæсгæ сæвæрдтон – Кармавали, ома, амонддЖын.

* * *

Радзурдзынæн уын иу чызджы тыххæй. Хуыдтой йæ Кармавали, кæнæ, цыбырдæрæй, – Карма. Кæд йæ сабийы бонтæ нырма ныр аивгъуыдтой, уæддæр уыд æмбаргæ, аив. Æрмæст ничи зыдта, йæ аивдзинад ын æнæзынгæ чи кодта, йæ рæсугъддзинады фæстæ цы сау æндæрг лæууыд, уый. Карма уыд гоби. Йæ алыварс цы адæм цард, уыдонмæ гæсгæ-иу дзурыныл куы архайдта, уæд-иу йæ былтæ фæтæпп-фæтæпп кодтой, фæлæ сæ æмыр уынæрæй дарддæр ницы хъуыст. Чызгыл фараст азы куы сæххæст, уæд æм йæ фыд æрбахуыдта пандиты[1]. Уый йæ ахуыр кодта дыууæ азы дæргъы фыссын æмæ кæсыныл, фæлæ уæдмæ пандиты дард ранмæ цæуын бахъуыд, æмæ та Карма баззад иунæгæй.

Æгæр раджы бамбæрста гоби чызг, иунæг кæй у, йемæ дзурын кæй никæй фæнды, уый, æмæ йæхи дард ласта адæмæй. Сæ рæстæг хъæлдзæгæй чи ærвыста, уыцы æмгæртты раз бадын дæр нæ уыд йæ бон. Афтæ йæм-иу каст, цыма ууыл худынц. Ахæм рæстæг-иу Карма алыгъд се ’хсæнæй, æппындæр æй кæм ничи уына, ахæм къуыммæ, æмæ-иу куыдта йе ’намонд хъысмæтыл. Цымæ исчи æмбæрста гоби чызджы? Нæ! Ничи!.. Иучысыл рæстæг чи нæ æвгъау кодта Кармаимæ абадыныл, уый уыд Чару, сæ сыхаг чызг æмæ йæ хуыздæр æмбал, фæлæ-иу æй уый дæр уайтагъд фæуагъта. Æнкъард кодта йемæ, æви йын йæ хиуарзон зæрдæ бар нæ лæвæрдта гоби чызгимæ бадынæн, уый нæ зонын.

[1] **Пандит** – ахуыргонд адæймаг.

Карма ænкъарддзинад æмæ æфхæрд кæм нæ зыдта, уый уыд цæугæдон Гангы был.

«Ганг – мад у» – афтæ фæзæгъынц ацы цæугæдонæй адæм. Ærдзы рæсугъддзинад, дидинджытæ, цæст цы уыдта, уыдон иууылдæр цавæрдæр æхсызгондзинад лæвæрдтой æрыгон чызгæн, йæ æгомыг зæрдæйы йын гуырын кодтой, кæй никуыма банкъардта, ахæм бæллицтæ.

Боны æнтæф, æнуд рæстæг-иу куы ахицæн, уæд-иу æрбацыд доны былмæ. Ærбадт-иу бæласы бын тæккæ былгæрон æмæ-иу каст доны уылæнтæм. Йæ цæст нæ иста, иу уылæн иннæуыл куыд уад, уымæй. Мæнæ та абон дæр æрбацыд Карма Гангы былмæ. Абон дæр та у æнкъард. Йæ авджын цонгдарæнтæ бадзæгъ-дзæгъ кæнынц, донмæ куы нывналы æмæ дзы йæхиуыл куы скалы, уæд. Æнæ уынæрæй худти, хъазыд йæхицæн Гангы хъæбул, æмæ, æвæдза, дон дзурын куы зонид, уæд ын æнæ радзургæ нæ фæуаид, йæхæдæг дæр ыл куыд цин кæны, уый тыххæй. Æниу, ууыл тыхсгæ дæр никуы бакодтой нæдæр дон, нæдæр чызг, æнæуи дæр хорз æмбæрстой кæрæдзи.

Мæнæ йæ рæзты аленк кодтой кæсагахсджытæ. Сæ сау буар хурмæ æрттывдтытæ калдта. Кæсагахсджытæй иу базарыд, зарыд зæрдæбынæй. Доны сыр-сыр æмæ зарæджы зæлтæ иу кодтой. Былыл цы адæм цыд, уыдон-иу æрлæууыдысты æмæ хъуыстой æнахуыр рæсугъд зарæгмæ. Нæ хъуыста, зæрдæ хъæлдзæг æмæ рог чи кодта, уыцы зарæг æрмæст гоби чызг.

Рацыд цасдæр рæстæг.

Фыццагау сабыр цæугæдонау цæуы цард. Ивддзинæдтæ æрцыд æрмæст Кармайы хъысмæты. Амард йæ мад. Фыд ракуырдта дыккаг ус. Фыдыус нæ бауарзта чызджы. Фыдыусæн райгуырд лæппу, Гопал. Æвæццæгæн ын бинонтæй уæлдай буц митæ кæй ничи кодта, уымæ гæсгæ лæппу иуæй-иу буц, хивæнд сывæллоны хуызæн нæ уыд. Уый уыдта, йæ мад куыд æфхæры Кармайы, фæлæ не ’мбæрста, цы фыдгæнд бакодта йæ хистæр хо. Хатгай-иу йæ чысыл зæрдæйы сæвзæрд тæригъæд, тæригъæдæй æвзæрд хæлардзинад. Æмæ гыццыл лæппу афтæ балымæн Кармаимæ, æмæ æнæ уый лæугæ дæр никуыуал кодта.

Иухатт та чызджы йæ фыдыус куы бафхæрдта, æмæ чызг йæ цæссыг куыд калдта, афтæ йæ Гопал ауыдта. Йæ хъазын фæуагъта æмæ йæ хойы цур балæууыд.

– Диди! Диди[2], цæмæн кæуыс?! Уый йын йæ сæрыхъуынтæ æрсæрфта æмæ дуармæ ацамыдта, ома ацу, кæннод та дæм дæ мад хæцдзæн. Фæлæ уый нæ ацыд.

[2] **Диди** – афтæ дзурынц кæстæртæ хистæр хомæ.

– Ма ку, диди! – лæгъстæ кодта лæппу. – Æз дын ныртæккæ ладду[3] æрбахæсдзынæн, æмæ ма ноджыдæр... – йæ ныхас нал фæцис, афтæ ауыдта йæ мады дуары цур лæугæ. Кадджалæй[4] ахуырст сау цæстыты урсытæ æнахуыр æрттывд кодтой.

– А-а, уый мæнæ кæм дæ! – мæсты худт бакодта ус. – Бадыс дæ зæрдæйы дзæбæхæн, хæдзарæн, куыстытæн та – бар сæхи!

Уыцы рæстæг Гопал батахт йæ мадмæ æмæ йын йæ фæччи ивазгæ, скуыдта:

– Ма загъд кæн дидимæ, уый дзурын куы нæ зоны!

Сывæллоны цæссыгтæ ауынгæйæ, тынгдæр смæсты сылгоймаг.

– Кæсыс, уыдон иууылдæр дæ хъуыддæгтæ сты! Ды йæ ардауыс йæ мадыл! Цом ардыгæй! – фæхæцыд лæппуйы цонгыл æмæ йæ тыххæй акодта.

Цыдис рæстæг, фæлæ Кармайы уавæр нæ фæхуыздæр. Ницы зыдта фыд йæ чызджы цардæн, йæхи хъуыддæгтæй æнæвдæлон уæвгæйæ. Уыдта йæ æнкъардæй, фæлæ хъуыды кодта: «Йæ бон нæу йæ мады ферох кæнын».

Агъуыст уыд талынг. Хъуысыд фынæй адæмы сабыр улæфт. Рудзынгæй зынд, арвы бæрзæндтæм мæй сындæггай куыд сцæйтылд, уый. Йæ рухсмæ раиртастаис: сылгоймаг йæ гуыры алыварс сари тухы. Уый уыд Кармавали. Нал бафæрæзта йæ маст уромын æмæ сфæнд кодта сæ хæдзарæй ацæуын.

Чызг бацыд Гопалы чысыл сынтæгмæ, фæндыд æй йæ райхъал кæнын æмæ йын зæгъын: «Цæуын æз. Ныр дæм дæ мад нал загъд кæндзæн. Хæрзбон!» Афтæ дзырдта йæ сусæг хъæлæс. Йæ былтæ та зыр-зыр кодтой. Уый фæстæ бацыд йæ фыды хуыссæнмæ. Мæй хорз рухс кодта Хоркумары фæлмæст цæсгом, суанг ма йе ’рфгуыты сæрмæ цы тугдадзин уыд, уый дæр бæлвырд зынд. Лæджы цæсгом æм каст æнæнцойхуыз, цыма мæй дæр афтæ зæгъынмæ хъавыд: «Кæсут-ма, куыд тарф æмæ тыхст у йæ хуыссæг».

Кармайæн йæ уадултыл цы цæстысыгтæ æрызгъордтой, уыдон сарийы кæронæй асæрфта, стæй бакаст, йæ фыдыус кæм хуыссыд, уырдæм. «Кæддæр ам хуыссыд мæ мад Монджу», – ахъуыды кодта Карма, æмæ йæм уыцы рæстæг афтæ фæкаст, цыма йыл йæ мады хъарм къухтæ аныдзæвыдысты.

Фæстаг хатт ахаста йæ цæст хæдзарыл, бакодта дуар æмæ рацыд.

Мæйрухсмæ къахвæндаг зынди дзæбæх. Къæдзтæмæдзтæгæнгæ тындзыдта суанг Гангы былмæ. Кармайæн йæ зæрдæ йæ риуы нал цыд, фæстаг хатт ма йæ райгуыраен хæдзармæ куы ракаст, уæд.

[3] **Ладду** – арахисæй конд гуыл.

[4] **Кадджал** – индийаг сылгоймæгтæ дзы ахорынц сæ цæсты уæлтъыфалтæ хуры тынтæй сæ хъахъхъæныны тыххæй.

Ærбарухс. Гопал йæ цæстытæ байгом кодта æмæ Кармайы хуыссæнмæ бакаст – уый уыд афтид. Йæ алыварс ахъахъхъæдта. Мад дæр нырма хуыссы. Лæппу фестад æмæ кæртмæ разгъордта, фæлæ чызг уым дæр нæ разынд. Уырдыгæй фæраст доны былмæ, кæд донмæ ацыд, зæгъгæ. Нæ уыд уым дæр Карма, йæ бынат бæласы бын уыд афтид, бæласы бæгънæг уидæгтæ чысыл уылæнтæ æхсадтой. Дард кæцæйдæр хъуысы кæйдæр зарын. Гопал æвиппайды ауыдта сылгоймаджы бæгъæввад къæхты фæд.

– Уый Кармайы фæд у, ссардзынæн æй ныр! – сцин кодта лæппу, фæлæ йæ къахдзæфтæ дард нæ акодтой, фæзылдысты доны 'рдæм æмæ фесæфтысты. Фыр катайæ йæ былтыл дæндагæй ныххæцыд æмæ, йæ цæссыг нал бауромгæйæ, скуыдта – доны уылæнтæ ныхсадтой чызджы къахвæдтæ.

Арв мигътæй ахгæдта, æмæ чысыл фæстæдæр бынтон ныттар ис. Сниудта дымгæ, æмæ тыхджын уарын райдыдта. Ничи уæндыд ацæуын æддæмæ ахæм рæстæг, уæддæр ма Гопал рацу-бацу кодта доны былты æмæ дзырдта йæ хомæ.

Бирæ рæстæг ахаста уарын, стæй æппынæрæджиау банцад. Зæхх дондзæстытæй лæууыд. Гангы былгæрæттæ æддæдæр рацыдысты. Æххормаг, хуылыдз, уазал æмæ куыдвæлладæй Гопал хъуыды дæр нæ кодта хæдзар ссарыныл. Уый бадти змисбылгæрон æмæ æнкъардæй кæдæмдæр каст. Цадæггай йæ хуыссæг æрцахста, æмæ афардæг хуыссæджы бæстæмæ, адджын сæнттæ кæм æвзæрынц, иучысыл дуг адæймаг йе 'цæг цардæй кæм фæхицæн вæййы, уырдæм.

Талынг кæнын байдыдта, афтæ хъæуы 'рдыгæй цавæрдæр хъæлæба райхъуыст. Уый фæстæ фæзынд тыхстхуыз адæмы къорд. Ærбахæстæг сты Гангмæ. Агуырдтой цыдæр. Сæ разæй цы ацæргæ лæг цыд, уый фæдзырдта:

– Ардæм! Гопалы ссардтон! – базгъордта, йæ хъæбысмæ систа лæппуйы. Фæлæ уый уæддæр æнцад фынæй кодта. Сылгоймæгты 'хсæнæй йæм æрбазгъордта йæ мад æмæ лæппуйы йæхимæ райста, нал уыд кæрон йæ цинæн.

– Ænæхъæн бон дæу агурынæй мæ бон куынæуал у, ды та, æвæццæгæн, ацы уымæл зæххыл фынæй кодтай, – дзырдта мад, сывæллоны йæ хъæбысы кæнгæйæ. Лæппу ракаст æмæ йæ алыварс мад, фыды, адæмы куы ауыдта, уæд фыццаг фæтарст, стæй йæ цæсгом фæсырх æмæ афарста:

– Карма ам ис? Диди фæзынд? – Гопалы фæрстытæй иууылдæр бамбæрстой, чызгæн кæй ницы зоны. Адæмы тар цæстæнгасæй та лæппу бамбæрста: Карма кæм ис, уый бæрæг нæма у.

Уалынджы Хоркумармæ бацыд йæ сыхаг зæронд лæг, йæ къухы уыд урс тæнæг кæлмæрзæн. Адæм фембæрстой, зæронд цыдæр хабар кæй æрбахаста.

– Хъæддых лæуу... Ганг æй бафснайдта...

– О Ганг! Нæ адæм дæ мад куы хонынц, уæд дæ цæмæн бахъуыд ахæм нывонд?! – сдзырдта зæронд Хоркумар, донмæ разилгæйæ.

* * *

Калькуттæ. Ралæууыд ног бон. Куыст фæтынгдæр горæтгæрон рынчындоны дæр. Райдыдта ног кусгæ бон, ног хабæрттæ, ног рынчынтæ, ног цард.

Дохтыр хъуыды кодта: «Рынчынтæ фылдæрæй-фылдæр, бынат сын нал фаг кæны. Алы бон дæр мæлæт хæссы цалдæр уды, аскъуыны цалдæр царды». Йæ къухæй æрсæрфта йæ ных, сыстад æмæ рудзынгæй акаст. Уырдыгæй йæм хорз зынд горæт...

Адæм иууылдæр кæдæмдæр тагъд кæнынц... Алкæмæ дæр сæ ис йæхи хъуыддæгтæ, йæхи хъуыдытæ...

– Дохтыр-сахиб! – айхъуыста хъæлæс. Дуары цур лæууыд æрыгон медициной хо Радха. – Дохтыр! Ærбаластой нæм, йæхи доны чи баппæрста, ахæм чызджы. Хæстæг хъæутæй искуыцæй у, æвæццæгæн.

Дохтыр æм байхъуыста, фæлæ йын ницы дзуапп радта, æрмæст йæ тар æрфгуытæ æрбалхынцъ кодта, ахаста йæ цæстæнгас агъуыстыл, цыма рынчынæн ам агуырдта бынат, уыйау.

– Махмæ бынат нæй, æндæр рынчындонмæ йæ аласæнт, – загъта æппынфæстаг.

– Дохтыр, чызджы цард æндахы халыл хæцы.

– Зæгъ, æмæ йæ æрбахæссой, – алыг кодта йæ ныхас уæд дохтыр.

Мæнæ дуар байгом, æмæ сынтыл æрбахастой иу æрыгон чызджы. Змæлгæ дæр нæ кодта, йæ цæстытæ уыдысты æхгæд.

Райсомæй рынчын куы райхъал, уæд афæлгæсыд йæ алыварс. Стъолы цур, йæ цонг йæ сæрмæ сбыцæу кæнгæйæ, хуыссыд æрыгон læппулæг урс халаты. Рынчын бамбæрста, кæм ис, уый, фæлæ цы 'рцыд, уый нал хъуыды кодта. Дохтыр йе 'нгуылдзтæй йæ цæстытæ аууæрста æмæ рынчыны 'рдæм бакаст. Чызг хъал куы уыд, уæд æм бацыд, æрлæууыд йæ цуры æмæ йæ бафарста:

– Мæ хо, кæм дæ, уый зоныс?

Чызг æм æнцад хæрдмæ каст, фæлæ йæ цæстæнгас æппындæр ницæуыл дзырдта, уыд æгомыг, æрмæст йæ цæсты гагуыты кæмдæр арф æрттывтой бузныгады цырæгътæ.

– Цавæр хъуыддаг дæ сфæлмæцын кодта дæ цардæй? – ногæй та йæ

бафарста дохтыр æмæ, бандон хæстæгдæр æрбакæнгæйæ, æрбадт йæ цуры. Йæ зæрдæ дардта: рынчын ын радзурдзæн йæ зæрдæйы маст, фæлæ уымæн йæ былтæ базмæлыдысты, фæлæ сæ ныхас нæ райхъуыст. Дохтыр фæгуырысхо, чызг, æвæццæгæн, гоби у, зæгъгæ, стæй цалдæр фарсты фæстæ бауæндыд уыцы хъуыдыйыл. Тæригъæдгæнæджы цæстæй йæм бакаст, æмæ уыцы цæстæнгасæй цыма чызджы æппæт сæнттæ æмæ хъуыдытæ иууылдæр сæххæст сты, цыма дзы ницыуал риссы, афтæ йæм сдзырдта йæ зæрдæ. Чызг афæлвæрдта йæ цæнгты æнцой рабадыныл, фæлæ йæ фæрстæ уæззау рыст скодтой, æмæ æвæндонæй йæхи æруагъта хуыссæны.

Кармавали йæхи баппæрста доны, фæлæ, йæ амондæн, уыцы афон æрбацæйздæхтысты кæсагахсджытæ. Чидæр сæ ауыдта, дон цыдæр æрласы, уый. Йæ уд ма йæ мидæг гыццыл лæууыд, афтæмæй сластой чызджы донæй æмæ йæ æрбаластой Калькуттæмæ.

Æрыгон дохтыр Хорлалы руаджы чызг дзæбæх кæнын райдыдта. Бонæй-бонмæ Кармайы æнæниздзинад хуыздæр кодта, фæлæ уый нæ рухс кодта чызджы зæрдæ: йæ размæ æппæт фæндæгтæ дæр уыдысты æхгæд. Нæ йæ фæндыд раздæхын йæ хæдзармæ, нæ йæ айста Ганг.

* * *

Хур бæрзонд ссыди. Ралæууыд та царды ног бон. Иу адæймаг баййафы тыхст дæр, циндзинад дæр. Æрлæууынц йæ зæрдыл ивгъуыд царды нывтæ. Скъоладзаутæ радтой салам ахуыргæнæг Ромешæн æмæ сæ бынæтты сбадтысты. Æнхъæлмæ кастысты урочы райдайæнмæ.

– Фæстаг хатт кастыстæм аргъау «Сидзæр чызг», – загъта ахуыргæнæг. Систа хызынæй тæнæгцъар чиныг, байгом кодта, чи хъуыд, уыцы фарс æмæ кæсын райдыдта: «Цас фæрæзтаид чызг фыдыусы æфхæрд барын, сыстад иу æхсæв æмæ ацыд йæ хæдзарæй». Сывæллæттæй иу йæ къух сдардта.

– Гопал Кундо? Цы нæ бамбæрстай?

Лæппу сыстад æмæ бафарста:

– Цæмæн æй æфхæрдта фыдыус?

Ахуыргæнæг йæ кæсæнцæстытæ æриста, базылд, цыма йæ цы фарст тыхсын кодта, уый йын йæ цæстыты цæхæры бакæсынмæ хъавыд, уыйау.

– Сидзæр хорз чызг уыд, фыдыусы чызг та магуса. Ус æм хæлæг кодта æмæ сфæнд кодта чызджы амарын, æмæ чызг сæ хæдзарæй ацыд, – бамбарын кодта ахуыргæнæг, фæлæ уæддæр дис кодта, лæппу йæ афтæ цæмæн бафарста, ууыл. Сывæллон йæ цæсгом фætар кодта æмæ загъта:

– Мæ мад дæр-иу арæх æфхæрдта Кармайы, æмæ чызг ацыд махæй. Ныр нæм никуыуал æрцæудзæн.

Лæппу скуыдта, йæ цонгæй цæсгом амбæрзгæйæ.

Сывæллæттæй иутæ схудтысты, фæлæ ахуыргæнæг æрхоста стъол, æмæ фæсабыр сты, стæй бацыд Гопалмæ æмæ йын йæ сæрыхъуынтыл йæ къух æрхаста.

– Ма ку, мæ хур, фæзындзæн дæ хо. Æнæмæнг фæзындзæн...

* * *

Абон Карма сыстад сæумæраджы. Афтæ йæм каст, цыма йын ныртæккæ цавæрдæр хъыг хабар фехъусын кæндзæн исчи. Рацыд балкъонмæ æмæ æрбадт бандоныл. Уыд рагуалдзæг, æмæ алы цæрæгой дæр цин кодта йе ’рцыдыл. Дымгæ хаста дидинджыты тæф.

Дохтыр куыд æрбацыд йæ цурмæ, уый æмбаргæ дæр нæ бакодта чызг, стæй йæ куы ауыдта, уæд фестад æмæ сæ кæрæдзийæн салам радтой, сæ армытъæпæнтæ кæрæдзиуыл авæргæйæ. Дохтыр æм радта гæххæтты гæбаз.

«Ныр ды бынтондæр æнæниз дæ. Тагъд дæ рафысдзыстæм уæхимæ. Ма ’нкъард кæн».

Лæппу лæууыд æмæ каст чызджы æнгасмæ. Йæ зæрды уыд, чызг куыд фæрайдзаст уыдзæн, уый фенын. Фæлæ чызджы цæсгом фенкъард, йæ къухтæ базыр-зыр кодтой æмæ, дохтырмæ скæсгæйæ, йæхи йæ къæхты бынмæ æрæппæрста.

– Цæмæн афтæ кæныс? – фæдис ыл кодта дохтыр æмæ йын схæцыд йæ къухтыл. Чызг æм скасти, цыма зæгъынмæ хъавд: «Цæмæн афтæ æгъатыр дæ? Иучысыл дæм тæригъæд разынæд». Тыхсын æй кодта дохтыры дзуапп йе ’нæниздзинады тыххæй. Дохтыр ын цыма йæ хъуыдытæ бамбæрста: сбадын æй кодта æмæ ацыд.

Æнæхъæн бон Карма бадти æнкъардæй. Уыд изæрдалынгтæ. Дохтыр зылди рынчынтыл. Æрдæггом дуарæй бадгæ ауыдта Кармайы. Уыцы рæстæг æрбайхъуыст зарын:

О уæларвон æхсин,
Радзур мын, цæуыл у дæ хъыг!

Афтæ ма бирæ фæбадтаид, æвæццæгæн, Карма, цы аууон æй ракæсын кодта йæхимæ, уый куы нæ бафиппайдтаид, уæд. Уый æрбацæйцыд дохтыр. Æрбацыд æмæ чызгæн бамбарын кодта, мидæмæ ацу, зæгъгæ. Чызг сыстад, йæ сæры акуывдæй йын арфæ ракодта æмæ ацыд мидæмæ. Чысыл стъолыл æртæтигъон тыхтæй Карма бафиппайдта цавæрдæр гæххæтт. Райхæлдта йæ æмæ дзы бакаст: «Мæ зæрдæ дарын, кæй мæ бамбардзынæ, ууыл! Цы бон дæ æрбаластой ардæм, уæд дæ бафарстон, дæ бон дзурын нæу, уый нæ зонгæйæ. Æз бацæттæ кодтон мæхи хъусынмæ, фæлæ мæм ды кастæ æнæдзургæйæ. Абон та дæ фæрсын ногæй:

– Цæмæн баппæрстай дæхи доны? Цæмæн дын фæхъыг, æнæниз кæй дæ, уый дын куы загътон, уæд? Æнхъæлмæ кæсын дæ дзуапмæ.

Дæ хæлар Хорлал».

«Дæ хæлар...» – йæхинымæр загъта Карма æмæ та йæ цæст ахаста фыстæгыл. «Цæмæн æй бафæндыд мæ цард зонын?» – ахъуыды кодта чызг, стæй иуварс авæрдта гæххæтт æмæ йæ дзаумæттæ ласынмæ бавнæлдта, фæлæ йæм цæмæндæр афтæ фæкаст, цыма Хорлалы хъæлæс хъуыста: «Цы дæ сисын кодта дæхимæ дæ къух? Цы? Цы?»

Æрбадт стъолы цур æмæ фыссын райдыдта:

«Æз бузныг дæн дæуæй, дæ хорз цæстæнгасæй. Æмæ мын цыма хион дæ, цыма дæ рагæй зонын, уымæй уæлдай мæм нæ кæсыс. Дæу фæнды, царды мæ цы стыхсын кодта, уый базонын. Æз дызæрдыг кодтон, фæлæ дын нæу мæ бон ænæ дзуапп ратгæ. Фараст азы мыл куы сæххæст, уæд амард мæ мад. Ныртæккæ «мад», зæгъгæ, афтæ куы фыссын, уæд та мæ цæстытыл ауад йæ сурæт. Йе ’нкъард цæстæнгас, мæ сæр мын-иу кæмæй рæвдыдта цыдæртæ дзургæ, йæ уыцы мæллæг æнгуылдзтæ. Мæ мады амарды фæстæ мæ фыд дыккаг ус ракуырдта. Ныр дын дарддæр дзурын нал хъæуы, цы мæ ныууадзын кодта мæ фыды хæдзар, уый.

Кармали Кундо»

* * *

Æнтæф бон кæронмæ цыди. Рынчындоны кæрты бандоныл бадтысты дыууæ адæймаджы, сæ цуры та хъазыдысты сывæллæттæ: лæппу – иу-дыууадæсаздзыд, чызг – авдаздзыд.

Сывæллæтты хъæлдзæг хъазтмæ кæсгæйæ-иу сылгоймаг бахудт, уыд амонджын. Бандоны иннæ кæрон та бадт æрыгон лæппу æмæ-иу уый дæр бахудт. Уыцы дыууæ адæймаджы зонгæ нæ уыдысты, фæлæ сын сывæллæттæ хастой циндзинад, æмæ йæ дих кодтой иумæ. Уалынмæ рынчындоны кæрты фæзынд рæстæмбис кары нæлгоймаг. Сывæллæттæ йæ куы ауыдтой, уæд йæ размæ азгъордтой. Сæ фыды къухтыл хæцгæйæ, бацыдысты, бадгæ чи кодта, уыдонмæ. Сылгоймаг сыстад æмæ, къуызгæ дзырд кæнгæйæ, батыхст.

– Цæмæн афтæ бафæстиат дæ? Æвæццæгæн, тынг бафæлладтæ, нæ?

– Нæ, нæ-æ, – сабыргомау сдзырдта лæг. – Ахицæн уыцы рæстæг, тынг кæд фæлладыстæм. Ныр дохтыртæ – бирæ, рынчынтæ та – гыццыл.

Дыууæйæ дæр сæ мидбылты бахудтысты. Йæ сывæллæттимæ хъазгæйæ, лæг хъуыды дæр не ’ркодта, бандоны иннæ кæрон чи бадт, уыцы лæппуйы, уый та уымæ æнхъæлмæ каст.

– Гопал! – цины хъæр фækодта лæг, куы йæ ауыдта, уæд. – Кæцæй фæдæ? – сылгоймаг сонт каст фækодта лæппумæ, йæ ном ын куы айхъуыста, уæд.

– Нæма уæ базонгæ кодтон, – загъта лæг. – Мæ бинойнаг Кармавали, – ацамыдта усмæ. Мæнæ ацы лæппу та мæ хорз æрыгон хæлар у, студент, суинаг хирург.

– Карма! – фæдзырдта сылгоймаг йе ’фсымæримæ хъæлæбагæнæг чызгмæ.

Лæппу йæм фæрсæджы каст бакодта.

– Ма дис кæн, – сдзырдта лæг, стæй бахудт æмæ загъта:

– Сæ дыууæйæн дæр иу ном ис. Хистæрмæ дзуræм æххæст номæй, кæстæрмæ та – Карма, куыдræза, афтæ та йæ ном дæр йемæ рæздзæн, кæндзæн амонджындæр, йæ мады хуызæн.

– Цæуылнæ равзæрстат æндæр рæсугъд ном? – бафарста лæппу.

– Ме ’взонг хæлар, – сдзырдта дохтыр æмæ йын йе уæхскыл йæ къух æрæвæрдта. – Нæ чызг цы бон райгуырд, уый у нæ Индийы ссæрибары бон. Амонджын нæу, уыцы амонджын бон цы сывæллон райгуырд, уый?

Лæппу разыйæ банкъуыста йæ сæр. Сылгоймаг мидбылты худт, фæлæ-иу йæхимидæг батыхст, лæппумæ-иу куы фемдзаст, уæд. Æппынфæстаг бафарста йæ мойы: кæцæй у йе ’мбал, куыд у йæ мыггаг?

– Æз дæн Гангы былгæрæттæй, мæ мыггаг та Кундо у, мæ фыд хуындис Хоркумар.

– Æцæг?! Гопал! Ме ’фсымæр! – хъæрæй сдзырдта Кармавали æмæ фæгуыбыр кодта, æнгуылдзтæй аныдзæвыд лæппуйы къахфындзтыл. Лæппу йын февнæлдта йæ цæнгтæм æмæ сдзырдта:

– Цæмæн афтæ кæныс?

Иучысыл рæстæг фемдзаст сты, æмæ Кармавалийы цæстытыл ауад, фыццаг хил кæй цæсгом рамбæрзта, уыцы лæппу нæ, фæлæ гыццыл Гопал. Афтæ йæм каст, цыма йын йæ цъæхснаг хъæлæс айхъуыста: «Диди!»

– Хорлал! – сдзырдта Кармавали. – Уый ме ’фсымæр у, æдзух дын кæй кой кодтон, уый.

Гопал йæ цæстыл не 'ууæндыд, æрæджиау загъта:

– Нæ зонын, мæ фыдæн ма чызджытæ уыд æви нæ, уый. Уыд ын иу чызг, Кармавали. Уый гоби уыд, йæхи доны баппæрста.

– Ма гуырысхо кæн, нæ фыдæн уыд иунæг чызг, æмæ уый æз дæн, Карма. Ма дис кæн, гоби кæй уыд, ууыл дæр. Раарфæ кæн ацы хорз адæймагæн, – загъта ус æмæ бацамыдта йæ мой Хорлалмæ. Уæды онг сæм, дис кæнгæйæ, каст дохтыр æмæ æнцад лæууыд. Ныр бахудт æмæ загъта:

– Абоны онг, Гопал, кæрæдзи зыдтам хорз зонгæтæй, нырæй фæстæмæ та ма уыдзыстæм хæстæджытæ дæр. – Æмæ йын йæ къух райста, стæй сдзырдта Кармамæ: – Ды амонджын дæ, Кармавали.

НОГ ТÆЛМАЦТÆ

ТОРЧЫНТЫ Хъазыбег (Мэлс)

ЗЕЙНАП

Æмдзæвгæтæй фыст роман

Фыццаг хай

ДУДЖЫ УЫЛÆНТÆ

Нæ заман, кæм дæ!
Зæгъ-ма нын, хæдбарæй æвронгтæн,
Сæ уды хъæнтæ
Цæмæн ис зæрæдтæн, æвзонгтæн?
Сæ къахыл лæугæйæ, сæ уæлæ – сæ цæнгтæ,
Зæгъ-ма,
Уæд сæ уд
Цæмæн вæййы тутт?

Геворг Эмин

1

Ægæр мæ ма бадом, мæ хæлар:
Фæндыд мæ не ‘нусы хъæнтæ
Фæлгъауын. О, Хуыцау, кæм дæ?
Мæ удæвзарæнтæ Дæ дæлбар.
Æз чи дæн? Хъус: нæ дæн хъæздыг,
Мæ мадызæнæгтæ – сæрæгас.
Уыди нæ ныййарæг фæрныг.
Фыдæй нæ уыдыстæм æнæмаст.
Фыдыбæстæн аккаг фырт уыд –
Нæ зæхх йæ удæй фылдæр уарзта,
Йæ уд йæ сæрвæлтау æрхаста,
Фæлæ уæддæр цæрын мах хъуыд.
Æниу æнусон нæу нæ цард,
Фæлæ йыл ма кæнæм æнкъард.

2

Тæхуды, ма у конд хъаруйæ,
Уæд царды схызтаин бæрзонд.
Фæлæ уыдтæн дунейы сонт,
Мæ кадмæ фæндаг та-æрдуйæ
Æмæ цæрын ныр, Мэлс мæ ном.
Æмæ цы рахастон Толстойæ?
Цы зæгъон ахæмтæй æргом –
Шекспир, Къоста – мах буц сæ койæ,
Сæ кадæй рухс ныр дæр нæ цард.
Сæ сисæй диссæгтæ нывæзтой.
Уæдæ æз дæр цы цæуон дард,
Кæд уый мæ размæ дæр æмбæрстой.
Æз та – хъысмæты буц бындар,
Нæ дугæн хъал æмæ зындард.

3

Мæ хæлар, ма мæ дом æгæр.
«Зейнап» фыстон æхсæвæй-бонæй.
Зынтæй мын бантысти уæддæр.
Уадз, дуне ма зонæд мæн номæй.
Фыстон æй адæмæн æрмæст.
Сæхæдæг базонæд æххæст –
Мæ дзырд уæлаврмæ кæд нæ хъуысы,
Уæддæр сæм дис кæсдзæн мæ фыссын.
«Цы фыст у ай», – зæгъæн дзы нæй,
Дзырдæй, хъуыдыйæ – дзаг фæрнæй.
Кæйдæртау чи у рæвдз æвзагæй,
Кæмæ ис уый хъомыс дæр рагæй,
Фæлæ мæ уацмыс уарзын æз.
Ды дæр æй бауарздзынæ, кæс!

4

Мæ цард æрæвæрин фæлтау,
Мæнгарды ныхмæ тохы – де стæн.
Рæстæй фæцардтæн, – нæй мæм фау,
Фæлæ зæххыл пехуымпар не сдæн.

Ныхдурæй дзаг уыди мæ фæндаг,
Нæ уыдтæн тæрхоны нæуæндаг,
Фæлæ уыдтæн æппæтæй хъуаг,
Мæ рыст – уæззау, мæ дуг – хъæхъхъаг.
Мæ царды бирæ федтон мæт,
Фæлæ ныр та мæ ныхас – дардыл.
Султан мæ дзырды сæр фæуæд.
Мæ цæст ныр ахæссон йæ цардыл.
Хъæрмуд фæцардыстæм дзæвгар.
Уæдæ мæм хъус, зынаргъ хæлар.

5

Фæвæййы хæст дæр искуы, ‘мæ
Хæстон лæг – рыст æмæ фæлмæцыд,
Æрцыд йæ райгуырæн хъæумæ.
Æгуысты цардыл уый нæ хъацыд,
Ссардта фос, æркодта хор,
Куыннæ уыд йе ‘фтиаг дæр хорз,
Бæркад æнæ хæдзар дæр циу!
Нæртон æфсин дæр æй фæци.
Æмæ куыста æхсæв уа, бон.
Йæ удæнцой фæллойы ардта.
Æмæ Хуыцауæн уыд фæндон,
Цæмæй сын чызг-хъæбул дæр радта.
Зейнап ын рахуыдтой йæ ном,
Сæ цинмæ ‘рæмбырд сты ком.

6

Æрцардтæн ныр, фæрныг мæ артдзæст,
Мæ бæллицц сæххæст, – загъта лæг.
Фæлæ хъысмæт свæййы марддзæст,
Кæны нæ амондмæ хæлæг.
Фыдбылыз къæсæрыл æрлæууы,
Фæлæ йын уый нæ вæййы фаг:
Фæнды йæ, кулдуары æркъæуы
Бæстон куы ауадзид йæ таг.
Æруатон хæдзары æфсин,

Æмæ йæ чысыл хур, йæ цин
Ныр фыд æндæр мадæн фæдзæхста.
Фæраст и тар æхсæв мæнгæхстау.
Уый дохтыр агурæг фæцыд…
Зейнапмæ нал ‘рыздæхт йæ фыд.

7

Фæзынд хæнтурс æмбæрзæн – уад,
Æртыхсти хъæубæстыл æгасæй.
Рыхыди хъæууынгты æдасæй.
Уæлхохæй зилгæ дымгæ уад.
Сырдау рæдывта уады ‘мбæрзт,
Цыма йæ мастæн хос нæ ардта.
Йæ дзæмбы рудзгуытыл фæхæст.
Йæ тых зæронд æмбондыл хъардта.
Стæй атахт, бæлæстыл нытыхсти.
Сæ сыфтæ згъæлста сын бынмæ.
Стæй айсæфт. Чи зоны, цы фæци.
Ног хæхтæм ауади, цымæ?
Æмæ та хъæубæстæ ныссус.
Зæхх митмæ адардта йæ хъус…

8

Æрбайхъуыст сидзæргæсмæ уац –
Дæ мулк, дæ ис, дæ бон ныууадз.
Дæ хо дæм сахары хъæцы.
Фæзын Зейнапимæ йæм цырд.
Нæ идæдз сагъæсты ныххауд,
Фæлæ ма мастæн фадат ратт!
Йæ фæллой ницæйаргъыл радта!
Æмæ рæхджы йæ фæндаг дардта.
Цыдысты азтæ, уæдæ цы!
Зейнап йæ цардвæндагыл цыд.
Фыццаг уал сабидонмæ уад,
Æрцыд уæд ахуыргæн дæр рад.
Гъе афтæ арфæгондæй рæзт,
Уынаг у адæмæн сæ цæст.

9

Бærзонд, хæрзконд, йæ дзырд – рæвдаугæ.
Йæ бакаст – аив, хурау худт…
Ныр дæр æрымысын уый хъавгæ,
Тæрсы йæ уацарæй мæ уд…
Нæ уыд йæ фидыцæн æмбал.
Йæ аккаг чи ссардзæн ныхæстæ.
Кæйдæртау чи зоны амал,
Фæлгонцтæ равдиса æххæстæй.
Уæвгæ, йæ цæстыты кæлæн
Зенйап – æрдхæрæны рæсугъдæн,
Паддзах уа, гъе цагъар, сæ удæн
Лæвæрдта уый æрвон тæмæн.
Зейнап, мæ дунейы рæсугъд,
Бæллы дæм, уарзы дæ мæ уд.

10

Уыди ныр бинонтæн сæ мæт -
Зейнап куыд амайдзæн йæ фидæн.
Хъæубæстæ удæн у дзæнæт,
Фæлæ йæм уырдæм уыд зын сидæн.
Хъæуы куыст, ахуыргæнæг – абар,
Фæлæ тæрхоны куыст – йæ фæнд.
Майдан – дæ зæрдæ ууыл ма дар,
Гæртамы хорзæхыл æууæнд.
Æнхъæлын, бирæты зæрдæтыл
Æмбæлдзæн ацы карз ныхас,
Фæлæ мæ цин мæнæн æндæртыл –
Зейнапæн цас æнтысти, цас.
Студент дæр рауад уый æнахуыр.
Йæ уд, йæ дзæцц уыди ныр ахуыр.

11

Фæци йæ ахуыр – рæстæг цыд.
Хуыздæр нысæнттæ, буц, рæвдыд
Уый райста ахуырæй æргом.
Ныр цу – æгас дуне дын гом.

Фæлæ дын дидинафон раст
Кæцæйдæр дудгæбон æркаст.
Йæ удмæ арвыцæф ныххызт,
Мах зонæм уыцы судзгæ рыст.
Нæ царды фембæлæм æваст
Кæддæрты не ‘ппætдæр йæ фæндæй
Ælгъæд фыдæнхъæлæй, дывæндæй,
Æдзух кæмæ уыди нæ каст.
Цы хъуыд чызджы зæрдæйæн уæд:
Кæнæ Султан, кæнæ – мæлæт!

12

Султанæн хосгæнæджы куыст
Йæ фыдæй баззад, амынд – мадæй.
Æгъдауыл хиуæттæм æнтыст.
Ныр дæр фæзынди кад ‘мæ радæй.
Роксанæ йе ‘мхæрæфырт уыд.
Зейнап – йæ хо дæр – уырдæм хуынд.
Ныр афæдз цыд йæ фырт Азатыл.
Хуынд уыд йæ дада дæр йæ кадыл.
Султанæн уый дæр уыд хæстæг.
Фæлæ мын уыйбæрц нæй рæстæг,
Цæмæй нæ фыдæлты æгъдау
Æвзарон æз, нæ сæм уыд фау.
Нæ уыд æвæччийаг сæ уарзт.
Цыма хъысмæты фæнд уыд раст.

13

Зейнапы фенгæйæ, Султан дæр
Йæ уарзты ахæст ныр уыди.
Кæд зæрдæ бахизын хъуыди –
Æмбæлы, къайджын уа уæздандæр,
Уæддæр. Æниу хæцыд йæхиуыл.
Нырма уал сусæг уыд йæ уарзт.
Цы судзгæ арт цыди йæ риуыл,
Зейнапæн раргомæй уый тарст.
Уыди ныр йе ‘нгасы дæлбар.

Æхсæв йæ цæстыл цъынд нæ хæцыд.
Йæ уæззау сагъæстæй фæлмæцыд.
Цы кæна, нæу йæ уд йæ бар,
Фæлæ æнæазым чызджы
Ныр цæсты бафтауын фæччы?

14

Султан уæд рахаста тæрхон –
Фыдæхсæв бакодта йæ кæнон.
Мæ уарзт уæларвон уа, зæххон,
Уæддæр ыл авд гуыдыр ныхгæнон.
Уæдмæ Зейнап йæ хомæ уад.
Æбæрæг уарзтæй зæрдæ тад –
Роксанæ сусæггаг ныр зоны.
Æмæ цы кæна, зæрдæ тоны.
Роксанæ хистæр уыд, æмбаргæ,
Йæ царды бавзæрста æппæт.
Зыдта уый, цæстæнгас æвзаргæ,
Лæгæн куыд айсафа йæ мæт.
Кæй уыди биноджын Султан,
Уый чызгæй бамбæхста уæздан…

15

Султанæй феппæлыд дзæвгар.
Йæ удыл уымæн арт æфтыдта.
Дæ зæрдæ ног фембæлдыл дар,
Зæгъгæ йæ уый ныфсæй рæвдыдта.
Йæ азым не ‘мбæрста нырма,
Æмбары химидæг цыма,
Фыдмæ йæ хорзæинад кæй кæны.
Фæлæ йæ зæрдæ ног æхгæны.
Мах зонæм, уарзты рис æгъатыр
Кæны мах хивæнд æмæ сонт,
Дæу сайы сæрсæфæнмæ зонд,
Цыфæнды фидар уай, хъæбатыр,
Нæ чызг Султаныл фембæлд ног,
Æмæ сын фемæхст уарзты ронг…

16

Уыдтой ныр арæхдæр кæрæдзи,
Зейнап фыр цинæй хурау худт.
Фыдуарзты судзгæ ‘рдын æркъæдз и,
Йæ фат ын айгæрста йæ уд.
Султан дæр чызджы уарзтæй тад,
Йæ раргомыл нæ кодта тагъд,
Фæлæ йæ зæгъинаг æмбæхста.
Сæ уарзт кæй рауади мæнг æхстау.
Уыд ноггуырд афтæмæй йæ фырт,
Фæлæ йын фергомæй уый тарст.
Уыди æнæнтысгæ йæ уарзт,
Сфыдзонд, нал æм уыд сдзырд.
Уæддæр йæ уд æмæ йæ цæст
Рæсугъд Зейнап уыди æрмæст.

17

Цæттæ уыд раттынмæ йæ цард
Æмæ йæ хъæздыгад æппæтæй,
Æрмæстдæр ма баззайа дард
Йæ уарзон рухс хуры æнгасæй.
Зæгъдзæн ныр йе ‘фсинæн æргом –
Уæззау у сусæггаг æргъом –
Дæуæй мæн бахъæудзæн фæхицæн,
Æрмæст нæй бинонтæй фæлидзæн…
Ныббар мын, бамынæг нæ уарзт.
Мæ уд æндæрæн ныр лæвæрд у.
Мæ фыртæн, зонын, уый æфхæрд у,
Фæлæ мæнæн уæддæр уæд барст.
Кæд искуы рахæта уыл цард,
Уæд уæм нæ уыдзынæн æз дард.

18

Гъе афтæ химидæг дзырдта,
Йæ фæнд та зæрдæйы æмбæхсти.
Адзал æй дугъонау сырдта,
Йæхи дзы байсынмæ нæ рæхсти.

Куыд зæгъа йе ‘фсинæн та ныр,
Йæ удыл ахæсты гуыдыр,
Йæ уарзт тыгъдызæйау æрцыди.
Йæ бон дзы ссæрибар нæ уыди.
Куы зонид йе ‘дых уды мæт
Зейнап, уæд бафтид ууыл сагъæс.
Дæ ныфс дæ уарзтыл тохмæ ма хæсс –
Хуыздæр у уый фæлтау мæлæт.
Кæм уыд адзалы фæнд дæр хорз,
Фæлæ æндæр нæ ардта хос.

19

Гъе афтæ тухæнтæ æвзæрста,
Лæууыди дурдзыртау æдзæм.
Йæ уарзт æвæстаг у – æмбæрста.
Йæ туг йæ дадзинты ныццæм.
Уыди хъысмæты раз ныфссаст.
Æмæ Зейнапы судзгæ уарзт
Бæлвырд, æгадмæ уый æртардта.
Фæндаг йæ амондмæ нæ ардта.
Фыццаг хатт бахауди йæ уд,
Æдзæрæг уацары, дывæнды.
Ныгъуылы сагъæсы гуылфæнты.
Бырсынц йæ хъуыдытæ – æнуд.
Цæуыл уыд тынгдæр та йæ маст –
Нæ уыдзæн а-рæдыдæн барст.

20

Йæ фæндыл фидар ныр лæууыд.
Нæ иста уый йæхимæ азым.
Ныссааста намыс æмæ цыт.
Йæ уарзт – цы уыд æгъдау йæ разы!
Фæлæ Зейнап цы зæгъдзæн ныр,
Йæ фарстæн дзуапп куы уа цыбыр,
Куы ‘рлæууа афтæмæй йæ разы.
Султанимæ уыдзæн уый разы?
Бæргæ, йæ иу мастыл хъæцид,

Фæлæ йæ усы маст дæр домы:
Йæ уд гадзрахатмæ кæм комы.
Куыд зæгъа ныр: «Нæ уарзт фæци»?
Фæлæ фæсидт Зейнапмæ цырд,
Ныр сæм æргом ныхас æрцыд.

21

Зейнап цæф сæгуытау фæсæццæ,
Фæцудыдта, йæ хуыз фæцыд:
"Мæ удæн карз тæрхон æрхæццæ,
Фæлæ нын тас æххуыс кæд уыд?!
Хуыцауæй ды мæнæн лæвар дæ,
Куы базыдтаин хъуыддаг раздæр,
Уæддæр ды уыдаис мæ мæт,
Султан, схæсдзынæн æппæт.
Æз демæ иу фембæлд æрмæст
Хъысмæты хорзæхыл нымайын.
Кæд уымæн бантыст мæн фæсайын,
Уæддæр мæ цард дæуæй æххæст.
Цæй, ма дар азымы дæ уды,
Дæ артдзæст ма бауадз фæцудын.

22

Æз царды тох æмбарын раст,
Æгад нæ агурын мæхицæн,
Дæумæ ныр къаддæр нæу мæ уарзт,
Фæлæ нæ бахъæудзæн фæхицæн".
«Дыууæйæн уарзтæй нæй фæлидзæн.
Ныр цард мæныл йæ зæрдæ сивдзæн,
Мæ цæст куынæуал фена дæу,
Зейнап, уый дзуринаг дæр нæу».
«Мæ уарзон, у дæ ныхас раст,
Фæлæ куы ссарæм иумæ амонд,
Уæддæр уыдзæн нæ зæрдæ саст,
Уыдзæн дзырдæппарæн нæ раконд.
Цыфæнды махæн уа æнтыст,
Уæддæр фыдракæндыл у фыст.

23

Дæумæ Хуыцаы ‘ууæнк уыдтон.
Хъысмæты ‘фхæрд мæхимæ исын.
Уыдзæн мæ фæндаг ныр зындон,
Фæлæ дзы æз мæхи нæ хизын.
Султан, æрбайхъус-ма мæм, курын,
Дæуæн, мæ хур, æргомæй дзурын:
Кæсыс, куыд рахæцыд мæ гуыр,
Æз цæсты бахаудзынæн ныр.
Ныр нал и ме ‘гадæн æмбæхсæн,
Æмæ дзы баззай ды æвыд,
Ды ферох кæн, æппæт, цы уыд –
Кæд амонд арынмæ нæ рæхсæм.
Роксанæ нын æрмæст æвдисæн
Æмæ ныл уый йæ къух нæ сисдзæн...»

24

Султан ын ахъæбысмæ хъавыд,
Йæ былалгъ уыд ныфсы ныхас,
Фæлæ йæм чызг æвдыста сау фыд,
Лæууыд йæ зын фидæны раз.
"Зæгъын дын, ма дæ фæуæд рох –
Цы у хъысмæтимæ нæ тох –
Зындойнаг уон æви дзæнæттаг,
Нæ хъæбул – уый у ныр нæ мæтаг.
Дæ номыл райгуырæд фæрнæй.
Дæуыл уыдзæн мæ зæрдæ баст.
Мæхимæ райсдзынæн нæ маст,
Уæддæр нын иумæ цæрæн нæй.
Дæхи мæ айс – уый у дæ бон,
Уыдзæн мæ удæн дæр æнцон.

25

Мæ хæлар, курын, ратт мын дзырд,
Кæй нæ зилдзынæ ды мæ фæдыл.
Æнæнхъæлæджы кæд æрцыд
Нæ фембæлд, – ма нымай æфхæрдыл –

Мæхи дыл тигъ кæндзынæн уæд,
Фæлæ нæ хъæбул у мæ мæт.
Султан, ды зон, мæ уарзт æрмæст
Гъе уымæн бауарздзæн мæ цæст.
Æниу, мæ рыстæн нæй фæсурæн.
Дæ хуызæн чи уыдзæн мæнæн.
Мæ уарзт фæсайон – нæй гæнæн.
Æнæ дæу амондæн нæй курæн.
Сæттын ыл, риссаг у мæ рын,
Уæддæр дæ уарзтыл ард хæрын.

26

Мæгуыræй ма тæрс ды мæнæн.
Æрмæст уынон дæуæн дæ амонд.
Ныфсæн нæ риуы нæй мæлæн,
Фæлæ нæ бæллиц мард у абон.
Султан, ныр цу, дæ уд дæ бар у.
Мæ удæн йе стырдæр лæвар у,
Дæ сæр куы хæссай ды бæрзонд.
Мæ сæрыл ма ‘рхæсс ды нывонд.
Дæуæй сæрыстыр дæн, мæ хур,
Дæхицæн рухсдæр амонд кур,
Æмæ дæ ма уынон сæркъулæй.
Кæд нæ, уæд мадæй уа, хъæбулæй –
Нырма мæм уыйбæрц хъару ис –
Мæлæт нæ хос, æмæ фæцис!»

27

«Зейнап, мæнмæ нæ хауы азым,
Æз ахæм хорзæхмæ бæллын:
Дæу афтæ судзгæ уарзтæй уарзын –
Мæнæн æнцон уыдзæн мæлын.
Зæгъ-ма, цы хъом мын у мæлæт!
Ды дæ мæ рыст зæрдæйы мæт.
Æрмæст дзы бахизон дæ уды.
Цымæ нæ дунейы æнуды
Лæджы фырт ахæм ис, æниу,

Кæй бар у мæн дæуæй фæхицæн?
Нæ курын ног амонд мæхицæн,
Цæмæй нæ хъысмæт ма уа иу –
Нæ, нæ, нæ уыдзæн уый, Зейнап!
Æви нæ дзырды нал и апп!»

28

«Султан, дæ мæт мæныл ныууадз.
Мах ног нæ кæндзыстæм тæрхæттæ.
Мæ зынтæм иунæгæй – мæ балц,
Хæсдзынæн иунæгæй æргъæмттæ.
Фæлхат нæ кæндзынæн мæ фæнд,
Фæлæ мæ уд мæ бар фæуæд.
Хæрзбон, ныр мах хъæуы фæхицæн…
Зынтæ кæй бафæнддзæн йæхицæн,
Фæлæ мæ сæрвæлтау нывонд
Дæ уды аргъæй æз нæ исын –
Æз тынгдæр уыцы фæндæй риссын!
Уæдæ мæ фæнд мæнæн у конд.
Æмæ дæ кæд хъæуы мæ цард –
Дæхи мæ айс, фæцу мæ дард!»

29

Уæд бæстæ баталынг Султаныл.
Зыдта сылгоймаджы тæсзонд.
Гуырдзæй хъæбатыр ‘мæ уæзданыл
Фæтых ныр уарзæг удыконд.
Сæртæг у хохаг чызг, æмбары,
Хъæуы цæуын, йæ зæрдыл дары,
Кæннод куы скæна уый фыдвæнд,
Фыдæлгъыст сæххæст уыдзæн уæд.
Цы у нæ уды тох дæр уæд!
Кæд уый æндæры удыл баст у,
Йæ ныфс йæ сусæггагæй саст у…
Быхсдзæни, афтæ уал фæуæд.
Гъе ууыл ахицæн, æмæ
Дæ фыдгул ныр цæуæд хъæмæ!

30

Нæ уды хæст – фыддæр нæ фæндтæй –
Зейнап дæр саст хæстон уыди.
Цæрæн ын нал уыд ныр æфсæнттæй –
Йæ уæнг ыл комдзогæй цыди…
Уый федта мад – фæдис фæцыди!
Æнцой йæ хойæн дæр кæм уыди,
Æмæ дзырдтой: «Мælæт æрмæст
Æгадæн бауарздзæн нæ цæст!
Кæд нал и байуарæн хæзгулæй,
Æрцæуæд не ‘хсæнæй уæд тард!
Цы у дзырддагæй ныр нæ цард!»
Зейнап, мæгуыр, лæууыд сæркъулæй.
Йæ бон ысдзурын дæр нæ уыд.
Уæдмæ йæм уад Роксанæ цырд.

31

«Роксанæ, радзур-ма рæстагæй,
Нæ чызг кæм номхæссæн фæци?»
«Кæйдæр, æнхъæлдæн, уарзта рагæй…
Æфхæрд ыл ма ‘руадзæм, гыцци!
Фæлтау ныффæразæм зын сахат,
Æгъгъæд ын амонды гадзрахат.
Йæ маст иппæрд удæн – æгæр.
Цы у уæ хыл æмæ уæ хъæр!»
Фæлæ, цæвиттон, фесты сонт.
Рæдыдæн уыд сæ тæрхон – хъоды,
Гъе стæй фæхицæн кæной хоты,
Сæ фæнд – æгъатыр – фесты конд:
«Куыд ис æгадимæ фæцæрæн?!
Фæцу, сæрфат скæн дæ сæрæн!»

32

«Уæдæ Зейнап ныр уæд мæ бар.
Адзал нæ бауадздзынæн уымæ.
Хуыцау, сæ азым сын ныббар!
Цæуæм сæумæрайсом Мæскуымæ!»

Зейнап дæр уыд йæ фæндыл разы.
Хъысмæты цæф хъуыди фæразын.
Ныр ын фæстæ фæлæууæн нæй –
Йæ хъæбул рантыса фæрнæй.
Фæлæ фæндаггагæй у афтид.
Мæскуыйы чи хъæцы дæумæ!
Лæг та ныфсæй цæры, æмæ,
Кæд та йæ хойы фæрцы афтид.
Сты хæлардзинадæй баст.
Уæдæ цæугæ – сæ фæндаг раст!

33

Мæскуы! Гъе ам кæуынтæй нæу!
Гъе ам – дæ хъару ‘мæ дæхæдæг!
Гъе ам æрæййафдзысты дæу
Æххормаг, уазал æмæ ‘рхæндæг.
Ам афтæ сфæлахс уыдзæн лæг,
Йæ кадæй нал уыдзæн бæрæг,
Йæ уд æрдуйыл ам хæцдзæн,
Йæ цард æм ингæнау кæсдзæн.
Фæлæ схызтæ уым бæрзонд,
Дæ хай – æвидигæ бæркæдтæ,
Дæ бар – æнæфысгæ закъæттæ.
Æмæ цы давы уæд дæ зонд!
Ам мулкджынтæн сæ ном нæры,
Мæгуыр- куыдзы къæбæр хæры.

34

Ис ахæм хъулæттæ нæ бæстыл:
Мæскуы та – тохы быдыр раст.
Кæмæн дзы ‘рхæцæг нæй йæ цæстыл,
Кæмæн та – арвмæ фæндаг раст.
Хæрзуды ам æррайæ тонынц,
Мæгуыры фарстæн дзуапп нæ зонынц.
Ам кафгæ, заргæйæ цæрынц,
Мæгуыры хъулонæй хæрынц.
Камчаткæ та! Уый былмæ ‘ртарди.

Уым донæй, рухсæй хъуаг сты.
Фæсарæн басгуыхт ам куысты…
Ныр ма сæ дзойæ уым цæй цард и!
Нæ тыхæн не ссардтой амал –
Уæд удты байтыдтой адзал!

35

Мæскуы – уæддæр нæ уд, нæ цæст!
Зейнап дæр ныр уыди йæ уазæг.
Ныр уыд йæ ивгъуыдæй иртæст.
Уæд ма уыдыстæм адæм уарзæг.
Уæд ма нæ дугæй зæрдæ ради –
Нæма ныл рахатт демократи.
Нæ исæй н‘ агуырдтой хæйттæ
Нæ хастой фирмæтæ хæлттæ.
«Алиса», «Селенг», «МММ».
Æхцатæ сайджытæ нæма уыд.
Сæдæгай партитæ нæма гуырд.
Сæ куыст – æцæгælон хуымы.
Нæма уыд дзыллæты змæлд,
Сæ цард – тæссаг, сæ хъуыды – хæлд.

36

Ныр у æрлидзджытæн æмбæхсæн.
Сæ цардæн арынц уым амал.
Нымæц куы нал вæййы сæ хæстæн,
Сæ фæдыл зилы уæд адзал.
Ныр ногæй сайын у сæ куыст.
Фæлæ сæ уаг сæ ныхыл – фыст.
Æрхастой рагон ахуыр ардæм,
Фæлæ сæ дардмæ лидзынц адæм.
Фæсмон сæм не ‘взæры бынтон.
Куырмæджы ‘рвитынц уым сæ рæстæг,
Сæ уд фæдзæгъæл и, фæхъæстæ,
Сæ цардæй сарæзтой зындон.
Сæ фылдæр не ссары хæдзар,
Сæ кæрон – ахæстоны тар.

37

Куы уаид хорз намысæн аргъ,
Сæ цард нæ уаид уæд дывæндаг.
Нæ хæссиккой æфстæутты уаргъ.
Ныр та Монакомæ – сæ фæндаг.
Уым басастай æфстауы ард,
Уæд уыцы бон фæци дæ цард.
Уым нæй цæрæн кæйдæр бæркадæй.
Мæлæт сæм у хуыздæр æгадæй.
Уым намыс – ахæмтæй бæрæг.
Цæуы æгады ныхмæ хæст.
Тæрхон сын ма скæной æрмæст –
Фæкæс, мæ былæй атахт лæг.
Фæлæ ам, не ‘хсæн, ис æндæртæ:
Сæ уд – гæвзыкк, бæрзонд – сæ сæртæ!

38

Зейнапмæ уыцы ‘гъдау нæ уыд,
Æфстæуттæ адæмæй нæ дардта.
Кæд дард йæ хæдзарæй фæцыд,
Уæддæр æгадæн ком нæ радта.
Йæ хъæбул рæзыди æвыдæй,
Хæларæй, уарзонæй, рæвдыдæй.
Нæ зыдта мад æнцой йæ куысты.
Фыдадæм гадзрахат кæм сты,
Йе уым æдзух уырдыг лæууыд.
Йæ уд йæ армы дзыхъхъы дардта.
Йæ рæвдыд дурзæрдæтæм хъардта.
Æхсæв уа, бон – æххуысмæ цырд.
Фæллад ын никуы уыд æфсон,
Йæ удæн хорз кæнын – æхцон.

39

Султан зæрдæдзурынæй рафтыд:
Зейнапыл нал хæцыд йæ цæст.
Мах фенæм аргъæутты æрмæст,
Куыд судзы уарзаг уды уал фыд.

Цæуа йæм – фадат ын нæ ардта,
Йæхи уæд худинагмæ тардта,
Хъуыди йæ басæттын йæ ард.
Фæлтау æмбæхста уды арт.
Роксанæ уыд йæ ныфс æрмæстдæр,
Æмæ йæм уазæгуаты цыд.
Йæ хойæ-иу æнхъæлцау уыд –
Зæгъа йын, – цас уыдзæн æмбæхст дæр! –
Цы зоны уарзонæй – æппæт.
Йæ фæнд уый рахæсдзæни уæд.

40

Фæлæ йæ хо йæ дзырд нæ саста:
«Нæ дæн сæ уынæг дæр цæстæй.
Фæлæ мæм кæд æрхауди уый бар,
Уæд дын зæгъдзынæн æз рæстæй:
Нæ кæсы хорз мæнмæ дæ фæнд –
Рыст удæн агурай йæ фæд.
Бæлвырд, фæцыд Мæскуыйæ раджы.
Æз уый æрыхъуыстон сæйраджы»…
Фæлæ Султан уæддæр кæм засти.
Æфсон æрбаймысыд хуыздæр:
«Цы ‘рцыд, уый дзурдзынæн æз дæр!..»
Æмæ Роксанæ уæд фæтарсти,
Нæ уыди уыдæттæн æнхъæл…
‘Мæ радта сусæггаг дæгъæл.

41

Ныр у æртæаздзыд йæ фырт.
Хъысмæт ын уыцы амонд радта.
Дæ зæрдæ – де ‘вдисæн, йæ фыд…
Дæуыл æнувыд у йæ мад та.
Зынаргъ у уарзты фæдыл уац.
Ныр æй Хуыцауы бар ныууадз.
Йæ къух нæма систа йæ дзырдыл.
Бæргæ, йæ мæт уыди йæ фыртыл,
Фæлæ ды дæр нæ фæдæ рох.

Дæ фæлгонц у йæ мæт, йæ кой,
Нæ ары зæрдæйæн æнцой.
Æрцарди сонт уды фыдох.
Фæлæ фæлмаст уды рæдыдæй
Уый ног куы басудза дæ фыдæй.

42

Æмæ дæм уымæй хатын æз.
Æруарз дæ райгуырæн хæдзар.
Æгадмæ мауал ратт дæ бар.
Фæсмон Хуыцауы раз æрхæсс».
«Кæнын Хуыцауы раз æз сомы –
Мæ уд æм бахæстæг нæ комы.
Æрмæст мын уыцы фадат радт,
Æрцæуа ме ‘ххуысæн йæ рад.
Æрмæст, æрхæца йыл мæ цæст.
Фылдæр нæ агурын, зæххыстæн.
Æз ууыл фембæлдæй сæрхызт дæн –
Уыдзынæн йе ‘нгасæй æмбæхст…»
«Уæууай, дæуыл дæр у мæ сагъæс…
Ныр цу Мæскуымæ, фарн сын ахæсс!»

43

Зейнап уым бавзæрста фыдзынтæ.
Кæм хæцы лидзæгыл та цард!
Мæгуыр та буц вæййы йæ фынтæй.
Уæвгæ, хъысмæты дзойæ тард.
Хъуыддæгтæ ‘взарæгæй куыста.
Æддзаума хатæнæн фыста.
Йæ фыртæн сабидоны фарст та –
Йæ хицау барджын уыд – скарста.
Гъе афтæ бонæддæйæ цард.
Йæ фыртыл ма лæууыд йæ зæрдæ.
Йæ ныфс уыди – вæййы фыддæртæ, –
Фæлæ йыл сагъуыди æнкъард.
Æмæ йæ бæллиц та, мæ хур,
Уыди Султан, цыфæнды дзур!

44

Султан лæууыд æдзух йæ зæрдыл,
Йæ сæнтты уый номмæ дзырдта.
Йæ мæт йæ ивгъуыды æфхæрдыл
Ныр дард йæ зæрдæйæ сырдта.
Кæддæр йæ рухс бæллиц фæмæнг,
Фæлæ зæнджы магъз у зæнæг.
Йæ зынтæн уый цинæй фæрæзта.
Мæгуыр, иппæрд – йæ маст æмбæхста.
Йæ фырт та рæзыди фæрнæй.
Гуырдзæй уый рахаста тæлфаг
Æмæ уæлтæмæны тæваг.
Хæдзонд, Хуыцауы хорз фæндæй.
Æмæ дзы мад ныфсджын уыди.
Йæ цард æм ирд хурау зынди.

45

Хуыцаубон – удæнцойы бон.
Зейнап æд саби уынгмæ рафтыд.
Сæ сæрмæ нæзыйыл уæндон
Зыдæй цæуылдæр халон бафтыд.
«Гыцци, схизон æм хæрдмæ?» –
Зæгъы йæ фырт, фæлæ уæдмæ,
Фæци уый хæрд, йæхи æруагъта:
«Хъа-хъа!» – йæ базыртæ сцагъта.
Зейнап йæ хъæбулæн фæтарст,
Фæхæст ыл, акасти фæйнæрдæм.
Нæй, ничи – бамæгуыр йæ зæрдæ.
Фæстæмæ алæууыд æваст.
Кæсы, ‘мæ кæрдæджы тыхтæй
Хызын… Нывнæлдта йæм рыгъдæй.

46

Хъуыди ныр тагъд кæнын хъæмæ,
Кæд уавæр афтæ ныр æркуырдта.
Йæ тыхтон хæдзары æруыдта,
Уый федта диссæгтæ, æмæ…

«Хъæуы фæдзурын», – зонд скарста,
Фæлæ йын тас йæ уæнгтæ сбаста.
«Кæуыл ис бауудæн?» – дзырдта,
Йæхицæй уыцы фæнд сырдта.
Æхца йæ тыхтоны уыди,
Зынаргъ фæлындзæнтæ ызгъæрæй.
Фæлæ йæхимид тарст фыддæрæй…
Фæлтау æй басусæг хъуыди…
Йæ къухы ныр цæхæртæ калынц
Зæрин æмбисмæй æмæ стъалы.

47

Мæгуырæй чи ‘рвыста йæ цард,
Уый ныр хуыздæр сæрфат ссардта.
Уыд рох, æнæнымад, æнкъард,
Ныр та йæ сæр сæрмæ æрдардта.
Уыди йæ армы дæр бæркад.
Йæ хæрдзтæ амыдта æнцад.
Йæ фæнд ныййарæгæн – дæрддыл,
Æмæ нæ тагъд кодта хæрдзтыл.
Фæлæ куы рацыд афæдз, уæд
Йæ уæлæ – дарæсы хуыздæртæ.
Йæ фырты размæцыд – йæ фæнд,
Æппæтæй барухс и йæ зæрдæ:
Хуыздæр скъолайы – йæ фырт,
Уæд мад дæр ахуырмæ фæцырд.

48

Султаны зæрдæмæ ныккæс,
Уæд риуы рухсы цъыртт нæ сыгъди.
Хъæбулы уарзт уым хаста рæз –
Кæддæр дзы уый дæр дард фæлыгъди.
Йæ фынты агуырдта йæ фæд,
Сыгъта йæ сидзæр уды мæт:
Кæд уый æвæгæсæг, æнкъард –
Æрвиты сидзæрæй йæ цард.
Тыхджын у фыццаг гуырды уарзт.

Кæй фæнды фехалын йæ цард дæр,
Куы уаид цард йæ уагыл дарддæр…
Фæлæ Зейнапыл зæрдæ – баст.
Сæтты йæ бинонты раз дзырд –
Цы зæгъдзæн фидæны йæ фырт?

49

Хасан йæ удæн уыд зынаргъ.
Фыды уарзт зæрдæйы нуæрст у.
Фæлæ йæ сусæг уарзты аргъ
Нырма æддагæттæй æмбæхст у.
Æууæндыд, фидæны йæ фырт
Уыдзæни хорз æгъдаумæ цырд.
Скæндзæн афоныл хæдзар,
Уыдзæн йæ амонд дæр йæ бар.
Нæ уыдзæн йе ‘мкъай дæр уæд рох.
Кæд ныр уыдзæн сæ фæндаг хицæн, –
Кæдæм ис ивгъуыдæй фæлидзæн –
Уæддæр кæм кæндзæн йемæ тох.
Фæлæ Зейнап – йæ уд, йæ цæст,
Йæ фидæн – уыимæ æрмæст…

50

Гъе уымæй фынддæсæм аз цыд.
Скодта сæфты дуг нæ бæстыл.
Æфтыдтой адæмы уæд цырд
Нæ Цæдис фехалынмæ хæстыл.
Мæскуыйы архайдтой «чыртæй».
Сæ уаг – æгъатырдæр сырдтæй.
Ныр сæфт уыд фæтк æмæ æгъдау.
Сæ ныхас – загъд, сæ фæндтæ – сау.
Нæ фæци дуджы цыд рæстмæ,
Нæ исыл судзгæ арт æфтыдтой.
Рæстæвзар дзыллæтæ нæ зыдтой,
Кæдæм, кæмæ цæуой хъæстмæ.
Æмбæрстой дугивæны фыд.
Сæ ныфс æрмæст компарти уыд.

51

Зейнап уыд рагæй дæр сæрхызт
Бæсты æнкъуыстытæ, фыдвæндтæй.
Фæлæ хъысмæт – нæ ныхыл фыст,
Йе уый мах базонæм нысæнттæй.
Уæд федта иу дужы йæ цæст
Æхсæнгарз – фæстæрхæг æмбæхст.
Гъе уый та фарнхæссæг кæд уыд!
Ныр ма фыдбылызæн цы хъуыд…
Æниу æй райста кæд læварæн?
Хъæбысхæстæй йын нæй æмбал,
Æмæ æдзух вæййы фæсарæн.
Æнæууæнк та кæд уыд амал!
Цыма æнахъом уыд йæ фырт,
Йæ бар йæ хъуыдытыл нæ цыд…

52

Фæлæ фæбæрæг и фæстагмæ
Йæ аргъ ссарæггагæн циу.
Зейнап куы ‘ркаст йæ фырты уагмæ,
Ссыгъди мастæй уæд йæ риу.
Зæххыл йæ мастæн хос нæ уыд.
Йæ фырт кæм хæтыди, кæм цыд,
Уый ацы фарстæн дзуапп нæ ардта,
Цыма йæ арвы цæф æртардта!
Йæ зæрдæ бабæллыд æваст –
Хъæмæ дæ уарзонмæ фæлидз.
Уый уыд йæ сусæггаг бæллиц.
Йе уым дзы рох уаид йæ маст…
Уæдмæ йæм ахæм уац æрхастой:
«Дæ фырт Хасаны дын æрцахстой»!

53

Фыдуац хæсджытæм уыд гæххæтт –
Сгæрстой алы къуым бæстон.
Зейнап та мастæй уыд ælгъæд,
Фæлæ, мæгуыр, цы уыд йæ бон?!

Сæ куыст æвæстиаг нæ уыд.
Ныффыстой гæххæтты, цы хъуыд.
Ссардтой дæластæрд ныгæд
Нæмыг, хæцæнгарзæй æппæт.
Зейнап ставд сыгæй куыдта.
Зыдта, ныр хъуыддæгтыл цы баст и,
Йæ фыртмæ рухс фидæн нæ кастн.
Уыдзæн ын карз тæрхон – зыдта.
Фæлæ йæм тæрхондон æркаст,
Æмæ фæстагмæ рауад раст.

54

Йæ цинæн ма кæрон кæм уыди:
Йæ куывд ын фехъуыста Хуыцау.
Фæрнæй йæ иунæг фырт æрцыди!
(Хъысмæт дзы бамбæхста фыдцау).
Зынаргъ куыннæ у мадæн фырт!
Йæ зæрдæ узæлынмæ цырд,
Фæлæ дызæрдыгæн – æхгæд.
Хасан – рæстдзинадæй ælхæд –
Бæллыд æрыздæхынмæ ногæй,
Цæмæй лæгмартæн уа æмбал.
Йæ ныфс – тыхæйисджыты бал.
Æхца æфтыд сæ къухы рогæй.
Мыййаг, куы нæ рысти сæ зæрдæ,
Кæй мæлынц тухæнæй æндæртæ.

55

Зейнап нæма æмбæрста цард,
Æмæ цы ахъаз уыд йæ ахуыр.
Йæ дуг – лæгæвзарæн, мæнгард,
Бæстыл мæнгдзинад æмæ хахуыр.
Рæстдзинад дзыллæтæм – æгад.
Уæд адæм нал зыдтой йæ ад.
Уыди Зейнапæн та йæ туджы.
Зыдтон ма ахæмты йæ дуджы,
Кæй кодта залым дуг тæрсын.

Ænахуыр «ног уырыссаг» лæгтæ,
Мæгуыртæ, гарзифтонг фæтæгтæ.
Гъе стæй цæрын кæмæн уыд зын.
Уыдис уæд бонджынтæн æппæт,
Мæгуыртæн та сæ уд – сæ мæт.

56

Уæд иухатт саст хъæлæсæй дзуры
Бæлвырд, æххуысæнхъæл Хасан:
«Æз ам бæргæ бадын дæ цуры,
Фæлæ мæ бадт уыдзæн зиан…
Лæвæрд мын иу мæйы æмгъуыд.
Мæ рацыд ахæстæй цы уыд,
Уый амы барджынтæ нæ зонынц.
Уæйгæнæг уый тыххæй мæн хонынц.
Ныр зилынц уый тыххæй мæ фæдыл.
Мæ ныхмæ агурынц æфсон.
Дæуæн, уый зонын, нæу æнцон,
Фæлæ дзырд сты ныр фыдвæндыл.
Хъæуы цæуын, мæ цард мæ суры,
Кæннод мæ мардзысты дæ цуры.

57

Æз ног æрцæрдзынæн Кавказы,
Æмæ уыдзæн мæ уд мæ бар.
Æниу, мæ хъысмæтыл дæн разы.
Ды мын мæ сонт рæдыд ныббар.
Зынаргъдæр удæй у сæрибар.
Мæхи сæ дардзынæн ныр хибар.
Кæй бон у, расида сын хæст!
Мæ бар фæлидзын у æрмæст.
Зейнапыл атыхсти уæд тас:
Зын у æваст æппæт ныууадзын,
Цæуын та рох ивгъуыдмæ балцы.
Йæ дзыхæй нал хауди ныхас.
Ныууагъта стыр сахар æваст,
Æмæ зын фæндагыл фæраст.

58

Хасаны агуырдтой æфсадмæ.
Æрлидзæг – чи дыл ис хæцæг.
Лыгъди мæскуыйæгтæй та дардмæ.
Сæрфат йæхицæн уыд, æцæг.
Фæлæ Фыдыбæстæ йæм сидт.
Бæргæ ма буц цардæй цæрид,
Бæргæ уыд «Топман» фирмæ хорз,
Фæлæ цырыхъхъытæ – йæ хос.
Æфсады Цæцæны зæххыл
Хæлæрттæ н‘ агуырдта йæхицæн,
Фæцарди хицæуттæм æмхицæй.
Нæ вæййынц ахæмтимæ хыл…
Зыдта дзаджджын рæтты цæуын.
Æрхаста уырдыгæй дæр «хуын».

59

Ныр ма йæхи хуызæн кæм уыди!
Нæрыд æгас комы йæ ном.
Æгъдауыл дзурын дæр нæ хъуыди.
Æппæтмæ – рæвдз æмæ дзырдхъом.
Йæ хæдзар – галуанау дæрддыл.
Йæ мидæг цард хæцыд цæрдтыл.
Зынаргъ дур астæрдыл æвæрд –
Сæ уæлæ, хъавгæйæ, лæгæрд.
Æххуырстытæ дзы цас уыд, цас!
Уырдыг лæууыдысты æдзух.
Сæ хицау ницæмæй уыд цух.
Æрмæст дзы Пельшейæ уыд тас.
Уæд иухатт галуанмæ æрбазылд
Сау «Мерседес», уый Пельше разынд.

60

Йæ хуыз æрвнæрæгау тызмæг.
Йæ размæ хъахъхъæнджытæ – цырд.
Гъе стæй та – хъазæнхъул, фæзмæг.
Уый а хæдзармæ ‘лхæд æрцыд.

Уæд хицау бацавта йæ шуты,
Йæхæдæг хивæрсонæй худы.
Йæхицæй буц уыди, бæлвырд.
Уæд шут та куыдздонмæ фæцырд.
Уым бамбæхст, уырдыгæй ма хъуыст
Цыма кæмæдæр сидт йæ номæй,
Йе стæй ælгъыста уый æргомæй –
Вæййынц йе ахæмтæ фæлдыст…
Уый арæх кусджытæн æппæлыд,
Хасан йæ хæлармæ куыд бæллыд.

61

«Мæн тыххæй бафыста дзæвгар,
Цæмæй æз худон æмæ хъазон,
Сæумæйæ сыстын уа мæ бар
Æмæ йæ ирхæфсын фæразон».
Фæлæ нæ барста уый æфхæрд.
Уыдис йæ зæрдæйы æвæрд –
Ныфсджын йæ фæрныг фарсхæцæгæй.
Æмæ йæ хъахъхъæдта æцæгæй.
Фæлæ уæддæр уыди æгад.
Ælгъаг уыд кусджытæн сæ цæсты.
Æмæ-иу семæ бацыд хæсты.
Бæргæ-иу æм æмбæлди над,
Фæлæ -иу карз ностмæ фæцырд.
Йе стæй-иу хуыссæнмæ фæцыд.

62

Фæзмæг цы койаг у æниу,
Æмæ уал уый фæуадзæм иуварс.
Æмæ йæ къорд Хасанæн циу,
Ныр уал цымыдисаг у уый фарст.
Мартын, Стæгдар, Хоргалм, Тит –
Цæттæ, æрмæст сæм ды фæсид.
Цæуынц Хасаны фæд цыппарæй.
Сæ бодзы хъахъхъæнынц адзалæй.
Кæд исчи бауæнды къæйныхæй

Хасанмæ баппарын ныхас,
Уæд уыдон мастисæн æнгас
Фæсуры иуварс уый æдыхæй.
Цæмæй æндæртæ дæр æмбарой,
Сæхи Хасанæй иуварс дарой.

63

Стæгдар – сау тыхæй ифтонг.
Уыд фондз ‘мæ ссæдзаздзыд æгасæй.
Йæ къаймæ дардта хъил йæ цонг –
Цæрын нæ уагъта уый æдасæй…
Фæбадти ахæсты, æрцыд.
Хæрын нæ «сабийы» ныр хъуыд.
Хасан чысылæй йемæ рæзт.
Йæ тыхыл рывæрдта йæ цæст.
Йæхимæ йе ‘мбалы фæхуыдта.
Æхца, хæдтулгæ, алцы – фаг.
Рæсугъд Сабинæ – уды равг…
Нырмæ та цардæй уый цы уыдта!
Фæлæ нæма зыдта, мæгуыр,
Цы сайы кæсагæн æнгуыр.

64

Мартын Хасанимæ уыд рагæй.
Кæддæр æнгуырстуан уыд йæ куыст.
Бæрæг – йæ хин æмæ фыдуагæй,
Уыди йæ фыдном дардыл хъуыст.
Æдзух – быцæу æмæ лæбурæн,
Æгъдауыл ахæмтæм нæй дзурæн.
Фæлæ лæг марын кæд хъуыди,
Уæд уый æнæзивæг цыди…
Йæхæдæг уыд æрдзæй тæппуд,
Йæ туджы афтæмæй – лæгмарын,
Æппæт йæхи барæнæй барын.
Фыдæхы уацары – йæ уд.
Æмæ лæгмæ ныр фарст æвзæры:
Цы ратты а зæхмæ æвзæры?

65

Цъаммардæр а зæххыл нæ уыди.
У ахæм дзыллæмæ æгад.
Йæ ном ма адæймаг цы хуынди,
Æндæр ын сырдтимæ – бынат.
Уындæй дæр Хоргалм уыд æгасæй.
Мартыны н‘ ауагъта йæ разæй:
Раст уыйау йе ‘рфгуытæ – ælхынцъ.
Йæ туг – хъæстæ, йæ фæкаст – сындз.
Фыдæх йæ цауд удмæ фæцагъуыд.
Йæ ныхас кардыцæфау – раст,
Лæгдзарм æм ницæйагау каст.
Цыма æндæрты цард йæ бар уыд.
Йе уыцы азымтæ йæ ‘рцардтой –
Хасанимæ кæрæдзи ссардтой.

66

Уæд цыппæрæм та Тит хуынди.
Фыдæхæй се ‘ппæтæй фыддæр.
Дуне йæ бар цыма уыди.
Йæ дзырдмæ чи уæндыд дзырд дæр.
Хасанмæ чи уыди хæстæг,
Тæссаг уыд уыдонæн æцæг.
Æмæ дзы сау тарытæ кодтой.
Йæ ныхмæ сдзур, дæ сæр уæд додой!
Уыди хæстæг йæ бодзмæ Бур,
Фæлæ йыл Тит йæ тых æвзæрста.
Йæ ныхы носæй лæг æмбæрста –
Кæддæр æруад йæ ныхыл дур.
Хасан сыл хицæнтæй хъæцыд.
Йæ бартыл афтæмæй хæцыд.

67

Æндæр сæм чи уыди дзырдхъом!
Уæвгæй, йæ бон ныккала дуг!
Уæззау уыд се ‘гады æргъом,
Уæддæр хъæстæ уыди сæ туг.

Кæм уыд æнæрæдыд сæ цард.
Æгъатырæй уыдысты тард.
Фæцудай сонтæй, йе хæдбарæй,
Уæддæр сæ чи фарста сæ карæй.
Æмæ йæм чи уыди уæд дзурæг,
Кæй бон уыд, ракæна дзы хъаст.
Уæд Тит фæзындадид æваст –
Уысммæ сраст уыдаид сурæг.
Нæ уыд фæцæрæн уым ныфсхастæн.
Бын бауа залымы дуг, уастæн!

68

Хасаны ахæсты дæлбарæй
Рæсугъд Зейнап кæм уыд ирвæзт.
Зыдта йæ фырты Бур цагъарæй -
Æдзух æм дары уый йæ цæст.
Ныр ыл дыууиссæдз азы ацыд,
Фæлæ нæ дунейыл нæма ‘рцыд
Æмбал нæ рæсугъдæн нырма.
Фæлæ дзы рох уыд цард, цыма.
Уыди æрхуым æмæ æнкъард.
Ærвыста иунæгæй йæ бонтæ.
Йæ фыртыл не ‘мбæлди æнцонтæй,
Фæлыгъди уый æнгасæй дард.
Æхцон ын нал уыди йæ уынд.
Кæддæр йæ уарзон хъæбул хуынд…

69

Æмæ æртæ азы æмгъуыдмæ
Йæ фидыц айсæфти бынтон.
Раст афтæ зымæджы æрцыдмæ
Нæ хæхты аивзийы бон.
Йæ цард æрвыста уый рыгъдæй,
Рыстæй, æнамондæй, сыгъдæй.
Йæ риуы сусæг рыст æрцард
Султан йæ царды цинæй – дард.
Гъе стæй йæм скъæйных ис йæ фырт,

Цыма ælдар уыди йæ мадæн.
Зыдтой йæ чысылæй уый адæм –
Лæджы ныллæг кæнынмæ – цырд.
Ныр кодта мастисæн йæ мадæй,
Кæй фæзынд дунемæ æгадæй.

70

Ныр мадмæ хаста уый фыдæх.
Уыди йæ фæкаст дæр рæхуыстау.
Уый домдта мадæй: «Раст мын зæгъ,
Нæ цард нын чи скодта ælгъыстау».
Зейнапæн уыцы ном – æмбæхст.
Йæ фырт йæ ныхмæ сиды хæст,
Цыма йæ дæлбар у хъысмæт,
Кæнæ йæ мады рыст, йæ мæт.
Куыннæ тыхст мад йæ фырты зондæй,
Фæндыд æй базонын бæлвырд,
Кæцон у, чи æмæ кæй фырт.
Гъе афтæ зылд йæ фæдыл сонтæй.
Фæлæ æгæрон уыд йæ уарзт,
Æмæ фыдæбæттæн нæ саст.

71

Зейнап мælæты азар райсдзæн,
Уæддæр нæ ратдзæн уымæн ком.
Æппæт фыдæбæттæн фæраздзæн,
Йæ уарзт нæ ракæндзæн æргом.
Фæлæ цы загъдæуа Хасанæн –
Йæ фæндон сæххæсты нысанæн
Ныр мадыл н‘ауæрста хъæбул,
Сси йæ цыфыддæр фыдгул.
Зейнап йæ зæрдæйы рæбын
Хæзнайау арф æвæрдæй дардта
Йæ уарзт, æрмæст æй уый æрцардта.
Зæххыл ын ничи уыд æппын.
Султан – йæ сусæггаджы уарзт.
Йæ номæй дунемæ у баст.

72

Æмæ уыди йæ цард зындонау.
Йæ фырт ыл сæвæрдта æргъом.
Уый уарзта цæл æхсæв дæр бонау.
Ныр мадмæ рацыди æргом.
Йæхи йæм ласта уый хæстæг.
Йæ фæдыл цыд ныхасхæссæг.
Æрмæст Роксанæ уыд йæ уазæг,
Фæлæ сæ чи уыд иумæ уадзæг,
Æмæ цы дзурæн уыд æргом!
Йæ цагъар Бур уыди сæ гæс,
Сæ фæндтæ зонын уыд йæ хæс:
Цы дзурынц арæхдæр, кæй ном.
Кæд хъуыддаг рауаид æргом
Йæ удæй ахауид æргъом.

73

Фæлæ фыдтæй вæййы фыддæр,
Æмæ йæ Бур цагъар Хасанæн
Фæиппæрд дыргъдонæй куыддæр.
Фæзынди афтæмæй Роксанæ.
Зейнапмæ аивæй фæцырд,
Султанæй ахæм ныхас уыд:
«Хъæцын дæм рынчындоны æз.
Лæмбынæг алфамбылæй кæс».
Йæхиуыл уый æвæрдта хæс,
Стæй хордта ард – хæцдзæн йæхиуыл.
«Фæлтау ссæуæд арт мæ риуыл –
Сæрхызт дæуæй уыдзынæн æз.
Мæ мастыл нал зонын хъæцын,
Æрцу, æнхъæлмæ дæм кæсын!».

74

«Уый кодта карз сомы кæддæр,
Мæ фæд нæ агурдзæн, уæд загъта.
Йæ мастæй бахиздзæн мæн дæр, –
Йе ахæм дзырд мæнæн ныууагъта.

Æмæ нæ фæсайдта йæ дзырд.
Æнхъæлдтон, йе ‘муд ныр æрцыд.
Гъе уый амал уыди мæ рыстæн.
Хуыцау, дæумæ куывтон, дæуыстæн.
Султанæн цардамонд куырдтон,
Цæмæй уый ма басæтта мастæн.
Кæй нал и ферохгæнæн уарзтæн,
Гъе уый мæхи удæй зыдтон.
Ныр та хъысмæтæн сидын хæст,
Фæнды кæнæд мæ удыл хæст!

75

Йæ къайæн уæд йæ фарн фынæй,
Фæлæ Султаныл æз æууæндын.
Ныр нын æнæ фембæлгæ нæй –
Уæддæр фылдæр домын нæ уæндын.
Роксанæ, ныр сæттын дæ разы –
Æнæ уый цардыл нал дæн разы.
Æхсæв уа, бон, бæллын йæ уныдмæ,
Æмæ тырнын ныр дæр йæ хуындмæ.
Мæхи дзы бахизын æмбæлы,
Йæ уарзтæй ног фæлидзын дард,
Фæлæ æнæ уый циу мæ цард!
Хуыздæр у ‘намондæй ныммæлын.
Фæнды мыл рахæтæд хъысмæт!
Зæгъ ын: куыд загъта, афтæ уæд!»

76

«Нæ дæн мæ чемыл, – Бураен загъта, –
Хъæуы мæ дохтыры æххуыс.
Дæхи ма арæвдз кæн ды тагъ-тагъд,
Æдзух мæ фæдыл кæд цæуыс…»
Рæхджы сæ хæдтулгæ фæраст.
Цы федта, уый фынау уыд раст:
Султан уыд раздæрау ælвæст.
Фæхæст ыл аивæй йæ цæст.
Йæ цин ын равдыста æнгасæй,

Йæ уарзтæн раргомæй уый тарст –
Йæ фæдыл Бур лæмбынæг каст –
Æрмæст æм бахудти фæлмасæй,
Æмæ йæм банкъуыста йæ сæр,
Йæ нысан: «Уарзын дæ æз дæр!».

77

Æваст æрымысыдтæн æз:
Берлины нуазæндоны бады,
Йæ къайæ нал исы йæ цæст
Штирлиц, уым йæ къаймæ хаты,
Цæмæй йæм ма ‘рцæуа хæстæг.
Уыди гадзрахаты рæстæг.
Тæссаг уыд уыцы сахат уарзтæн.
Бын бауа хæсты бардуаг, уастæн.
Фæлæ куыд бамбæхсой сæ уарзт!
Сыгъди сæ цæсты рухс цырагъау.
Æнус сæм каст сæ уысмон аргъау,
Хæстон æцæгдзинадæн ахст.
Уым зæрдæ зæрдæмæ дзырдта,
Æмæ сæ рæстæг дæр сырдта.

78

Фæлæ Зейнап ныpма нæ зыдта,
Кæй разынд Бур цагъар æвзыгъд..
Йæ цæсты уарзты рухс суыдта,
Æмæ цæттæ уыди йæ хыгъд.
Ныр цинæй талынг зæрдæ рад,
Æрцыди ахст удæн йæ рад.
Ныр дзурдзæн: «Рафæлгъуыдтон абон,
Цы сайдтой рагæй нырмæ адон.
Нырмæ сæ зæрдæйы фæндон
Мæнæй æнæхъуаджы æмбæхстой,
Кæрæдзи аивæй фæдзæхстой,
Фæлæ сæ раргом уыд æнцон.
Сæ фембæлд рынчындоны ‘рцыд.
Султан æм аивæй хъæцыд.

79

Зейнап – йæ цæстæнгас,бæлвырд,
Султаны фенгæйæ, фæрухсдæр.
Æз та цыдтæн йæ фæдыл цырд –
Куы фестад цикъæйæ фæлурсдæр.
Султан лæвæрдта уымæн дзуапп –
Зынди, зынаргъ ын у Зейнап.
Уæддæр йæхиуыл уый хæцыд.
Йæ рыстыл хъавгæйæ хъæцыд.
Æмæ ма ноджы зонын æз,
Уыдысты ууыл дыууæ разы:
Султан уыд сомыгонд йæ разы –
Хæцын йæхиуыл уыд йæ хæс.
Уындæй йæм ничи ‘рхæсдзæн фау.
Йæ фæкаст – аив, раст дæуау…»

80

Гъе афтæ рагон риссаг фарст
Цыма æвиппайды фæбæрæг.
Хъæбулæн байсысти йæ уарзт:
Йæ мад ын разындис æфхæрæг.
Цæмæн дзы фембæхсти нырмæ,
Нæ радта уымæн ком, цымæ?
Уыди йæ фыды ном æмбæхст,
Кæд мадæн расидти уый хæст?
Султан йæ разы ратдзæн дзуапп.
Фыццаг уал радзурæд бæлвырдæй
Æппæт, цы бамбæхста йæ фыртæй.
Гъæ стæй та басæттæд Зейнап.
Ныр ма мын кæд нæ зæгъа раст –
Уæд-иу мæ ма ракæнæд хъаст!

81

Султан уæд рынчындоны уыд.
Уым рынчын – нал ын уыд фæрæз…
Дæсны хирург зыдта, цы хъуыд.
Зыдта Хуыцауы раз йæ хæс.

Йæ къухмæ цал хатты æфтыд,
Фыднизæй чи нал у æвыд,
Мæлæтæн чи уыди йæ фос –
Уый ардта се ‘ппæтæн дæр хос.
Мæрдтæй-иу раздæхта лæджы.
Уæдæ æхсæны куыстæй – разы,
Ныр уыд æнцондæр хæс йæ разы –
Ныр та улæфын дæр фæтчы.
Фæлæ хæдтулгæйыл йæ размæ
Лæууыди Тит, цæттæ ныхасмæ:

82

«Салам, Султан! Рæстмæ – нæ фембæлд!
Кæсын æнхъæлмæ ныр сахат.
Хасан зæгъы: «Ныр дæ кæд февдæлд –
Æрцыд нæ фембæлдæн йæ рад.
Нæ бынат – нуазæндон «Шанхай».
Ды уырдæм аизæр æруай.
Ныр хъуамæ радтай дзуапп мæ разы,
Æрлæууай ивгъуыды тæразыл.
Кæд раст дæ – нæу дæ удæн тас.
Кæд нæ – мæ бар у дæу æрфæрсын.
Дæ бар дæ хъомысæй нæ тæрсын.
Æргом ныр акæнæм ныхас.
Æрдзурæм кад æмæ æгадыл,
Нæ хъаугъа алыг кæнæм адыл.

83

Æз зонын хицауады уаг.
Дæу тыххæй махæй дзуапп уый домдзæн,
Фæлæ нæ хъуыддаг зонæм фаг…
Нæ зонд ма уый бæрц дæр скомдзæн.
Нæхæдæг ахæмтæй – сæрхызт,
Æндæр нын бакæндзæн нæ куыст.
Æхца йæ бон калы, мæ хур.
Уый мардыл бафæлдахы дур.
Дæхæдæг хорз зоныс, æнхъæлын,

Ændæр цы ахъаз у дæ зонд!
Дæ уавæр домы – ма уай сонт.
Цагъарыл басæттын æмбæлы…
Кæд дын нæ бардзырд нæу æгъгъæд,
Рæхджы уæд айсæфдзæн дæ фæд!

84

Дæ разæй кæд цæуы дæ кад,
Уæддæр дæ зæрдæ ууыл ма дар.
Мах зонæм ахæмтæн бынат.
Кæд уай аккаг – цæудзæн дыл азар!».
Фæлæ йæ не ‘мбæрста Султан,
Æгæр уыд ахæмтæн уæздан.
Æваст æнæдзургæйæ ауад,
Æмæ йæ хæдтулгæйы абадт.
Фæлæ йæ фæдыл ауад Тит –
Лæгдыхæй хæдтулгæ фæтулы..
Нæ, зонд тыхгæнæджы æмбулы –
Султанæй аззадис афтид:
Рæвдз фехста хæдтулгæ йæхи –
Тыхæн йæ ныхмæ дæр тых и!

85

Хасан куы базыдта, цы ‘рцыд,
Уæд калдта фыр мæстæй цæхæртæ.
Фæсидти йе ‘мхуызæттæм цырд –
Ныр домдта уыдонæй æгæртæ:
«Кæд нæм нæ дары уый йæ сæр –
Лæгъстæ нæ кæндзынæн æз дæр.
Цæуæд æм «уазæгуаты» Тит.
Уæд æм кæд бахъарид мæ сидт!».
Хасанæн мæстæй зылд йæ сæр –
Йæ дæлфынг чи уыд, уый нæ уыдта.
Æнувыд хъазæнхъул кæй хуыдта,
Тæргайæ бадти уым фылдæр.
Гъе афтæ ссулдзых вæййы хатт.
Кæмæ, цæмæ – цу, дзуапп ды ратт!

86

Нæ быдзæу хибарæй куы аззад –
Зейнапмæ уади уæд фæдисы.
Уæд ыл æвваст мælгъæвзаг разад,
Йæ уацæй бафтыдта уый дисы…
Уыд рагæй адæмæн зындгонд:
Тæрк у фыдгæнæгæн йæ зонд.
Хасан кæмæ хастаид маст,
Гъе уымæ хорз амонд нæ каст.
Зейнапæй чи зыдта хуыздæр
Йæ фырты сау зæрдæйы ахаст.
Æххуырст быдзæу Султанмæ араст,
Цæмæй дзы бахиза йæ сæр.
Быдзæуæн – дзæгъæлы йæ мызд.
Хасанмæ ‘взаг хæссын – йæ куыст…

87

Мыййаг ныл исчитæ нæ дуджы
Раст афтæ гадзрахатæй цыд?
Мæ хæлар, уыцы низ сæ туджы
Æмæ сæ зæрдæты ис тыд.
Раст афтæ аивынц æнцонæй
Бæстæй, ныфсæвæрдæй, фæндонæй –
Горбачтæ, Ельцинтæ сæ сæргъ –
Нырма сыл ничи кæны ælгъ…
Гъе стæй кæнынц фæсмон, цыма,
Ссарынц дзыллæйæн йæ зæрдæ.
Фæлæ та бакæнынц фыддæртæ.
Уый дзыллæ не ‘мбарынц нырма…
Цымæ кæдмæ дæтдзысты адæм
Сæ бар фæзмæгойтæм, æрратæм?

88

Сæ дзуйæ фесæфти нæ цыт.
Æрхауд æдзæллагмæ нæ бæстæ.
Сæдæ мин сахъ фырт нæ фæцыд,
Æмæ сæ нал федтам нæ цæстæй.

Уæддæр нæ фидæныл тыхсынц,
Сæхæдæг зад хуымтæм бырсынц.
Йæ дуг Уæрæсейæн ныттар,
Æххормаг, уазал нын – ælдар.
Нымæц дæр нал и олигархтæн.
Стæгдар, Хоргалм айстой бар.
Ис ахæм хицæуттæ дзæвгар,
Фæлæ цы хорзы боны махæн.
Мæ хæлар, курын дæ, ныббар,
Нæ зонын иу æхцон хабар…

89

Уæдæ цы уыдзæни нæ фидæн?
Æвæстаг ма фæуæм, мыййаг.
Æнæзонд раздзæудыжты митæн
Кæрон скæнын у сæйраг.
Цæмæй нæ фидæны фæлтæр
Æгадмæ ма ратта йæ сæр.
Куы лæууой сæфт дуджы тæрæзтыл,
Уæд зæрдæ ма сивой сæ бæстыл.
Цæмæй та ма скæной мыггаг
Стæгдар, Хоргалм æмæ Тит,
Ныссус уа знæт дуджы æхситт.
Фæуæд уал талынг дугæн фаг.
Хуыснæгæн асæтта йæ ныфс,
Цæра сæрибарæй Уырыс!

90

Хæххон чызг, раздæхон æм ногæй, –
Æгæр ныддаргъ кодтон мæ дзырд –
Йæхимæ хорз фæкасти ронгæй,
Йæ фырт æм афтæмæй фæзынд.
Йæ разы зулцæстæй лæууы.
Йæ уындæй саст зæрдæ кæуы.
Йæ ахæм удмарæн фæзындæй
Уый тынгдæр бафхæрдта йæ зынтæй.
«Ныр мæм æрбайхъус, ды, мæ мад!

Фæдæн зæрдæцъæх æз дæ уагæй.
Ды сайыс мæн, дæ фырты, рагæй.
Кæныс мæ сæр мæнæн æгад.
Мыййаг, дæхæдæг дæр нæ зоныс,
Йæ фыд дæ хъæбулæн кæй хоныс?..».

91

Йæ уæнгтæн атади сæ тых.
Кæм бадти, уым ыл дуне разылд.
Нæ уыд йæ фыртмæ уый къæйных,
Уæд фырт дзырдфæразон куыд разынд?!
«Зæгъдзынæн раст, ды мæ фæхастай,
Æдзух дæ риуæй ме стонг састай.
Æххормаг циу, нæ зыдтон æз,
Мæ цардæн агуырдтай фæрæз.
Фæлæ дзæгъæлзад уыд мæ ном.
Мæ фыды фенынмæ бæллыдтæн.
Нæ зыдтой адæм дæр, кæй фырт дæн,
Æмæ мыл худтысты æргом.
Фæлæ дæм уый нæ кæсы фаг –
Ныр ногæй – худинаджы гакк!..

92

Æфтауыс ноджыдæр мæн цæсты.
Лæууынц мæ хæлæрттæ дæр цырд.
Куырмау ænæуынгæ куы не сты.
Кæддæр æрбаппарынц мæм дзырд.
Æз сын скæндзынæн кæрон
Рæхджы, мæлон æви цæрон.
Фæнды мæ ныр, зæгъай мын раст –
Цæмæй дæ дохтырмæ баст?
Æниу, æппæтдæр у бæлвырд…
Æз уæ æгъатырæй фæрсдзынæн,
Султанæн карз тæрхон хæсдзынæн.
Мæнæй нæ баззайдзæн æвыд.
Кæд уый æгад кæны мæ ном,
Цæттæ у уæд мæ карды ком!

93

Мæхицæн ном скодтон æз ,
Нæ уæлдæр хицæуттæм – нымады.
Æз зонын алцæмæн фæрæз,
Мæ бар цæуы æппæтыл царды.
Салам кæмæн зæгъын æрмæст,
Кæмæн уый бауарзы мæ цæст,
Йæхи уый амонджын фæхоны,
Уæд мæ æгадæй уый куыд тоны!
Æнæном дохтыр нæу æвыд.
Кæны ныллæг мæнæн мæ кад.
Нæ сæ фæивгъуыйдзæн мæ кард.
Фыццаг уал фырт, стæй уæд фыд.
Мæ мад, мæ дзырдмæ исты зæгъ –
Мæ къухæй ма ‘рцæуа фыдæх!».

94

«Цæй хорз, мæ хъæбул, афтæ уæд.
Ныр афон у, кæрæдзи ‘рфæрсæм.
Кæд нал у сусæггаг мæ фæнд,
Уæд ма нæ ивагъуыдæй цы тæрсæм.
Ныр уал дæ хуыссæнмæ ды цу.
Æхсæв ма иу цъынды бæрц у.
Гъе стæй дын радзурдзынæн æз,
Кæцон дæ, чи, кæм хастай ræз.
Мæ царды сусæггаг цы уыди –
Мæ фæрсты аивгъуыдта ныр.
Мæ цард мæ бакодта æмыр,
Фæлæ мæ дзырды бон æрцыди.
Ныр уал хæрзæхсæв у, мæ фырт.
Цы давы ноздджын лæджы дзырд!»

95

Хасан уæд, рагбонты куыд уыд,
Раст афтæ мады дзырдæй басаст.
Ныр сæ сæ рагон фарн куыд хъуыд.
Йæ рухс сæм хуры тынау бакаст.

Фæлæ кæрæдзийæ сæрхызт –
Сæ хъæр кæрæдзимæ нæ хъуыст.
Йæ фыртыл фембæлгæ æваст
Зейнап йæ цæстæнгасæй тарст.
Тæссаг йæ рагбон уыд, æниу,
Фынддæс аз раздæр ыл цы 'рцыди…
Уæд дуне иннæрдæм æрзылди,
Йæ фырт лæгмартимæ куы сиу.
Кæуы уæдæй нырмæ, дзыназы.
Уый семæ иу нуазæнæй нуазы.

96

Уæдæй нырмæ йæ цæссыг калы.
Йæ хъæбул дуджы ахæст уыд.
Уæд дуг фæхицæн кодта цалы…
Уæд дугæй чи баззад æвыд!
Ныр у сæ бодз лæгмарты къордæн.
Аккаг сæрбос фæци сæрхортæн.
Йæхæдæг туг калынæй хызт.
Æндæрты бар кæны йæ куыст.
Хæддзæугæ йæм æхца æфтыди.
Зыдта уый хицæуттæн сæ уаг.
Хынцыдта уыдоны дæр фаг.
Хуыздæртыл уæд нымад æрцыди.
Сси сын алцæмæй фæрсинаг,
Йæ бæстæ уарзынмæ – фæзминаг.

97

Æмæ æууæндыди фæстагмæ,
Кæй уыд рæстдзинадыл йæ тох.
Фæлæ йæ сау зæрдæйы уагмæ
Æркæсын уый куыд фæци рох.
Быцæумæ арæхстджын дзыхæй.
Йæ амынд адæмæн – тыхæй.
Æмæ-иу чи нæ уыди разы,
Уый дзуапп лæвæрдтаид йæ разы.
Æхца уыди йæ уд, йæ цæст,

Æхцайыл бацыдаид хæсты.
Йæхимæ дардта уый æввæхсты
Цæстмæхъус адæмы æрмæст.
Æмæ йын уыдон загътой уæд:
«Нæ цытджын мэр æгас цæуæд!»

98

Уæд бацыд ног бынатыл тохы,
Гæртамæй айгæрста фæндаг.
Бæллыди – атона йæ рохты,
Йæ бар æм нал зынди ныр фаг.
Æмæ йын чи уыдзæн ныхдур?
Уыдзæни мэр – уæлиау хур.
Гъе уым – æвидигæ бæркад.
Нæрдзæн нæ бæстæйыл йæ кад.
Зейнапæй чи зыдта хуыздæр,
Хасан цæмæ бæллыд йæ сæнтты,
Гъе уый йæм бафтдзæни æнцæнтты,
Æмæ йæм не ‘вдыста хуыз дæр.
Куы райсынц уый хуызæттæ бар,
Æртыхсы адæмыл уæд тар.

99

Æууæндыд афтæмæй зæрдæйæ,
Бæстыл нæргæ кæй у йæ кад.
Уыд фысыл бирæгъдзарм æдде –
Вæййы нæм ахæмтæн бынат.
Æргом сæ дзыллæтæ æппæлынц,
Фæсфæдæй се сæфтмæ фæбæллынц,
Фæлæ сæм къух фæкæнынц даргъ.
Кæм ма ис мах сæрæн та аргъ.
Фыста Некрасов дæр кæддæр:
«Цагъар йæ хицауы стауы,
Æмæ ныллæгдзинад нæ фауы».
Зыдта уый стыр классик уæд дæр,
Нæ адæм залымты дæлбарæй
Уæддæр куыд феппæлынц ælдарæй.

100

Зейнапыл тар æхсæв ныддаргъ.
Цы зæгъа райсом уæд хуыздæрæн,
Цæмæй йæ ныхасæн уа аргъ.
Куыд уыдзæн се ‘ппæтæн фæцæрæн.
Султаны раргом кæна ныр –
Кæны йæ уарзты дуг цыбыр.
Хъæудзæн æй басæттын йæ сомы.
Нæй, зæрдæ уый сæттын нæ комы.
Фæлæ уыны йæ удрæбын –
Султан ын алкæмæй зынаргъдæр.
Хасан – йæ рыст æмæ йæ уаргъ дæр, –
Хæссын уый нал фæнды æппын.
Йæ фырт – фæиппæрд дзы ис раджы, –
Йæ разы – мин гæлир фæндаджы.

101

Фæлæ дын иу зымæгон бон,
Куы хауди пирæнгæмттæ арвæй,
Хъысмæт уæд рацыди æргом.
Нæ горæт цард хуымæтæг цардæй.
Æфснайдта уынгтæмæрзæг уынг.
Лыгъди дзы дугъы ас лæг тынг.
Йæ дарæс – фирмæ «Адидас»-æй…
Фæлæ нæ ирвæзт цæстæнгасæй –
Бæрзондæй галуантæ фæлгæсынц.
Сæ уæлæ ‘рцыдысты ныхæст –
Сæ ном «хæдзар», зæгъгæ, æрмæст…
Кæй сты, адæм уый нæ фæрсынц,
Кæмæн ис галуан, уый уæддæр
Йæ исæй раппæлы кæддæр.

102

Гъе уыцы рухс галуантæй иуы
Зейнап æхгæддуарæй бадт.
Йæ уд æнхъæлцау уыд йæ риуы…
Рæвдз дуар хойæгмæ уый уад.

Фæлæ кæсы, æмæ быдзæу
Лæууыд йæ разы æмæ худт.
Æрбахызт, фæхсбандоныл рабадт,
Гъе стæй фыдуац йæ дзыхæй рахауд:
«Æз дæм Хасанæй дæн æрвыст.
Фæнды йæ тынг дæ фенын, загъта!»
Бильярдæй хъазгæ уый ныууагъта.
Ныр дæр йæ дзурын залæй цыд.
«Хасанмæ иу уазæг фæзынд.
Кæйдæр мын рымысыд йæ уынд»…

103

Зейнап уæд базыдта зæрдæйæ –
Гъе уыцы уазæг у Султан.
Куыд зын у уыцы балц! Бæргæ йæ
Куы хонид уарзон фырт уæздан.
Фæлæ сырддон лæгæтмæ цыд.
Ам цал йæ сау туджы мæцыд,
Ам цал йæ фæстаг уысм куыдта,
Зейнап йæхи цæстæй уыдта.
Фæлæ-иу фесæфти сæ мард.
Уыди фæдсафджытæ лæгмартæн,
Уæййаг гадзрахаты дæлбартæн.
Уыди сын алы ран цæстдард.
Æмæ сæ бодзæн кодтой ном.
Нæ уагътой хъуыддæгты æргом.

Уыдзæн ма

Уырыссаг æвзагæй йæ ратæлмац кодта
æмæ йыл литературон хуызы бакуыста
ГОДЖЫЦАТЫ Нелли

ПРОЗÆ

КЦОЙТЫ Астемыр

ЗÆРВА

Æцæг хабар

Црон адæм рагфыдæлтæй нырмæ зæрватыччы нымайынц Хуыцауы минæварыл. Æмæ уый хуымæтæджы нæу. Зæрватыкк æппындæр маст никæмæн кæны, никуы никæй хъыгдары. Фæлæ йæ чи æфхæра, уымæн дæр ссары «дзуапп». Студент ма уыдтæн, афтæ ме 'мбал Сокаты Тамбитæм сæмбæлдтæн Дзуарыхъæуы. Йæ зæронд фыд Алыксандр тыргъы диваныл бадти. Ацамыдта мын дуары сæрмæ ахстонмæ. Зæрватыччы ахстон бацахста сырддонцъиу. Дыууæ зæрватыккæй йæ тардтой, фæлæ уый нæ ракуымдта. Уæд зæрватыччытæ смæсты сты, рæвдз февнæлдтой æмæ ахстон æмыр амад скодтой. Сырддонцъиу мидæгæй баззади. Йæ хæдфарсмæ та æндæр ахстон самадтой дыууæ зæрватыччы. Æз фыр цымыдисæй февнæлдтон, сырддонцъиуы уавæр фенон, зæгъгæ, фæлæ мæ Алыксандр нæ бауагъта, уыдонмæ, дам, Хуыцауы тæваг ис.

Æмæ зæрватыкк сыгъдæгдзинад куыд уарзы, уый та! Иуахæмы йын халон счъизи кодта йæ ахстон, уæд ыл зæрватыкк нал барвæссыд, æмæ йæ фарсмæ æндæр «хæдзар» сарæзта.

Ацы хабар та Джызæлы æрцыди. Хадыхъаты Болаты бинойнаг Дойаты Сехуыдæ æнхъæлцау уыд, тыхстæй хуыссыди сæ хæдзары. Катæйттæ кодта. Зæрватыккæн йæ ахстоны – æртæ ногуагъд цъиуы. Мæзда (бакæсгæйæ, зæрватыччы æнгæс маргъ) бацыд æмæ зæрватыччы ныццæфтæ кодта йæ бырынкъæй, ратардта йæ. Цъиуты æд ахстон йæхи бакодта æмæ сыл парахатæй æрбадт. Зæрватыкк кæрты бæласы къалиуыл абадти æнæбары, фæдисы зарджытæ кодта: «Да-а-та-ты-ты-та, да-а-ты-ты та-та. Д ы-ты-та-д ы -та...» Фæдис систа. Æвæццæгæн æй афтæ æмбарæн ис: «Дæ-дæ-дæй, цы ма акæнон, мæ хъæбулты мын куы амара, уæд ма цы кæндзынæн?». Фыр адæргæй гом дуарыл уатмæ батахт æмæ рынчыны уæхскыл æрбадти. Йæ сæр фæгуыбыр кодта æмæ та ногæй «Да-а-та-таты-та, та-та-ты-ты-та-а».

Æмæ, катæйттæгæнгæ, фæстæмæ ратахти. Хуыцау хорз ракодта зæрватыккæн! Сехуыдæ хуыссæн уатæй дзуры йæ чызгмæ: «Заретæ, марадз, асин радав æмæ йын йæ ахстон асгар... цъиутæ рауагъта, уый зонын, æмæ йын сæ мæзда ма байсæд, дзæгъæлы нæ фæдис кæны...» Изæрдалынджы Заретæ аивæй асин авæрдта æмæ æнæ уынæрæй сæвнæлдта ахстонмæ, мæздайы йæ къæдзилæй æрцахста. Цъиуты асгæрста æмæ уыдысты æнæхъыгдард. Талынджы сæ мад куы не ‘рбацæуа æмæ сыл исты куы ’рцæуа, зæгъгæ сæ сыгъдæг хæцъилы батыхта æмæ сæ пецы сæр хъарммæ нывæрдта. Райсомы боныцъæхтыл Сехуыдæ дзуры: «Заретæ, марадз æмæ лæппынты æрæвæр сæ бынаты. Ныр сæм мад æрбатæхдзæн бæрæггæнæг æмæ сæ уым куы нæ æрбаййафа, уæд нæм куы фæфыдæх уа æмæ æндæр ранмæ куы атæха...» Уыцы райсом Заретæ горæтмæ цыди. Сехуыдæ мæздайы марын нæ бауагъта. Фæрсы йæ:

– Мæзда-цъиуы цы фæкодтай?

– Уæртæ йæ сывæллоны гыццыл чыргъæды нывæрдтон.

– Уый дæ хызыны нывæр æмæ йæ демæ горæтмæ ахæсс, уым æй суадз.

Афтæ бакодта Заретæ, стыр базары йæ суагъта.

Сехуыдæ хъæрзы. Сæнттæ цагъта: «Уæртæ мæм гæккуыритæ æрбацæуынц... ма мæм сæ æрбауадзут...». Зæрватыкк дæр æм уыцы тыхст уавæры æрбатахт.

Æртæ усы йæ цух нæ уагътой, кастысты йæм, ныфсытæ йын æвæрдтой... Сæ иу – Болаты кæстæр хо Госæма – Хъодзаты Хъазыбеджы бинойнаг. Уый хæдахуыр дохтыр уыд, æмæ йæм алырдыгæй цыдысты рынчынтæ, æмæ сæ дзæбæх кодта. Сехуыдæйæн дæр загъта: «Мауал тæрс, ницы дын уыдзæн, зæрватыкк дæм дæ хуыссæнмæ æрбатахт, амонд дæм æрхаста Хуыцауæй, уæдæ махæй куы никæй уæхскыл æрбадт...» Æцæгдæр, йæ атахтæй æртын минуты фæстæ райгуырд фырыхъулы хуызæн лæппу, æмæ Сехуыдæ фервæзт йæ тыхстæй.

Ноггуырд лæппуйæн стыр куывд скодтой. Куывддон адæмы раз Госæма радзырдта зæрватыччы хабар. Дзырддзæугæ лæгтæ уый куы айхъуыстой, уæд фыр цинæй слæууыдысты иууылдæр æмæ

сæ цæсгæмттæ хурау æрттывтой. Хистæртæ æмдзыхæй дзырдтой, уый Хуыцау минæвар æрбарвыста, уый йеддæмæ уатмæ куыд æрбауæндыд, зæгъгæ, æмæ зæрватыккæн скуывтой, йæ кадæн ноггуырд лæппуйыл сæвæрдтой ном Зæрва.

Бинонтæ кадджын æмæ цытджынæй цардысты, æгъдауыл лæвæрдтой сæ цæхх-кæрдзын. Сæ уæрæх кæрт чындзы уатау – æфснайд, алыхуызон дидинджытæ дзы сагъд. Сæ цæхæрадон алы аз дæр афоныл куыстой, сæрвасæнæй фастау – сыгъдæг, æмæ дзы истой тыллæг.

Болат æмæ Сехуыдæ схъомыл кодтой фондз хъæбулы: Олгæ, Саулох, Зæрва, Дзамболат, Заретæ. Æртæ лæппуйы æмæ Заретæ каст фесты педтехникум æмæ куыстой ахуыргæнджытæй, Саулох Фарныхъæуы куыста æмæ уырдыгон чызгимæ йæ цард баиу кодта. Рантысти сын фырт Костя.

Зæрва слæг и. Адæмæн уарзон лæппу, кусаг, зараг, кафаг. Хуыцауы уарзон бинонтæ сабыргай сæ цард нывæзтой.

Фæлæ 1941 азы фыдбоны хæст цæхгæр фæивта æппæт дзыллæты цардыуаг. Болаты æртæ фырты фыццæгтимæ ацыдысты хæцæг æфсадмæ. Тох кодтой алы фронтты цыфыддæр знагимæ. Фæлæ дзы нал раздæхтысты. Саулохы бинойнаг цæры Фарныхъæуы. Йæ фырт Костяйæн ис æртæ лæппуйы. Болаты хæдзары фарн уыдоныл æнцайы. Сехуыдæ йæ адзалы онг йæ æртæ хъæбулы мысыди. Арæх-иу кæрты рауай-бауай кодта сæргуыбырæй æмæ-иу кодта ныллæг хъæлæсæй: «Кæм стут мæ хъæбултæ, кæм быдырты, цы обæуттыл уæ туг ныккалди…» Афтæ æдзухæй дæр, æмæ дзы фæстагмæ рауади зарæг. Иттæг дæсны йæ зарыд 84-аздзыд, нæ республикæйы культурæйы сгуыхт кусæг Хадыхъаты Зинæ. Заретæ уыди Хъесаты Георгийы бинойнаг. Баззади сын дыууæ чызджы: Светланæ æмæ Зоя. Цæрынц хицæн бинонтæй.

Гъе, ахæм стыр у зæрватыччы фарн æппæт адæмтæн дæр. Ирыстоны базæронд дæн æмæ никуы федтон хохы, хъæды æмæ быдыры, адæймаг кæм нæ цæры, кæм нæ кусы, ахæм ран зæрватыччы ахстон. Амал ын цас уа, уыйас адæммæ хæстæгдæр ран æрцæры. Фылдæрхатт та – цæрæн хæдзæртты, уымæйдæр бинонты змæлд

фылдæр кæм у, уым, дуары кæнæ рудзынджы сæрмæ тарвазтыл. Лæппынтæ дзы рауадзы, схъомыл сæ кæны. Бинонтæ дæр сыл аудынц, хъахъхъæнынц сæ. Афтæ хъæрмудæй цæрынц иумæ æнусты дæргъы зæрватыкк æмæ адæймаг. Ирыстон æнæ зæрватыкк никуы уыд. Æнæ зæрвагыкк фидаугæ дæр нæ кæны.

Фæззæг-иу бирæгæйттæй æмбырдтæ кодтой, уæлдæфы зилдух кæнгæйæ. Хъарм бæстæм сæ фæндаг дард уыд, æмæ-иу цинхуыз не 'вдыстой, фæлæ-иу уыдысты ууыл сагъæсы.

Рагуалдзæг-иу фæстæмæ куы æртахтысты, уæд-иу уыдоны æмæ адæмы цин сиу сты.

Бæстæ-иу бæрæгбон хуыз равдыста. Сæ цъыбар-цъыбур æмæ зарынæй адæмы зæрдæ рухс кодта. Цыма адæмæн ног амæндтæ æрхастой, афтæ. Ныр фæстаг азты Ирыстонмæ зæрватыкк арæх нал æртæхы. Ацы уалдзæг адæм æнхъæлмæ фæкæсынц, фæлæ... Академик Беруаты Барис афтæ загъта: «Зæрватыкк тынг æнкъары уæлдæфы чъизи (радиаци) æмæ гыццылдæр фæхъæстæ, зæгъгæ, уæд фæстæмæ атæхы...» Цымæ ма искуы нæ уæлдæф раздæрау схорз уыдзæн? Цымæ ницы мадзал ис, цæмæй Ирыстон æнæ зæрватыкк ма баззайа, уымæн?

ИНТЕРВЬЮ

ÆРГОМ НЫХАС – ÆНÆ КЪÆМ

Уæрæсейы Фыдджыты цæдисы правленийы сæрдар, фыссæг, публицист, хæстон журналист, булкъон Николай Иванов райгуырд Брянскы облæсты Страчевойы хъæуы. Каст фæци Мæскуыйы Суворовонты училище, уый фæстæ та – Львовы уæлдæр æфсæддон-политикон училищейы журналистикæйы факультет. Службæ кодта Уæлдæфон-десантон æфсады.

1981 азы уыд Афганистаны хæсты, 1992 азы та – Цæцæны. Хорзæхджынгонд у майдантæ «За службу Родине в Вооруженных силах СССР», «За отвагу», «За возвращение Крыма» æмæ риуылдаргæ нысан «Воинская доблесть»-æй.

1985 азы сси журнал «Советский воин»-ы уацхæссæг. Авд азы фæстæ та – йæ сæйраг редактор. Службæ адарддæр кодта УФ-йы хъалонты пъæлицæйы. 1996 азы йæ хъуыддаджы фæдыл Цæцæнмæ куы арвыстой, уæд уацары бахауд. Ссæрибар цыппар мæйы фæстæ.

2018 азы æвзæрст æрцыд УФ-йы Фыдджыты цæдисы правленийы сæрдарæй. У «Сталинград», Н. Островскийы æмæ М. Булгаковы номыл литературон премиты лауреат. Мыхуыры йын рацыд 20 чиныджы: «Комбатанты», «Новеллы цвета хаки», «Операцию «Шторм» начать раньше», «Гроза над Гиндукушем», «Наружка», «Спецназ, который не вернется», «Вход в плен бесплатный, или расстрелять в ноябре», «Реки помнят свои берега» æмæ æнд. Студенттæн кæсы лекцитæ «Экстремалон журналистикæ»-йæ.

– Николай, дæ фыд уыд æфсæддон комиссар, дæ мад – партизанкæ. Уæдæ æнцон фæндаг нæ равзæрстай дæхæдæг дæр царды. Хæстон журналист – мæлæтæмхиц хæстон лæг у. Цæуыл хъуыды кодтай, Цæцæнмæ уацары куы бахаудтæ, уæд? Куыд дын аивтой дæ цард уыцы 113 боны?

– Æнцон фæндаг нæу, фæлæ йыл фæсмон дæр никæд фæкодтон. Уацары куы бахаудтæн, уæд нæ цæмæй сдзурын кæной, уый тыххæй нæ дзиндан-уæрмæй рахуыдтой æмæ нæ кæсын кодтой, иннæтæн

фыдмитæ куыд кодтой, уымæ. Уыцы æгъатырдзинад фенгæйæ, мæнæн мæ зæрдæ бахъарм. Уæдæй фæстæмæ, зæгъæн ис, алцыдæр арфдæр æнкъарын райдыдтон.

Ныр фылдæр аргъ кæнын царды алы бонæн дæр. Мæн уырныдта, мæ хæлæрттæ мæм иубон æххуысмæ кæй фæзындзысты, æмæ æцæгæй дæр афтæ рауад.

Сæрибар адæймагæн йæ царды бонтæй иу æрмæст иуыл нымад цæуы, десанттæн бон – иу æмæ æрдæджы ныхмæ, хæсты бон – æртæйы ныхмæ, уацары бон – æхсæз боны нымадæй.

Уæвгæ, цард цыфæнды фантастикæйæ дæр цымыдисагдæр у. Уымæ гæсгæ, мæ фыстытæн сæ бындур иууылдæр документалон у, æвдыст сæ цæуы хицæн адæймæгты хъысмæт.

– Арæхдæр цы æрымысыс?

– Уæрмы æртæйæ куыд бадтыстæм, афтæ нæм дымгæ уырдæм къаппа-къуппайы иу мæнгуд сæр æрбахаста. Æртæйæ дæр ыл цинæй мардыстæм. Уæрммæ цы хуры тынтæ æрбабырстой, уыдонимæ хъазыд. Æхсæвы нæ къахæвæрæнмæ куы рахуыдтой, уæд æй немæ рахастам, уæрмы ма баззайа, зæгъгæ. Адæймаг циу йæ уагæй, уый хъуамæ макуы фесафа.

– Фылдæр журналист дæ æви фыссæг?

– Æфсæддон хабæртты фæсте никæд лæууыдтæн, фæлæ мæ алкæддæр литературон куыст йæхимæ тынгдæр ælвæста. Иу цымыдисаг цау уыд мæ царды. Мæ фыццаг уацау «Танки идут ромбом» мын мыхуыр кодтой журнал «Октябрь»-ы. Тынг тыхстæн, журналкæсæг æй куыд айсдзæн, цы аргъ ын скæндзæн, ууыл хъуыды кæнгæйæ. Сæйраг редактор Александр Ананимовмæ бацыдтæн æмæ йын афтæ зæгъын: «Уæ авторты ‘хсæн Ивановты мыггагæй ис 26 фыссæджы. Курын дæ, цæмæй мын бар радтай мæ уацмыс фæсномимæ рауадзынæн. Мæн нæ фæнды, цæмæй Ивановты номхыгъды уон 27-æм, се ‘хсæн аныгъуылдзынæн». Уый мæм æнæдзургæйæ байхъуыста, стæй загъта: «Коля, дæ мыггагæй дæхи ма тигъ кæн. Нæ дæ фæнды 27-æм Иванов уай, уæд бацархай æмæ су фыццаг Иванов! Æмæ дæ уæд иууылдæр зондзысты!».

Раст зæгъгæйæ, æфсады куыст стыр ахъаз у уацмыстæ фыссыны хъуыддаджы. Уым ис тынг бирæ æрмæг. Цы адæмимæ дзы фембæлдтæн, уыдон иуылдæр сты æнæфыст чингуытæ. Æмæ сæ æз сабыргай фæлдахын.

– Студенттæн кæсыс æфсæддон журналистикæйы курсытæ «Бастион». Цы сын фæфæдзæхсыс, куыд хъуамæ дарой сæхи бахъуыды рæстæг?

– Æз сын, фыццаджыдæр, амонын, сæхи знаджы нæмыгæй куыд хъахъхъæной, уый. Уый фæстæ та, – æрмæг куыд растдæр æмбырд кæнын хъæуы, уый. Арæхдæр журналисттæ æфсæддон хабæрттæ фæагурынц къамандыгæнæгæй. Уый раст нæу. Зæгъæм, ног хабæрттæ вæййынц медбаты. Уырдæм цæфтæ æрбаласынц, хæст кæм цыд, уырдыгæй. Иннæ ахæм, журналист хъуамæ æмбара, бирæ хабæрттæ салдæттæ семæ кæй ахæссынц, уымæн æмæ сын æргом дзуræн нæй.

– Чи уыд дæ ахуыргæнæг?

– Цард. Царды лæг хъуамæ фидар, ныфсджын къахдзæфтæй цæуа. Уæд ын æнтысгæ дæр кæндзæн.

– Кæд ныффыстай дæ фыццаг уацмыс?

– Уый уыд, 6-æм къласы ма куы ахуыр кодтон, уæд. Мæ хистæр æфсымæр мæ хабæрттыл фыста поэмæ. Ашхабадмæ ахуыр кæнынмæ куы ацыд, уæд ын йæ тетрад ссардтон æмæ йæ мæхæдæг дарддæр ахæццæ кодтон. Бирæ æмдзæвгæтæ ныффыстон, Суворовонты училищейы ахуыр кæнгæйæ дæр. Хъæуккаг хуымæтæг læппуйы æфсæддоны домæнтæ куы алхъывтой, уæд йе ‘нкъарæнтæ дæр æмдзæвгæты хуызы фемæхстысты.

– Куыд райгуыры ног уацмыс? Цы дæ фæразæнгард кæны йæ ныффыссынмæ?

– Фыссæг хъуамæ фыццаджыдæр аргъ кæна чиныгкæсæгæн. Æвæццæгæн, мæ зæрдæйы арфы драматург дæн. Уыцы жанрæн йæ закъонтæ дæр æндæр сты. Хъайтартæй иу «О» куы зæгъа, уæд иннæ та хъуамæ «Нæ» зæгъа. Кæд адæймаджы температурæ 36,6 градусы у, уæд чиныджы сыфты температурæ та хъуамæ уа 37 градусæй уæлдæр. Кæннод чиныгкæсæг бафынæй уыдзæн. Æз уарзын мæ чиныгкæсæджы дисы бафтауын, ног зонындзинæдтæ йын раттын. Уый тыххæй та мæ кæм хæдтæхæгыл бахъæуы дард искуыдæм тæхын, кæм хæсты цæхæры балæууын. Бирæтæ та уарзынц æнцад-æнцойæ диваныл хуысгæйæ сæ уацмыстæ фыссын. Ома, цардæй нæ гуырынц сæ сюжеттæ, фæлæ æрхъуыдыгонд вæййынц. Æз уарзын мæ хъайтары къуыммæ батæрын æмæ уырдыгæй рацæуынæн йемæ амæлттæ агурын. Иу сусæгдзинад ма схъæр кæндзынæн

мæ хъайтарты тыххæй: баппарын сæ, чиныгкæсæджы зæрдæмæ цы хъуыддæгтæ нæ фæцæудзысты, «гъеныр афтæ куыд бакодта» зæгъгæ цæмæй зæгъа, йæ бæсты йæ цæсгом куыд фæсырх уа, ахæм уавæрты. Чи зоны, автормæ фаухæсджытæ уа, фæлæ уымæй цымыдисагдæр уайы уацмыс.

– Арæхдæр ды фæкæныс иннæты критикæ, æви иннæтæ – дæу?

– Æз – иннæты. Уыцы хъуыддаджы мæхиуыл дæр нæ бацауæрдын. Адæймаг фыццаджыдæр хъуамæ йæхицæй бадома, уый фæстæ та – иннæтæй. Кæцыфæнды уацмыс дæр фыст куы фæвæййын, уæд мæхицæн фæзæгъын, дарддæр та дæ, Николай, дысвæлдæхтæй бакусын хъæуы, зæгъгæ. Цалынмæ дзы уд бауадзын, алы лыстæг фæзилæныл дæр бæстон бакусын, уæдмæ йыл бæхбадт скæнын æмæ йæ кæронмæ не суæгъд кæнын. Фыццаджыдæр та уал æй хъæрæй бакæсын æмæ сбæрæг кæнын уацмысы мелодикæ, æнцонкæсæн у æви нæ æмæ бирæ æндæр хабæрттæ. Мæхæдæг сразы уыдзынæн алы критикæгæнæгимæ дæр, хъуыддагæн ахъаз куы уой йæ хъуыдытæ, уæд. Уый тыххæй та хъуамæ критикæ дæр æнæ бындур ма уа.

– Цал уæнджы ис абон УФ-йы Фысджыты цæдисы? Сомбон уæ чи раива, ахæм æрыгон фæлтæр хъомыл кæнут?

– УФ-йы Фысджыты цæдисы фæстаг бæрæггæнæнтæм гæсгæ ис 8034 уæнджы. Уыдонæн æрмæст сæ 6 % сты 35 азæй кæстæр. Уый хорз уавæр нæу! Дыууадæс регионы та Цæдисы уæнгтæй иу дæр 40 азæй кæстæр нæ разынд. Кæмдæрты Цæдисы уæнгты астæуккаг кар у 68 азы. Нæ сæйрагдæр хæстæй иу у фæсивæдимæ ноджы хъазуатондæрæй кусын, кæстæрты нæхимæ æрбаввахсдæр кæнын. Цæдисы секретариаты фыццаг æмбырдтæй иумæ фæхуыдтон А. Тимофеевы, В. Поповы, С. Бударины æмæ сын адæмы ‘хсæн загътон: абонæй фæстæмæ сымах хъуамæ уат нæ фарсмæ, уынат, Цæдисы цы фарстатæ ис æмæ сæ куыд лыг кæнæм, уый. Уымæн, æмæ сымах стут Цæдисы сомбон, нæ традицитæ нын чи адарддæр кæндзæн, нæ уыцы ныфс, нæ хъару. Афтæмæй фæзынд Æрыгон литераторты цæдис. Бирæтæ фæтарстысты, рохтæ сæ къухмæ куы райсой æмæ нæ хицæуттæ куы суой, зæгъгæ. Æмæ уæдæ куыд?! Мах сæ нæхæдæг хъуамæ ма бацæттæ кæнæм уыцы бынæттæм, цæмæй цæдисы фидæн зæрдæхсайгæ ма уа? Хъуамæ нæ дæлбазыр ма сфæлтæрой?

– Нырыккон литературæйы фæзынд æнæнхъæлæджы ногдзинæдтæ. Ахсджиаг нал сты пунктуацион нысæнттæ, сæрибар формæ райстой уацмыстæ сæхæдæг дæр. Цы цæстæнгасæй кæсыс уыцы уавæрмæ та?

– Æз никуы сразы уыдзынын, хъуыдыйæдты ‘хсæн æмæ æнæуи дæр пунктуацион нысæнттæ кæм нæй, уыцы уацмыстæ аив литературон рахоныныл. Иу бæллæх та ма абон уый у, æмæ бирæтæн сæ уацмысты хъайтартæ сылгоймæгтæ сты æви нæлгоймæгтæ, уый бæрæг нæ вæййы. Алцыдæр аразгæ у, сывæллонæн гыццылæй цы аргъæуттæ кастысты, уымæй. Зæгъæм, лæппуйæн Илья Муромецы бæсты Дюймовочкæйы аргъау куы кæсай, уæд лæгдзинад, æхсардзинад йæ туджы куыд хъуамæ ахъара? Стæй Нарты кадджыты тыххæй дæр афтæ зæгъинаг дæн.

– Чиныг мыхуыры рауадзын алкæй къухы не 'фты. Уыйхыгъд бирæтæ сæ уацмыстæ Интернеты равæрынц. Иннæтæ сын уым сæвæрынц аргъгæнæн нысантæ. Цы дæтты уый фыссæджы præстæн?

– Æппындæр ницы. Интернет фылдæр у бырондон. Раст зæгъгæйæ, Интернет авторты халгæ кæны. Дзæгъæлы-иу нæ уыд авторæн редактор, цензор. Уый руаджы автор præстис, йæ уацмыстæ иуæй иннæмæ кодтой хæрзхъæддæр. Редактор авторы ссæрибар кæны мидцоппайæ, йæ уацмыс ын хæмпæлгæрдæгæй асыгъдæг кæны! Æрæджы мæм мæ фырт æрбахаста чиныг «12 стульев». Уыцы рауагъд мыхуыргонд æрцыд, цензор ыл куыд бакуыста, цытæ дзы айста, уыдон фæнысан кодтой, афтæмæй. Куы йæ бакастæн, уæд мæ стыр дисы бафтыдта редакторы профессионализм. Уый у алы редакторæн дæр методикон чиныг. Критиктæ æмæ редактортæй цы автор нæ ласы йæхи дæрдты, уымæн æвзæрæй тас нæу. М. Горький раст загъта: «Фыст цы 'рцыд, уыдон иууыл мыхуыр кæнгæ не сты. Мыхуыр цы 'рцыд, уыдон та иууыл кæсгæ не сты». Бирæтæ ‘рбацæуынц æмæ раппæлынц, Интернеты мын ме ‘мдзæвгæтæн 1500 лайкы сæвæрдтой, зæгъгæ. Фæлæ, Интернет поэзийы хурхыл кæй бахæцыд, маргæ йæ кæй кæны, уый сæ хъуыдыйы кæрон дæр нæй!

– Фысджыты цæдис абон йæ размæ цавæр ахсджиаг хæстæ æвæры?

– Хъуамæ бамбарæм, царды алы къабæзтæ цы уавæры сты уый,

æмæ сæ нæ уацмысты æвдисæм. Рауадзæм ног чингуытæ! Регионты ‘хсæн аразын хъæуы хæлардзинады хидтæ.

– Уыдис афтæ, æмæ-иу райгуырæн бæстæйыл зын рæстæг куы скодта, уæд-иу бирæтæ фæсарæнтæм алыгъдысты хуыздæр цардагур. Фысджыты ‘хсæн дæр уыд ахæмтæ…

– Фысджыты Цæдисы 60 азы юбилей куы бæрæг кодтам, уæд ахъуыды кодтон, нæ сæр бæрзонд кæмæй æмæ цæмæй хæссæм, зæгъгæ. Æмæ йæ бамбæрстон: Цæдисы сæргълæуджытæ иууылдæр ныгæд сты нæхи зæххыл. Иу дæр сæ нæ алыгъд фæсарæнтæм, нæ бафснайдта йæ сæр æндæр бæстæйы. Уый у хъуыдыйаг æмæ зæрдылдаринаг!

– Николай, цы у дæуæн Фысджыты цæдис?

– Фыццаджыдæр, – мæ куыст! Царды фæтк! Æхсызгон фембæлдтытæ адæмимæ! Фысджыты цæдис кæдфæнды дæр гом кодта ног дуæрттæ, хуыдта мæ цымыдисаг фæндæгтыл! Никуы бæллыдтæн сæргълæууæджы бынат бацахсынмæ. Фæлæ, кæд хъуыддаг афтæ рауад, уæд дзы размæ цæуын хъæуы. Фысджыты цæдис у мæ уаргъ æмæ йæ, цас хъæуа, цас амоной мæ хъарутæ, уыйбæрц хæсдзынæн. Æнæ цъыфкалæнтæй адæм нæ зонынц цæрын, фæлæ алцы зæрдæмæ хæстæг исын нæ хъæуы. Чи зоны, се ‘ппæты зæрдæмæ нæ цæуын. Фæлæ æз уыдоныл мæ рæстæг куы хардз кæнон, уæд ма кусгæ та кæд кæндзынæн?! Рæстæг куы ‘рцæуа, уæд мæ хъуыдытæ се ‘ппæты тыххæй дæр зæгъдзынæн. Арæхдæр мæ куысты фæдыл мæйы дæргъы аст регионы дæр бахъæуы бабæрæг кæнын. Вæййы афтæ дæр, æмæ мæ бинонтæ вагзалмæ бахæссынц мæ чумæдан иваен дзаумæттимæ, æмæ та дарддæр мæ фæндаг акæнын.

– Цы уаваеры ис иннæ регионты та национ литературæ?

– Зæгъæн ис, алы ран дæр – иухуызон. Автортæ къаддæрæй-къаддæр кæнынц. Кæцыдæр республикæтæ цырд фæлæууыдысты æмæ сарæзтой хорз мадзæлттæ грантты, премиты хуызы.

– Национ литературон журналты сомбон зæрдæхсайгæ кæй у, уымæй къæппæджы бахауынæй тæссаг у. Абон фæдисон дзæнгæрджытæ афойнадыл куы нæ ныццæгъдæм, уæд ног автортæ нæ цæсты кæронæй дæр нал фендзыстæм. Уымæй нæ Хуыцау бахизæд, фæлæ цавæр æрмæджытæ хъуамæ суой сæйрагдæр æрыгæтты сфæлдыстады?

– Хъыгагæн, дæ ныхæстæ раст сты. Уыцы уаваеран йæ уидаг раджы бахуыскъ, æмæ йыл абон нæ къах иууылдæр скъуырдтам. Уымæ гæсгæ журналты фæзынд ног рубрикæтæ: историон æрмæджытæ, цаутæ, очерктæ, интервьютæ æмæ афтæ дарддæр.

– Цы у, куыд у дæ райгуыраен къæс?

– Хъæуы нæ хæдзары цæрæг нал ис, фæлæ йæ мæ зæрдæ ауæй кæнын дæр нæ комы. Ælхæнæг дæр ын иу рæстæг фæзынд, фæлæ мæ цæстытыл куы ауад, мæ сабибонты цы тыргъы цыдтæн, уым ныр æцæгælон адæймаг цæудзæн, уæд нал сразы дæн. Йе ‘хца дæр ын фæстæмæ радтой. Райгуыраен къæсæн аргъ нæй. Мæ цахъхъæнтæй бирæтæ фæфæсмон кодтой, сæ фыдæлты хæдзæрттæ кæй ныууæй кодтой, ууыл. Æхца ныкъкъуыввитт ластой æмæ, абон хъæуы кæм бахсæвиуат кæной, уый сын нал и. Мæнæн та ис, æмæ уымæй дæн мæхицæй разы!

– Николай, æртæ боны дæ Ирыстоны хъуыддаджы фæдыл. Патриотон хъомылады охыл хуымæтæджы нæ акодтай дæ балц ардæм. Цы ‘нкъарæнтимæ здæхыс фæстæмæ?

– Уæлмонц æнкъарæнтимæ. Ирон адæмæн кæдфæнды дæр иннæтæ стыр аргъ кодтой, райдай уартæ паддзахы рæстæгæй æмæ уымæй размæ дæр. Абон дæр, РЦИ-Алани Уæрæсейы Федерацийы дæлбазыр кæй ис, уымæй нæ бæстæ у сæрыстыр. Ирон адæм сты æхсарджын, лæгдзинадæй æххæст æмæ зæрдæхæлар. Ис уын æвæджиауы хъæздыг истори æмæ традицитæ. Уæдæ уæ культурæ дæр у бæрзонд. Гуырдзæй рахæссут фыдыбæстæмæ уарзондзинад. Уæрæсейы æфсæддон стырдæр хъару – 58-æм Æфсад дæр – Ирыстоны ис. Ахæм адæмæн хъуамæ уа æвидигæ æмæ æнæзæрдæхсайгæ национ литературæ. Сымах стут Хуыцауы уарзон хъæбултæ. Ирыстонмæ ссæуын мæнæн дæр у бæрæгбонау.

– Бузныг, Николай. Æнтысæд дын алыварсыгæй!

Николай Ивановимæ ныхас кодта
ХЕТÆГКАТЫ Оксанæ

НОГ ÆМДЗÆВГÆТÆ

ХОХОЙТИ Энвер

ДУУÆ БАЗУРИ

БÆЛДАТ

Цард уарзондзийнадæй федауй.
(Адæмон æмбесонд)

Тагæй хуæрзæртадæй
Ракодтон мæ над
Дæубæл, зæрдирадæй,
Сауæрфуг бæлдат.

Рæстæг цурд æййевуй,
Æгæрон – дæргъцæй,
Уарзт зæрдæ æзгелуй,
Фур ристæй тæхсдзæй.

Ærвон æстъалутæй
Нæййес еу зиннæг …
Мæ уод татхуалитæй –
Еугур æрхæндæг.

Уæ фæтæн гъæунгæ,
Цума ревæд æй …
Кафуй зелгæ думгæ
Тæлтæг уæлгъæдæй.

Ду ба – æнæзингæ,
Къæрæзтæ – æхгæд.
Киндздзон, уарзон кизгæ,
Кæми дæ?! Фæсвæд …

Ку «содзун» уæ цори,
Цума къеудзирагъ …

Гæр, уой куд нæ зони:
Уарзт ке 'й тæхгæ маргъ …

Æ дууæ базури
Æз æма ду ан …
Æмзæрдæ хуæрззæри
Не 'рхæссуй зæран.

Хеваст ænамонд æй,
Ма 'руадзæн рæдуд:
Зæнхон рохс амондæй
Уодзинан рæвдуд!..

ФИНСÆГ МАЛИТИ ГЕУÆРГИЙÆН

Великодушные не слишком-то богаты,
Богатые зато бывают скуповаты.
(Народная мудрость)

Зæнхæ нин – Планетæ,
Нæ бæнттæ – уæргътау.
Тайунцæ – поэттæ,
Сæумон сæуæхседтау,
Цума ехæй – хедтæ,
Къеуин цирæгътау.

Фалæ нæ иннетæ
Зудæ – кæрæфтау:
Хатгай харакетæй,
Ænæ æхца федгæй,
Фæрсаг берекетæй
Фæсседунцæ: – Хуцау!..

Ци ' нцæ – сæ ниннеттæ?!
Еугур – фудевгеттæ,
Нæ цард æй æфстау …
Ærмæстдæр – поэтти,
Исонмæ даргъ хедти
Нæ маруй Хуцау!

СОНТ ГЪУДИ

Имисун бабæй мæ зари:
Гъосин æмбæрзт даргъ хæдзари
Пеци 'ндзæрстæй сог цæфсуй,
Ку цæгатмæ, ку хонсармæ
Пеллон хъуæцæ тар мæйдари
Мæ сонт гъуди фæххæссуй.

Ку нæ зонун, кæцæй 'рхъæрттæ?!
Кумæ ледзи?! Ма мæ бæттæ
Æфсæйнагцæг рæхистæй,
Мæ нифс, хъаурæ мин ма сæттæ,
Зелгæ думгæ! Цæй, ци фæдтæ?..
Тæссæй зæрдæ исристæй .

Уо, фæссорæ арви реуæй…
Нæдæр тæхуй, нæдæр кеуй
Æзинигкон тар мæйдар…
Кæддæриккон Феникс-цъеуау,
Стæхæд æма фæххæлеу уæд
Хъуæци хæццæ арти гъар!..

РОХС ÆВЗОНГАДИ РÆУСÆНТТÆЙ

Мегъти æмдзо суффутт думгæ
Естихузи ку фестинæ,
Уæд цурд бæлццон федарзæнгæй,
Гъолон мегътæй, иситгæнгæ,
Къубулæнттæ æзмелинæ.

Тæх Æфсоргъи æсхъæл барцæй
Ærфæн – тæлмæ сæздохинæ
'Ма иуæндæг фадæварцæй
Зинг – æстъалу арф хъалацæй
Нæуæг уæрас фæлготинæ.

Мегътти æмдзо зур-зур думгæ
Бæргæ, мæ хор, ку фестинæ,
– Имонауæн, æнæмæнгæ,
Ирд æстъалу, зув-зувгæнгæ,
Стур зæнхæмæ æресинæ.

Мæйи 'взестæ сатæг тунтæй
Цъæпо-цъилин ниббæттинæ;
Фиддæлтиккон бæзæрхугтæ
Хуæнхти реубæл бæзгин ругтæй
Еу дзæвгарæ ниссæрфинæ…

ЭЛЕГИ

Ерун си зундгонд скульптор Гадати Лазæр æма
йе 'дзард æнсувæр Никъалайи рохс нæмттæ

1

Царди хæццæ – хили хузæн,
Кæд цæбæлдæр зуст бостæ 'й?!
Æ хъануати сæйгæ 'нсувæр,
Еу гæзæмæ – æргъос æй…
Æристадæй нур æ размæ
Æхуæцфарс адзал – уæйуг,
Æнцæ, цума фæрсæй – фарсмæ,
Дегиз æмæ дони тъинкк.
Исдзурдта 'ймæ: –Ду адзал дæ?
Ци ниббоз уис дæхецæй?
Адæймаги ристæй «хъал дæ?!»
Цæй, фæхуæццæн – гъæбесæй!
Ку рантæсуй лæг мадзалан,
Куд ес цæрæн зæрдресæй,
Æз нæ тæрсун мæрдон тараей,
Фал ме хæстæ ка феддзæй?!

2

Бæргæ «тохуй…», фал – гæзæмæ,
Сау, марг «дзæмбуй» уæззау незæй
Æ царди рохс «идуйуй…»
Ку не 'гъосуй йе дзурдтæмæ…
Адзал æдзох уæлахезæй
Сонт, сайтанау, идзулуй…

3

Цъусунæги зæрди сугтæ
Зинг, цæхæрау нихъуæрис…
Уодæгасæй де 'нсувæри
Фæстаг хатт ма ку уинис…
Ци дæ бон æй?! Хъæбæр рæхги
Нæбал кæсдзæн ирд цæстæй,
Зæрдæресгæй нур æ сæргъи
Ку æрлæудтæ истухсгæй…
Реуи арфæй – хæр-хæр уолæфт,
Асдзагъд … Ристæй сонт катай…
Идзиртт кæси… Лæги сорæт
Ирд – æрвонæй фæууидтай,
'Ма æвгъайуаг уодисисти
Æруорædтай уоди стахт,
Раст цума æ испиринги
Циргъ Балсæги зелгæ цалх.
Тæрегъæддаг æмпурст цъеуи
Кæд исесуй сувæллон,
Уотæ 'ивæрыс дæ реуи,
Цæмæй исуа тухæнгъон.
Æма нура къæдзæх дори
Устур, тугул æмхуæцгæй,
Къурцц-архайæ æнæ зморæй,
Дæ тухст уодæй, арт цæгъдгæй.
Уазал дори арæхстгайти
Æнсувæри тælфгæ уод,
Куст фæлдесгæй, бауагътай си,

Æмæ слæудтæй сæрбæрзонд…
Сæумæраги хори тунтæй
Рæвдуд фæууй йе фиццаг,
Æрмæст мæрдон æрхун фунтæй
Æ зæрдæ ба æй идзаг.
Æ цæстингас æй изолмæ,
Мætæйдзаг æмæ æмир…
Исиста – сæрæй æ ходæ,
Раст цума коруй хатир.
Цæмæй ма уа бæгъæнсарæй,
Сæрбæл мети гæбина,
Æнæвгъауæй, цит, æруаруй,
Мæгур – æ бон, ци кæна?!

4

Дуккаг хатт, цума рантæстæй,
Æмæ иссæй æносон…
Уодвæлдесæн ци не 'нтæсуй?!
Адзалæн ба 'й æнæ бон!..

АИВАД, КУЛЬТУРÆ

ÆЛБОРТЫ ФЕЛИКС: 85 АЗЫ



(1935 – 2005)

ХУРÆНГÆС КУРДИАТ

Адæмон æмбисонд зæгъы, хур дæр æппæтыл не 'ххæссы, зæгъгæ. Фæлæ ис ахæм лæгтæ, æмæ сæ зондæй, сæ курдиатæй адæмы зæрдæтæ хурау чи фæрухс кæны. Фæдæттынц сын цæрыны æмæ фæллой кæныны тых. Семæ æнцон вæййы ныхас кæнын дæр æмæ кусын дæр. Се сфæлдыстад лæгæн лæвар кæны амæй ай хуыздæр æмæ бæллиццагдæр æнкъарæнтæ. Уымæн та ис иу ном – Хурвæлыст аивад.

Гъе ахæм курдиаты хицау уыдис номдзыд ирон композитор, РСФСР-Аланийы аивæдты сгуыхт архайæг, Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон премийы лауреат, Георги Свиридовы номыл майданы кавалер Ælборты Шалвайы фырт Феликс. Мыхуыр кæнæм йе 'мдугонты мысинæгтæ.

ФЕЛИКС – КОМПОЗИТОР

Арв рухс у стъалытæй. Уыдоны 'хсæн уæ цæст цы ирддæр тæппыл æрхæца, уыцы стъалы у æппæты тынгдæр рухсгæнæг, фæлмæн æмæ хъармтауæг. Гъе, ахæм у Феликсы курдиат. Йæ музыкæ йын базондзынæ йæ фыццаг зæлтæй. Уый фæрцы фæндаг ссардта алкæй зæрдæмæ дæр. Зæгъæм, цæмæй Польшæ бауарзай, уый тыххæй фаг у сæ генион композитор Шопены уацмыстæм байхъусын. Цæмæй Ирыстоны бауарзай, йæ адæмы удыхъæд ын базонай, уый тыххæй фаг у Феликсы музыкæмæ байхъусын. Уый æрмæст фортепианойæн концерт æмæ ацы музыкалон инструментыл цæгъдынæн пьесæтæ куы ныффыстаид, уæддæр йæ ном сыгъзæрин дамгъæтæй фыстæй баззадаид нæ аивады . Феликс куыд композитор, афтæ уыд бирæвæрсыг курдиаты хицау. Уымæ гæсгæ ма йæ фарны номыл дывæр кад бафтыдта, кинонывтæм цы музыкæ ныффыста, уымæй.

Феликсы уацмыстæй æз, куыд музыкант, нæ композиторты уацмыстæй арæзт концерты ацагътон, фортепианойæн кæй ныффыста, уыцы уацмыстæ. Æмæ сыл аивадуарзджытæ афтæ æхсызгонæй сæмбæлдысты, æмæ мын сæ дыууæ хатты ацæгъдын кодтой.

Дзæуджыхъæуы музыкалон училищейы куы ахуыр кодтон, уæд мын мæ ахуыргæнæг, УФ-йы культурæйы сгуыхт кусæг Лолаты Заремæ Феликсы уацмысты нотæтæ фыццаг хатт радта. Уæд ксероктæ нæма уыд, æмæ сæ къухæй рæсугъд рафыстон. Нæхимæ куы æрцыдтæн, уæд мæ цинæн кæрон нал уыд, æмæ сæ æхсæв мæ базы бын дардтон.

1983 азы та Хуссар Ирыстонæй (Феликс нырма уым цард æмæ куыста) зындгонд ирон композитор Къæбойты Никъалайы мад Жаннæ æрбаласта Феликсы уацмысты нотæтæ æртæ экземплярæй. Уæддæр та мын уый уыд, зæгъæн куыд нæй, ахæм стыр лæвар.

Ивгъуыд æнусы 80 азты Цæгат Ирыстоны академион театры кусын куы райдыдтон, уæд нæ театр Цхинвалы уыд гастрольты. Уыцы рæстæг нæ театры сæйраг режиссер Хуыгаты Геор лæгæй-лæгмæ базонгæ кодта Феликсимæ. Уæдæй фæстæмæ йæ царды фæстаг бонтæм йемæ фæцардтæн хæларæй. Æмæ мæ бон зæгъын у, йæ зæрдæ æмæ зонд куыд рухс æмæ аив уыдысты, афтæ царддæттæг зæлтæй нывæзт уыд йæ музыкæ дæр. Феликсы хуызæн композитортæ ацы зæхмæ æрвыст вæййынц Хуыцауæй.

МАХЪОТЫ Ацæмæз,
РЦИ-Аланийы Композиторты
цæдисы сæрдар, УФ-йы аивæдты
сгуыхт архайæг, Хетæгкаты Къостайы
номыл паддзахадон премийы лауреат

ФЕЛИКС – РУХСТАУÆГ

Феликсы лæгæй-лæгмæ кæнæ фæсауюнмæ чи зыдта, уыцы адæм æй дзæбæхæй мысынц абон. Æз йемæ бирæ азты фæкуыстон æмæ йæ арæх æрхъуыды кæнын. Йæ удыхъæды æмæ профессионалон миниуджытæм гæсгæ йæ рохгæнæн ницы хуызы ис. Нæ училищейы сæдæгай ахуырдзаутæ сæхиуыл банкъардтой Феликсы цæстуарзондзинад, йæ аудæг зæрдæйы ахаст, йæ алывæрсыг зонындзинæдтæ. Се 'ппæт дæр бындуронæй фæхайджын сты йæ музыкалон хæдбындур аивады алывæрсыг хъомысæй. Æз æмæ ме 'мкусджытæ Феликсыл ахуыр кодтам нæ рухстауæн архайдмæ аудæг æмæ уыцы иу рæстæг критикон цæстæй кæсын. Мæ хъуыдымæ гæсгæ, уыдон сты агургæ æмæ æнæаргæ миниуджытæ.



Феликс йæ бинойнаг Ларисæимæ



Композитортæ Къæбойты Никъала, Махъоты Ацæмæз, Плиты Мурат æмæ зæрæггæнæг Джиоты Алан Феликсы музыкалон уацмыстыты æмбырдгонды презентацийы



Кафты паддзахадон академион ансамбль «Алан»-ы 60 азы юбилейы рæстæг УФ-йы культурæйы сгуыхт кусæг Годжыцаты Изольдæимæ, РЦИ-Аланийы адæмон артист Гæлæуты Анатолиимæ æмæ ансамблы директор æмæ аивадон разамонæг Цъебойты Лидияимæ



Звукорежиссер Газайты Зояимæ



Республикæ Аджарийы мандаринты плантанцийы.Хуссар Ирыстоны адæмон нывгæнæг Хъотайты Григори, поэт Æлборты Хадзы-Умар, композитортæ Æлборты Феликс, Плиты Жаннæ æмæ Хуссар Ирыстоны сгуыхт дохтыр Пæррæстаты Инал



Цхинвалы музыкалон училищейы ахуыргæнджытæ æмæ студенттимæ



Йæ ахуыргæнинаг Къæбойты Лизæимæ



Цхинвалы Театралон фæзы Мулдарты Темоимæ



Йæ бинойнаг Ларисæ æмæ сæ уарзон сыхæгтимæ



Мамиты Зæринæимæ



Хуссар Ирыстоны зонадон-иртасæн институты ахуыргæндтимæ



Симфонион оркестры дирижер



Цхинвалы музыкалон скъолайы директор



Зындгонд фæндырдзæгъдджытæ Гуыссæуты Зæлинæ,
Елхъанаты Светланæ æмæ Дзуццаты Сослановæ



Цæгат Ирыстоны Абайты Васойы номыл гуманитарон
æмæ социалон иртæсæнты институты литературæ
æмæ фольклоры хайады наукон кусджытимæ



Цхинвалы Ногдзауты хæдзары сфæлдыстадон конкурсы жюрийы сæрдар



Зындгонд ахуыргæндтæ Хæдарцаты Азæ, Хæмыцаты Тамарæ æмæ мæскуыйаг журналист номдзыд фыссæг Гæздæнты Гайтойы юбилейы (1993 азы 17 декабрь)



Ног музыкалон уацмысыл кусгæйæ

«МАХ ДУГ»-Ы РАВДЫСТ

УФ-йы Фыскджыты цæдисы сæрдар Николай Иванов – Цæгат Ирыстоны












ИУДЗИНАД









Училищейы алы студентимæ дæр кодта цæстуарзон ныхас. Уыдонæй йын алчидæр æнкъардта, йæ курдиат, йæ бирæвæрсыг зонындзинæдтæ цас арф сты, уый.

Училищейы алы студенты дæр Феликс йæхи сæрмагонд дæнцæджы фæрцы ахуыр кодта аивадмæ æрдхæрæны уарзты цæстæй кæсын, размæ æвæрд хæстæ бæрнонæй æххæст кæнын. Йæ коммæ чи нæ касти, уыцы магусатимæ та йæ ныхас уыд цыбыр, фæлæ карз. Æмæ йын йæ удыхъæды ацы миниуæг дæр уыд цæвиттойнаг.

Домаг кæй уыд, уымæ гæсгæ йемæ алы хатт æнцон кусæн нæ уыд, фæлæ нæ цы фæлтæрддзинадыл ахуыр кодта, уый у мæнæн абон æхсызгонæн мысинаг.

Цхинвалы музыкалон училищейæн Феликс уыд йæ бындурæвæрæг æмæ директор. Абон дæр уым кусынц йæ бирæ ахуыргæнинæгтæ – фæлтæрдджын музыканттæ. Ныр, кæд Феликс не 'хсæн нал ис, уæддæр училищейы алы ахуыргæнæг дæр йæ куыстмæ кæсы уый цæстæй, фæбары йæ уый сфæлдыстадон барæнтæй. Афтæ кæй у, уый фæрцы ацы ахуыргæнæндон абон у цардхъом, ис ын æндон зæрин мæсыгау фидар ахуырадон-сфæлдыстадон бындур. Уыл куыста æмæ удуæлдайæ архайдта Феликс, уыл ахуыр кодта мах, йе 'мкусджыты. Æмæ дзы абон дæр æз мæхæдæг, стæй училищейы иннæ ахуыргæнджытæ, йæ бирæ ахуыргæнинæгтæ стæм, зæгъæн куыд нæй, афтæ бузныг æмæ буц….

Карина САРКИСЯН,
Цхинвалы Ælборты Феликсы номыл
музыкалон училищейы раздæры директор

ЗÆДТЫ МИНÆВАР

Ælборты Феликс уындæй куыд аив уыд, удыхъæдæй дæр афтæ рухсхæссæг æмæ аив уыд. Афтæ мæм каст, цыма ацы зæххыл зæдты минæвар уыд. Йемæ базонгæ дæн 1974 – 1975 азты. Уыцы рæстæг нæ бæстæйы сæйраг горæты стыр «Киностуди»-йы нæ радон кинонывмæ фыстам музыкæ. Музыкалон æгъдауæй та йæ Феликс сфæлгонц кодта. Йæ музыкæ та йын фыстой кинематографийы комитеты оркестры музыканттæ. Фыст æй куы фесты, уæд мын йæ дирижер(йæ ном ын нал хъуыды кæнын) афтæ зæгъы: «Ацы музыкæ чи ныффыста, уый хуымæтæг адæймаг нæ, фæлæ ацы зæхмæ зæды хуызы чи æрцыд, ахæм музыкант

у. Бирæ музыкалон уацмыстæ фехъуыстам, фæлæ Феликсы фыст аив музыкæйы зæлты хуызæн – нæма. Феликсы музыкæйы зæлтæй фæллайæн нæй, сæ фысгæйæ улæфгæ кодтон æз æмæ мæ музыканттæ дæр».

Уыцы рæстæг æмæ уый фæстæ азты дæр Феликсы музыкæ киноаивады тынг парахат уыд. Æндæр исчи йæ сины сæртыл æрхæцид, схъæлæй уынгты рауай-бауай кæнид. Фæлæ Феликсмæ ахæм миниуджытæй ницы уыд. Уыйхыгъд уыд цардуарзон, хиуылхæст, цыргъзонд, хъæлдзæг. Чи йæ зыдта, уыцы адæмæн уыд тугхæстæг æфсымæрау уарзон æмæ зынаргъ. Уыдис сывæллонау æнæхин æмæ сыгъдæгзæрдæ, цардбæллон лæг.

Иуахæмы «Мосфильм»-ы музыкæ куы фыстам, уæд уый фæстæ ссыдыстæм уазæгуаты. Æз, Дзбойты Бабле æмæ Феликс духовкæйы картоф æд цъар сфыхтам. Куы сцæттæ ис, уæд, сывæллон йæ уарзон хъазæн йæ армы æхсызгонæй куыд раппар-баппар кæна, афтæ уыцы картоф куыд адджынæн хордта, уыцы хуымæтæг хæринагыл куыд цин кодта, уый абон дæр мæ цæстытыл уайы.

Мæ зæрдæ мæм афтæ дзуры, Феликс йæ курдиатæй, йæ адæймагдзинадæй ирон адæмæн ракодта зæрдиаг лæвар…

БАСКАТЫ Уырызмæг,
газет «Рæстдзинад»-ы хистæр уацхæссæг,
РЦИ-Аланийы аивæдты сгуыхт архайæг

БИНОНТЫ ХИСТÆР ÆМÆ УАРЗОН ФЫД

Сывæллæттæ нын куы фæзынди, уæд сыл Феликс тынг узæлыд æмæ аудыдта. Сæ чысылæй фæстæмæ сын уарзын кодта Ирыстон, национ литературæ æмæ аивад. Арæх сын-иу каст дунеон, уырыссаг æмæ ирон аивадон литературæ, Нарты кадджытæ æмæ æндæр историон чингуытæ. Нæ бинонты 'хсæн иу нæм арæх рауад ныхас ирон литературæйы уацмысты тыххæй.

Æз, нæ йæ сусæг кæнын, Ælборты хæдзармæ куы æрцыдтæн, уæд хæбизджынтæ кæнынмæ бынтон хорз нæ арæхстæн. Уый мæ афтæмæй куы уыдта, уæд-иу мæм бацыд, уæзданæй-иу мæ фæиуварс кодта æмæ-иу уæливых йæхæдæг атъæпæн кодта æмæ иу-æй тебæйы цæвæрдта.

Дзыкка кæнынмæ дæр тынг дæсны уыди. Æцæг-иу æй куы змæста, уæд хъуамæ йæ цуры мачи лæууыдаид, стæй дзургæ дæр ма кодтаид. Афтæ-иу дзырдта, ныхасгæнгæйæ дзыкка куы кæнай, уæд ивæзаг нæ рауайдзæн, нæ равзæрдзæн, зæгъгæ. Дзæуджыхъæуы куы æрцардыстæм æмæ нæ хæдзары цæрджытæ куы базыдтой, Феликс дзыкка кæнынмæ дæсны у, уый, уæд ын-иу лæгъстæ кодтой, цæмæй сын лæппуйы кæхцмæ, кæнæ æндæр цины хъуыддагмæ дзыкка скæна. Æмæ сын-иу уый дæр загъта, дзыкка кæнынæн хуыздæр цавæр цыхт у, уый æмæ иу сын сæ хуынмæ ивæзаг дзыкка скодта.

Уынджы-иу сыхæгты 'хсæн куы бадт, кæнæ йæ хорз хæлæртты 'хсæн фынгыл, уæд-иу анекдоттæ æмæ хъæлдзæг хабæрттæ дзурынæй нал æфсæст.

Нæ фатеры бæрæг ран æвæрд сты рагон музыкалон инструменттæ. Æмæ нæм-иу æрыгон музыканттæй исчи куы 'рбацыд, уæд-иу Феликс уыдонæй райста дыууадæстæнон фæндыр, цагъта йыл-иу æмæ-иу семæ адæмон зарджытæ зарыд.

Æрмæст йæ къухы иу хъуыддаг нæ бафтыд. Нæ цотæй музыкæйы фæндагыл ничи ацыд. Фæлæ нæ læппу Ацæмæз у нывгæнæг. Чызг Агуындæ каст фæци дыууæ уæлдæр скъолайы – ЦИПУ-йы химион-биологон факультет æмæ Мæскуыйы паддзахадон университеты журналистикæйы факультет. Ныр кусы æнтыстджынæй йæ дыккаг дæсныйадмæ гæсгæ.

ОСТЪАТЫ Ларисæ,
Феликсы бинойнаг

Нæртон Ацæмæз. Нæ адæмы æрдхæрæны хæзна – Нарты эпосы – хъæбатыртæй иу. Уымæн йæ уадындз йæ алæмæты зæлтæй йæхимæ сырдты, дон, кæрдæг, адæмы куыд æрыхъусын кодта, уыйау уыцы уаз зæлтимæ абарæн ис Ælборты Феликсы музыкæйæн дæр. Æмæ кæд афтæ у, уæд йе сфæлдыстадæн Ацæмæзы фæлгонцау уæнт йæ цард æмæ кад æнусон!

Æрмæг бацæттæ кодта
ГАСАНТЫ Валери

МЫСИНÆГТÆ

ЦÆРУКЪАТЫ Азæ

ДЫУУÆ ХЪЫСМÆТЫ

Нырыккон ирон литературæйы классик Цæрукъаты Алыксандры коймæ мæ зæрдæ æнкъард хъуыдыты аныгъуылы, æмæ йæ сагъæсхуыз цæсгом мæ цæстытыл ауайы. Ærхæндæг мысинæгтæй байдзаг вæййы мæ зæрдæ. Æниу йæхицæй хуыздæр æмæ растдæр чи зæгъдзæн йæ царды тыххæй:

Чысылæй ардæм кастæн чингуытæ æрвылбон,
Уæд истон хай сæ диссæгтæй, сæ зондæй.
Фæлæ уыдис æндæр чиныг... Æз æй нæ уыдтон,
Йæ сыфтæ азæй-азтæй, рæнхъытæ та – бонтæй, –
Уый царды чиныджы æппын кæсын нæ зыдтон...
Æз баззадтæн бынтон æнахуыргондæй!

Артист Цæрукъаты Алыксандры хо Верæ-иу, махæн Быдзеу (афтæ йæ хуыдтам фæсномыгæй) стыр сывæллон у, зæгъгæ, дзырдта. Афтæ цæмæн рауад, уымæн аххоссæгтæ уыдис, фæлæ сæйрагдæр аххоссаг та уый мидæг уыдис, æмæ, 1937 азы хахуыргæнджытæ æмæ цъыфкалджытæ адæмы хуыздæрты куы сæфтой, æмæ сæ æрымысгæ дам-думтæй арты цæхæрмæ куы калдтой, уæд уыцы адæмы номхыгъдмæ бахауди Быдзеуы фыд Ибрыхи дæр. Куыд хъуыстон, афтæмæй уыцы рæстæджы уымæй стырдæр ахуыргонд-юрист нæ уыди Дыгур æмæ Æрæфы районты. Ædзæстуарзонтæ, фыдгæнджытæ нæ бацауæрстой фондз хъæбулы фыдыл дæр уыцы арты цæхæрмæ баппарыныл, адæмы знаг æй рахонгæйæ æмæ бинонтыл дæр уыцы уаргъ æрæвæргæйæ. Æрыгон лæппу, цоты хистæр Быдзеуыл æрæнцад хæдзары уæз. Йæ бæрны баззадысты йæ мады цыппар кæстæр зæнæджы. Йæ ныййарæг мад, йæхи удæй фылдæр кæй уарзта Быдзеу, арæх æнæфæразгæ чи хаста, уый бынтондæр æруатон, æмæ ædзухæй хъуысти йæ кæуын, йæ хъарæг. Зын сахат ирон адæм кæрædзи фарсмæ æрбалæууынц æмæ ныфсытæ æвæрынц хъыгдардбаййафæгæн, фæлæ ацы бинонты хабар афтæ нæ рауад. Адæм сыл сæхи атигъ кодтой, хæстæг сæм ничиуал цыди.

Быдзеуæн æрдхорд чи уыди раздæр, уыдон дæр-иу ын йæ фæстæ дуртæ æхстой, ды адæмы знаджы фырт дæ, зæгъгæ. Æнкъард æмæ æрхæндæг хъуыдыты бахауд æрыгон лæппу. Йе уæнджы арф ахъардтой, æмæ сæ йемæ фæхаста йæ цард-цæрæнбонты:

Ныр цыппæрæм хатт æрфæззæг,
Митæй хохы цъупп фæурс...
Нæй мæ кæстæртæм фæкæсæг
Уазал къонайы уæлхъус.
Иунæгæй сын о, цы кæнон?
Мах мæт йе 'ппæтæй дæу у.
Цæй, мæхиуыл уал фæкæуон,
Стæй фæкæудзынæн дæуыл...

Фæлæ диссаг та куыд нæу, уыцы ærхæндæг хъуыдыты уацары уæвгæйæ, йæ зæрдæ кæй баззади сывæллоны зæрдæйау сыгъдæгæй, æнæхæрамæй, тæригъæдгæнагæй, аудæгæй. Уымæн æвдисæн у йе 'мдзæвгæ «Искæд ды дæр»:

Авæр æххормаг мæгуырæн къæбæр, –
Ахæм тыхст рæстæг куы 'рсура дæу дæр.
Ауд рынчыныл, хъæуы йæ дæ сæр, –
Исты рын иу бон æрцахсдзæн дæу дæр.
Бауазæг кодтай æнафон кæйдæр, –
Искæд фæндаггон уыдзынæ ды дæр.
Ма бафхæр хистæры, ма зæгъ æвзæр, –
Уыцы кар, зон æй, æййафдзæн дæу дæр!
Раст лæгæн рахæц йæ фарс-иу цæхгæр,
Исчитæ чъизи куы кæной дæу дæр!

Быдзеу уæззау уаргъæн фæхаста йе 'мном артист Алыксандры – Дзибоккайы – æнафоны æвирхъау мæлæты хабар. Тынг æнгом баст уыдысты кæрæдзиуыл сæ сабибонтæй фæстæмæ. Сæ зæрдæты арфдæр æвæрд зæгъинæгтæ кæддæриддæр кодтой кæрæдзийæн.

Дзибоккайæн йæ курдиат куыд парахатдæрæй зынд, афтæ фылдæр кодтой йæ хæлæггæнджытæ. Уымæ гæсгæ Быдзеуы тынг фæндыди Дзибоккайы æвирхъау мæлæты аххосджыны нæмттæ раргом кæнын,

фæлæ мады нæ бафæндыди, мæ марды мын дзырддаг мауал кæнут, зæгъгæ.

Æз уыцы азты уыдонмæ цардтæн. Быдзеу алы бон дæр фæскуыст цыдис махуылты, гыццыл бандоныл-иу сбадти, йæ сæр-иу йæ дыууæ къухы æхсæн бакодта æмæ иу бирæ фæуынæргъыдта, стæй-иу дзы сирвæзт: «Мæ зæгъинæгтæ ænæ загъдæй баззадысты».

Æнкъард, æрхæндæг æмæ зæрдæрыстæй фæцарди Алыксандр. Никæцырдыгæй банкъардта йæ удыл хуры фæлмæн хъарм тынты узæлд. Бирæ азты цы хъæбулы фæзындмæ æнхъæлмæ касти, уый райгуырд ын стыр цин куыд нæ æрхаста, фæлæ-иу уый авдæны цур бадгæйæ дæр, æдзух йе ‘нкъард мысинæгты кой кодта. Цалынмæ хъæуы цардысты, уæдмæ сæм æз тынг арæх цыдтæн, кæд сæм мæн каргæн сывæллон нæ уыди, уæддæр. Бирæ уарзтон сæ мад Агънианы цымыдисаг таурæгътæ æмæ йæхи æрхъуыдыгонд æмдзæвгæтæм хъусын. Абон дæр дзы иу æмдзæвгæ мæ зæрдыл лæууы. Алыксандры никуы федтон хъæлдзæгæй, худгæйæ. Кæд æнкъард хъуыдытимæ мидхъуырдухæнты уыдис, уæддæр, Стыр Хуыцауæн табу, æрдзæй йын цы стыр курдиат лæвæрд уыд, уый йæ мидæг нæ бампылд, фæлæ, уарди хуры хъарм тынтæм куыд райхæлы, афтæ райхæлди æмæ нæртон æфсир рафтыдта.

Æз мæхи аргъгænæг нæ хонын Алыксандры стыр курдиатæн, стæй искæй сгуыхтдзинæдтыл дæр аууон не ‘ппарын, фæлæ Джыккайты Шамил (дзæнæты бадæд) Алыксандры табæты раз кæй загъта, уый дæр зæрдæ агайы: «Фаг аргъгонд дын нæ уыди, æнæ рæвдыдæй ацыдтæ, фæлæ ма тыхсгæ дæр ма кæн, кæмæндæрты сæ ордентæ æмæ сæ майдантæ сæ разæй хæссынц, дæуæн та сæ дæ фæстæ хæсдзысты». Зæрдæ риссын кæны, йе сфæлдыстады дзæвгар хай æнæкондæй кæй баззад. Йæ хойы йын куы бафарстон, ацы брошюрæты рæдзæгъдтæй æртæ томы саразæн дæр нæ уыди, зæгъгæ, уæд мын зæрдæрыстæй афтæ бакодта: «Цæрæнбонты йæ хицауад скаст нæ бауагътой, йæ развæндагмæ йын цæлхдуртæ куы æвæрдтой». Уæд цымæ цæмæн? Сæ фыды дæр сын 50-æм азты куы сраст кодтой æмæ йын йæ рæстдзинад адæмæн куы бамбарын кодтой.

Шамилы ныхæстæ раст кæй рауадысты, уый цины аккаг у зæрдæтæн. Алыксандр куы нал ис, уæдæй нырмæ цал æмæ цал мысæн изæры арæзт æрцыд йæ номыл. Уæлæуыл хур йæ фæлмæн хъарм тынтæй кæй нæ бахъарм кодта, цард йæ мидбылты кæмæ нæ бахудти, уыцы æфсымæры йæ рæсугъд ныхæстæй æмæ, æмбæлгæ аргъ кæнгæйæ, буц чи кæны, йæ рухс ном ын чи мысы, уыдонæн се ‘ппæтæн дæр бузныг...

ИРОН ЗОНДЫ АВНАЛÆНТÆ

ЕГАР

АДÆМЫ ЛÆГ

Ома, нацийы цæсгом, йæ исбон, йæ кад æмæ йæ намыс. Æмæ, дам, сылгоймаг куы уа стыр æмæ цытджын, уæд та ахæмы цы æмæ куыд схуындæуа?..

Нарты Сатана?

Фыдæлтæй нын ахæм æмбисæндтæ баззад: «Хорз лæг адæмы у», «Хорз адæмæн иумæйаг у», «Хорз ракæн, æмæ уæд адæмы дæ»...

Алчидæр нæ, фыццаджы фыццагдæр, ахæм кады аккаг лæгтыл дзургæйæ, Къостайы, Вассойы, Иссæйы æмæ ма къорд æндæры нæмттæ ранымаид. Фæлæ абон æз хорзæй æмæ арфæйагæй æрымысинаг дæн Гуытъиаты Цицкайы фырт Хъазыбеджы.

Хæстон лæгæй дæр – æнæфау, йæ уæздан уагæй дæр – ахъаззаг фæзминагæн хæссинаг, уæдæ ирон фольклор æмæ 'взагзонынадæн цы хæрзты бацыд, уымæй та нын – бынтон нымаинаг æмæ агуринаг.

Литературон, адæмон сфæлдыстады нæм кæд æцæг хæзнатæ ис, æнусæй-æнусмæ рæгъмæ хæссинæгтæ – уæвгæ та нæм куыд нæй! – уæд уыдоны астæу йæ кадджын бынат ахсы Хъазыбеджы арæзт чиныг – «Ирон æмбисæндтæ». Абон ын ссарæн дæр нал ис – мыхуыры рацыд 44 азы размæ фыццаг æмæ, стыр батыхсинагæн, фæстаг хатт.

Уый мидæг æмбырд у нæ адæмы философи, царды æнæнымæц фæзилæнтæм сæ цæстæнгас, сæ зонды авналæнтæ ам агургæ сты, сæ юмор, сæ сатирæ, сæ историйы цауты фæд, ирон æвзаджы æрфытæ, бæрзæндтæ æмæ уæрæхтæ.

Иу цыбыр дзырдæй, хæзна у, аргъ кæмæн нæй, раст тæккæ ахæм налхъуыт-налмас!

Кæддæрты дзы «Мах дуг» рухс уынын кодта хицæн хæйттæй. Ныр та дзы нæ зæрды ис æвзæрст хорау æвзаргæ 'мбисæндтæ æмæ таурæгъгæндтæ (притчи) хæссын чысыл комментаритимæ, кæд уый хъуаг не сты, уæддæр. Чи зоны, æмæ сæм нæ рæзгæтæй, не 'нхъæлцау фæсивæдæй дæр исчитæ фæкомкоммæ уой, нæ фыдæлты зонды ахæцæнтæ агургæйæ.

Хъазыбеджы бирæ зонындзинæдты æвдисæндарæн иу ахæм цау

æрымысон: кæддæрты кæйдæрты курдиатмæ гæсгæ бавдæлдтæн Къубалты Алыксандры поэмæ «Æфхæрдты Хæсанæ» дæлрæнхъонтæй стæлмац кæнынмæ.

Куыд дзы нæй зын бынæттæ, уырыссаг æвзагмæ 'нцонты ивын чи нæ комы, ахæмтæ, фæлæ дзы мæнæ ацы рæнхъытыл куы бамбæлдтæн, уæд мæ чъырттымау мæ авд æвзаджы дæр ферох сты, ома, иуырдæм дæр нал арæхстæн æмæ иннæрдæм дæр се стæлмацмæ – Мулдарты Косерхан, хъарæг кæнгæйæ, зæгъы:

Судзгæ дын фæбадон, дудгæ дын фæбадон,
Ды кæмæн уыдтæ æмæ ды кæмæн нал дæ!..
Куы нæ дыл сæмбæлди, къамбецтæ давгæйæ,
Дугъæттæ скъæфгæйæ, мæхъхъæлоны стыр цъил!

Уый та ма дзы цавæр цъил уа?! Лæджы сæрыл чи сæмбæла æмæ йæ чи федзард кæна?!

Зыдтон мæнæ ахæм цъилтæ – юла, волчок, кубарь, – фæлæ сæ иу дæр нæ фидыдта ацы хъуыддаджы. Дзырды дæсныты бафарстон – нæй, ничи йын зыдта йæ нысан, йæ мидис. Æмæ уæд мæ тъæпп Цицкайы æппæтзонæг фыртыл фæцыд. Æмæ, дам, уыцы цъил у нæхи хохаг бумеранг! Цуанæтты сагмарæн хæцæнгарз, æцæг австралийагæй йæ къæдз – уæрæхдæр. Чи-иу æй фехста, уымæ фæстæмæ здæхт…

Æмбисæндтæй бирæтæ алы адæмтæн иумæйаг сты, кæрæдзиимæ 'мбæлгæйæ, сæ кæрæдзи хорз зонд куыд нæ хъуамæ истаиккой! Фæлæ мæ дзы ацы ныхæстæ бынтон бацымыдисаг кодтой – чи сæ, зæгъын, кæмæй райстаид: ир уырысæй, æви уыдон махæй:

Искæй хъыгыл бахъыг кæнынæн адæймаджы зæрдæ дæр æгъгъæд у, фæлæ искæй циныл бацин кæнынæн та хъæуы зæды зæрдæ.

«Чтобы разделить чужое горе, хватит человеческого сердца, но чтобы разделить чужую радость, надо обладать сердцем ангела», – дзырдæй-дзырдмæ тæккæ ахæм у уырыссагау та.

Уырыс искæй исты хæсимæ арвыстой, æмæ зивæг кæны уый та, уæд ын фæзæгъынц: «Тебя только за смертью посылать!». Ирон лæг та-иу афтæ бафарста зивæггæнаджы, æрæгмæзынæджы: «Цас дæм кæны сым-сымы джиранка?»

Джиранка та у фунт, фунты уæз та уырысмæ у 409,5 граммы, англисæгтæ æмæ иннæ хурныгуылæны европæйæгтæм та – 453,6 граммы.

Уырыс афтæ фæзæгъынц: «Вот так фунт!» Истæуыл, ома, дисгæнгæйæ.

Науæд та вазыгджын хъуыддагæй: «Не фунт изюму!»

Ир та сымсийæн ахæм фидис кæнынц: «Цалынмæ дæ иу къах айсыс, уæдмæ дын иннæ куыдз бахсыны!»...

Æмбисæндтæн сæ дзæвгар хайæ арæх фæпайда кæнынц, иронау дзурынæн ма чи у, уыдон – зæгъæм: «Чидæр (науæд та гæды) цæстæнхъæл нæ уыд, фæлæ ма æрфыг, æрфыг дæр кодта». Фæлæ мæнæ ай та суанг политикон нысаниуæгимæ æрымысынæн дæр иттæг бæззон у: «Хæрæг сыкъатæ агурæг фæцыд æмæ ма æнæ хъустæй дæр баззад!»

О, абон уал разныхасæн фаг фæуæд. Дæлдæр та – таурæгъгæндтæ.

* * *

Бирæгъ æппæлыд йæ мыггагæй. «Мах, – загъта, – кæмдæриддæр зонынц æмæ нæ тæрсынц кæмдæриддæр – хъæды дæр, хъæуы дæр».

Ныр æхсæрæг дæр бæласы къалиуыл бады. Хъусы бирæгъы 'ппæлæн ныхæстæм æмæ йæм дзуры: «Зонгæ уæ кæнынц, уый æцæг у. Фæлæ, раст куы зæгъæм, уæд уæ 'ппæлæг дæр нæй. Бын бауат – иу хæлар кæмæн нæй».

* * *

Кæсаг æмæ уæрцц уыдысты лымæнтæ, фæлæ уæрцц донмæ нæ цыди, кæсаг – хуыскъмæ. С' астæу хæфс минæвар ныллæууыд æмæ куы донмæ фæцæуы кæсагмæ хонæг, рацу, дæ лымæны дын фенын кæнон, зæгъгæ, куы та хуыскъмæ фæцæуы уæрццы хонынмæ. Фæлæ уæддæр дыууæ лымæны абон дæр ма не 'мбæлынц кæрæдзиуыл. Уый тыххæй дзырдæн баззад уæрцц æмæ кæсаджы лымæнау, зæгъгæ.

ДОМБАЙ ÆМÆ МЫСТ

Мыст домбайы хъæбысы бахауд. Домбай йæ рацахста æмæ йæ хæрынмæ куыд хъавыд, афтæ йæм мыст дзуры: «Домбай, ма мæ бахæр, æмæ дын æз дæр дæ дзæбæх нæ ферох кæндзынæн».

Домбаймæ дис фæкаст мысты ныхас æмæ йæм дзуры: «Куыд дæм кæсын, афтæмæй худæджы мыст цыдæр дæ, уый йедтæмæ ды та мæнæн цæмæй баххуыс уыдзынæ?» – Æмæ йæ ауагъта.

Уый фæстæ цуанон домбайæн ахсæн хыз цæвæрдта. Домбай хызы мидæг ыстыхсти æмæ ныббогътæ кодта. Мыст уый куы фехъуыста, уæд æм æрбазгъордта. Бахсыдта хызæн йæ синæгтæ æмæ фервæзын кодта домбайы мælætæй. Дзæбæхдзинад нæ рох кæны.

БИРÆГЪ ÆМÆ ХЪÆДХОЙ

Бирæгъ хъæды, сыллынк-сыллынкгæнгæ, фæцæйуад. Æвиппайды йæ хъустыл цыдæр хъæр ауад, æмæ бирæгъ тынг фæтарст. Дзыхълæуд фæкодта, йæ къæрцхъустæ фæхъил кодта æмæ йæ алывæрстæм кæсы: никуы æмæ ницы!

Уалынмæ иу бæласы сæрмæ фæкомкоммæ, æмæ хъæдхой иу стыр бæлас дзæбугæй хойæгау хойы.

«Дæ хуыздæр амæла, мæ уд мын куы ауайын кодтай, – дзуры бирæгъ хъæдхоймæ. – Цæрынæй-хæрынмæ уыцы къуыртт-къуыртт кæныс, æмæ дын æппын хæдзары къуым никуы ис!»

«Дæ бинонтæй иу дæр мауал баззайæд! – дзуры йæм хъæдхой фæстæмæ. – Ды дæр дæ чысылæй дæ зæронды бонмæ «фос-фос» кæныс, æмæ далæ нæ уыныс: быдыры дæ фосыкондæй цæст æрæвæрæн нал ис».

Сæтти Бæттийыл худти, Бæтти та – Сæттийыл.

СÆТТИ 'МÆ БÆТТИ

Сæтти æмæ Бæтти дыууæ сыхаджы уыдысты. Сæтти – магусайæ цæлуарзаг, Бæтти та – уæззау куыстæй дзæгъæлгуыстгæнаг.

Сæттийæн уыди сахъари хæдзар, Бæттийæн та – кауын хæдзар. Сæттийæн йæ ис, йæ бис – иу зæронд куыдз. Бæттийæн та – иу уасаг гæды. Сæтти – даргъ лæг, Бæтти – цыбыр лæг. Сæттийæн – ыстыр сырх зачъетæ, Бæттийæн – чысыл бур зачъетæ. Сæттийыл – урс дæлæсин цухъхъа, Бæттийыл – бур уæлæсин цухъхъа. Сæттийыл – къогъодзитæ, Бæттийыл – æрчъитæ. Сæ райгуырынæй сæ амæлынмæ хицæн нæ кодтой, афтæмæй та иумæ ‘нцад цæрын нæ зыдтой. Сæтти Бæттийыл худти, Бæтти та – Сæттийыл. Иу иннæмæй адæмæн æмбисæндтæ хаста.

ТЕУА ÆМÆ ХÆРÆГ

Теуа æмæ хæрæг кусынæн нал уыдысты. Сæ хицау сæ аппæрста. Иумæ ’мбал скодтой, фæхызтысты иу сакъадах-аууоны. Хæрæг уайтагъддæр снард и æмæ загъта: «Теуа, уасын мæм цæуы!»

«Дæ хорзæхæй, ма ныууас! Исчи нæ базондзæн æмæ та нæ сау куыстæй бадомдзæн, хурхæй нæ амардзæн».

Хæрæг кæм байхъуыста! Йæ хъæлæсы дзаг ныууасыди: и-о-о! и-о!

Иу лæг фехъуыста уыцы хъæр, рацахста сæ æмæ сыл кусын байдыдта йæхицæн.

«Нæ дын загътон, нæ, æвзæр, ма ныууас!» – загъта хæрæгæн теуа.

«Хуыцау мæ ралгъыста, фæрæдыдтæн!..»

Стæй йыл лæг уæргътæ сæвæрдта... Фæндагыл хæрæг бастади. Хицау ын йæ уаргъ теуайыл сæвæрдта.

Æфцæджы сæрмæ куы схæццæ сты, уæд теуа загъта: «Хæрæг, мæнмæ та ныр кафын цæуы!»

«Цы кæныс, теуа, дæ хуыцаумæ скæс! Ма скаф. Ацы былæй куы атæхон, уæд мын халон ме стæгдар дæр нал ссардзæн».

Теуа дын скафыди, æмæ зæронд хæрæг былæй атахти. Йæ дымгæ дæр нал фæзынд.

КАЛМ ÆМÆ УАЛЛОН

Калм хурмæ хъазыд. Уаллон æй ауыдта æмæ йын йæ дæргъмæ бабæллыд. Йæхи ивазын байдыдта æмæ иннæ уаллоны фæрсы:

«Ærбакæс-ма мæм, мæ хур, калмы дæргъæн нæма дæн?»

Уый фæхудт æмæ афтæ зæгъы:

«Нæ, мæ хур, калмы дæргъмæ ма дæ бирæ хъæуы.» Уаллонмæ хардзау фæкаст уыцы ныхас æмæ загъта, уæдæ ма фæкæс ныртæккæ, зæгъгæ. Æмæ йæхи тынгдæр аивæзта æмæ дыууæ дихы фæхаудта.

Уый тыххæй æмбисондæн баззад: уаллон, дам, калмыл йæхи барста æмæ йæ тъанг аскъуыд.

РУВАС ÆМÆ ЙÆ ЛÆППЫН

Карцайы рагъыл иу рувас йæ лæппынимæ хъазыд. Æвиппайды рувас йæ фæстæгтыл абадт, йæ раззаг къæхтæ та хæрдмæ ивазы.

«Уый куыд бадыс, нана?» – лæппын æм дзуры.

«Куыд бадын куы зæгъай, уæд далæ Арыхъхъы рагъыл арт судзы æмæ йæм мæхи тавын.»

Лæппынæн æвиппайды йæ хъыллист фæцыд æмæ йæ къæхтæ мælæгау тилы. Йæ мад æм кæсы æмæ йæ фæрсы: «Цы кæныс, нанайы карк, цы тилыс дæ къæхтæ?» «Куыннæ тилон, нана, мæ къæхтæ? Уыцы артæй мæм стъæлфæн æрбахаудта æмæ мын сæ басыгъта.» «Ды та мæнæй гæдыдæр, быдыræй хохмæ зынджы стъæлфæн кæй судзы», – загъта лæппынæн йæ мад. Мæнг нæ бакæнынц: кæд ды рувас дæ, уæд æз та – дæ къæдзил.

* * *

Тærхъус йæхицæн маст кодта: «Циу ай мæ цард? Куынæуал фæразын – маргъæй тærс, сырдæй тærс, лæгæй тærс!.. Сыфтæры сыбар-сыбурæй дæр мæ уд сцæйхауы... Мæ бон нал у...»

Араст и йæхи доны ’ппарынмæ æмæ донбылмæ куы бахæццæ, уæд дзы хæфсытæ фæтарстысты æмæ донмæ сæхи бакалдтой.

Тærхъус уый куы федта, уæд æрсагъæс кодта: «Агъæц, а! Цæмæн сафын мæхи? Зæххыл ма мæнæй æнæбондæртæ бирæ куы ис!»

Æмæ фæстæмæ раздæхти.

Тærсаг куыдзæн йæ къуди йæ быны вæййы.

САГ ÆМÆ ЙÆ ЛÆППЫН

Саджы лæппын дзуры йæ мадмæ: «Диссаг мæм кæсы, нана, ды куыдзæй бирæ стырдæр æмæ цæрдæгдæр дæ, стæй ма дыл стыр сыкъатæ дæр ис дæхи бахъахъхъæнынæн, афтæмæй уæддæр æгæр тærсыс куыйтæй».

Саг бахудти æмæ загъта йæ рæуæдæн: «Æцæг зæгъыс, мæ хур, æцæг, фæлæ мæм иу æнамонддзинад ис. Æвæдза, куыйты хъæр фехъуыстон, афтæ мæ цæстытæ атартæ вæййынц, æмæ æмбаргæ дæр ницыуал бакæнын, афтæмæй мæ къæхтæ сæхæдæг згъорынмæ фæвæййынц».

ДОМБАЙ ÆМÆ РУВАС

Рувас никуы федта домбайы æмæ йыл фыццаг хатт куы сæмбæлд, уæд дзы фыр тæссæй, цы фæуыдаид, уымæн ницыуал зыдта. Дыккаг хатт ыл куы сæмбæлд, уæд дзы афтæ тынг нал тарст. Æртыккаг хатт ыл куы сæмбæлд, уæд та дзы тærсгæ нæ, фæлæ ма йемæ ныхæстæ дæр кодта.

АРС, БИРÆГЪ ÆМÆ РУВАС

Арс, бирæгъ æмæ рувас загътой кæрæдзийæ ’фсымæртæ. Ацыдысты балцы. Фæндагыл ссардтой иу нард хъазы мард. Се ’ппæты фаг кæм уыдаид, нæ йыл фидыдтой, ратæрхон-батæрхон ыл фæкодтой, стæй фæстагмæ ’рхъуыды кодтой æмæ загътой: «Æгъдаумæ гæсгæ, азтæй хистæр чи у, уый йæ бахæræд!»

Бирæгъы бафарстой: «Дæуыл цал азы цæуы?»

Уый сын загъта: «Адæмæн Хуыцау фос куы радта, гъеуæд райгуырдтæн!..»

Рувас куыддæр уыцы ныхас айхъуыста, афтæ дын хъарæг кæнын æмæ цæстысыг сæрфын систа. Фæрсынц æй йе ’мбæлттæ: «Цæуыл кæуыс?»

«Куыд нæ кæуон, уæ рын бахæрон! Хуыцау адæмæн фос куы радта, уæд мæнæн мæ хистæр фырт куы ’рбамард!..»

Арс сæм æнцад фæхъуыста, фæхъуыста, стæй загъта: «Кæд мæныл цыппар азы йеддæмæ нæ цæуы, уæддæр æз сымахæй тыхджындæр дæн æмæ уын ацы хъазæй ницы ратдзынæн!..»

Йæхæдæг хъазы мардыл балæууыд æмæ дын йæ мыртт-мыртт ыссыд.

БИРÆГЪ ÆМÆ РУВАС

Бирæгъы куитæ расырдтой. Уый иу стыр хуынкъмæ бауади. Бамбæхсон дзы, зæгъгæ, куыд загъта, афтæ кæсы, æмæ дзы рувас бады. Рувас йæ дæндæгтæ фæзыхъхъыр кодта æмæ дзуры бирæгъмæ:

«Ма ’рбацу ардæм – ай мæ бынат у!»

Знаг амарди, – загъта бирæгъ. – Куыйтæ мæм афтæ хæстæг куы нæ уаиккой, уæд дын æз бæргæ базонын кæнин, кæй бынат у, уый!»

ХÆФС ÆМÆ МЫСТ

Хæфс æмæ мыст фæхыл ысты. Кæрæдзи ратон-батон кодтой. Уари сæм касти уæлейæ æмæ загъта: «Уыдон мæн ницæмæ дарынц æмæ мæ ферох кодтой, фæлæ сæм куы фæзынин!»

Афтæмæй сыл йæхи рауагъта æмæ сæ ахаста.

РУВАС ÆМÆ ТАХЫНÆГ

Рувас хъæдбыны тахынæг ыссардта. Цинæй йыл йæхи хаста æмæ дзы хъазын байдыдта: куы размæ, куы йæ хæрдмæ фехсы.

«Дæуæй та цы бахæрон, – загъта рувас, – йе нард нæ дæ, йе дыл бырц нæй, хъæдындзы тæф дæр нæ кæныс, цæххъуаг дæр дæ, комыдæттæ дæр дæм нæ уайынц!»

Фыр цинæй йæ иу хатт афтæ тынг сæппæрста хæрдмæ, æмæ тахынæг бæласыл ауыгъдæй аззад. Нал æмæ нал хауди тахынæг дæлæмæ. Уæд ын рувас лæгъстæ кæнын байдыдта:

«Рахау, мæ хур, рахау. Бырц дæр дыл ис, хъæдындзы тæф дæр кæныс, нард дæр дæ, цæххъуаг дæр нæ дæ!» Фæлæ тахынæг бæласæй нал æрхаудта. Афтæмæй рувас дæр сæргуыбыр, уæнтæхъилæй араст йæ хæдзармæ.

АДÆМОН СФÆЛДЫСТАД

РАКУЫВД

Ацы 'лгъыстаджы рын чи у, уый дунейы адæмы цард сызмæста, бæстæ сæмтъеры, сæ бæлвырд фæлгæттæй фæиртæстысты суанг æппæт дзыллæйы бæрæгбонтæ дæр. Афтæ рауад Зилгæйы Къохы дзуар – Уастырджийы – кувæн бон дæр августы æртыккаг хуыцаубоны: хъæубæстæ æмæ дзы хъулон хуындæй уазджыты бæсты уыд бæрцæй нымад адæм.

Æнæ кафт, æнæ фæндырдзагъд-къæрццæмдзæгъд. Куывддзаутæ зæрдæпарахатæй хъæлдзæг нæ уыдысты, фæлæ хиуылхæцгæ уæздан.

Диссаг макæмæ фæкæсæд, фæлæ æз куыд фæстагмæ тæрсын райдыдтон алы цындзинæдты кувæг хистæртæй, стæй зианæрцыды хистæрæн бадджытæй дæр: æгæр арæх вæййынц æнæхъола…

О, фæлæ Зилгæйы бæрæгбоны къуындæг фынг йæ ракуывдæй тынг сфидауын кодта иу æгъдауылмард лæг – Хæмыцаты Раман. Фæстæдæр æм æрхатыдтæн, фысгæ-ма йæ, зæгъын,ныккæн – хъæздыг у зæрдæагайæг ирон æвзагæй, æмæ йын кæд журнал «Мах дуг»-ы бынат разынид.

Уæвгæ та, Раманæн уый æмбæлгæ дæр кæны, цæмæй кувын дæр æмæ нæ фыдæлтыккон æвæринаг æгъдæуттæ дæр бæстон æмæ бындуронæй зона: у Иры Стыр Ныхасы уæнг, Рахизфарсы районы ирон æгъдæутты хайады сæргълæууæг.

О, алы сидты фæстæ дæр хъуамæ нæра кæстæрты «Оммен, Хуыцау!» Ам сæ нал амонæм.

Г. Б.

Нæ зынаргъ хъæубæстæ!

Абон у нæ цытджын дзуары, Къохы Уастырджимæ кувæн бон, æмæ уæ йæ хорзæх уæд!

Дунесфæлдисæг, Дунедарæг, Дунеуромæг, æмбал кæмæн нæй, уыцы Иунæг Стыр Хуыцау! Табу Дæхицæн!

Ды нæ сфæлдыстай цæрынмæ, æмæ Дын табу кæнынхъом куыд уæм, ахæм арфæ нын ракæн!

Уæ, сыгъзæрин Уастырджи! Нæлгоймæгты зæд дæ, æмæ Ирыстон

нæлгоймагхъуаг куыд никуы суа, нæ омменгæнджытæ фылдæрæйфылдæр куыд кæной, тар хъæдыбæлæстау бæзджынæй-бæзджындæр, ахæм хорзы нын бацу!

Къохы цытджын дзуар, табу дæхицæн!

Æрдхæрæны кувæндон нын дæ, дæ быны бирæ кæстæртæ ард бахордтой, æмæ се 'фсымæрдзинад бонæй-бон тыхджындæр куыд кæна, сæ хъаруйыл хъару куыд æфта, сæ ныфсыл ныфс, ахæм амонд сын ратт!

Уæ, Хетæджы Уастырджи, Тымбылхъæды дзуар!

Нæ фæсивæд – де уазæг! Исчи сæ-иу куы фæтыхса, уæд, Хетæгæн цы æххуыс бакодтай, ахæм ахъаз ын-иу куыд бакæнай, ахæм амонд сын ратт!

Уæ, нæ фыдæлты Къобы Уастырджи, табу дæхицæн! Дунетыл хъуыстгонд дæ, дæ хъомыс æгæрон у, æмæ-иу паддзах дæ быны уымæн æрзоныг кодта. Нæ кæстæртæ дæуыл фæдзæхсæм, дæ рахиз къабазы бын сæ куыд дарай, фыдбылызтæй сæ куыд хизай, ахæм амондæй сæ фæхайджын кæн!

Уæ, Реком, Мыкалгабыртæ, Тараджелоз! Хуыцауы цæстысыгтæй равзæргæ дзуæрттæ стут, бæркад дæттаг стут, æмæ нæ бæркæдтæ, Сидæны цæхгæрау, уæле исгæ, бынæй ахадгæ куыд уой, ахæм арфæтæ нын ракæнут!

Уæ, Ныхы дзуар, къайады бардуаг дæ, æмæ нæ дæ хорзæх уæд! Нæ фæсивæд хорз къайæгтæ куыд кæной, сæ цард амонджын куыд уа, ахæм арфæ сæ хай фæуæд!

Уæ, Фыры дзуар, табу дæхицæн!

Тырынтæ дæттæг дæ, æмæ нæ чындзытæн фылдæр тырынтæ куыд гуыра, нæ бындарты нымæц фылдæрæй-фылдæр куыд кæна, ахæм амонд нын саккаг кæн!

Уæ, Мады-Майрæм! Дæ къухтæй цæуынц нæ кæстæртæ, æмæ нæ иу дыууæ куыд кæна, нæ дыууæ та фарасты хистæр куыд уой, не стæг магъз куыд æвæра, нæ тала бæлас куыд кæна, фырт фыдæй лæгдæр куыд кæна, чызг мадæй бæркадкъухдæр куыд уа, ахæм арфæ нын ракæн!

Уæ, Рыны бардуаг, табу дæхицæн! Нæ кæстæртæ – де уазæг, фыдрын, фыднизæй сæ бахъахъхъæн! Рынчын куыд нæ кæной, æнæнизæй хистæры бынатмæ куыд хизой, хистæртæ та арфæйагæй зæры бонмæ куыд цæрой, ахæм амонд нын ратт!

Уæ, тызмæг, æлхынцъæрфыг Аларды! Табу дæхицæн! Нæ сабитæ – де уазæг, де ‘ргом сæм ма раздах, дæ чъылдымæн дын кувдзыстæм!

Уæ, Тбау Уацилла! Дæумæ куваем! Фыдбылыз сафæг дæ, æмæ, дæ кувæг адæмæн сæ фыдбылыз сæфт куыд уа, сæ амонд тыхджындæр куыд уа, уыцы арфæ сын ракæн!

Хоры Уацилла! Фосы Фæлвæра! Уæ кувæг адæмæн ænæ уæ фарнæй цæрæн нæй. Гъемæ нæм хор бирæ куыд уа, фос нæм ноджы фылдæр куыд уа, æмæ сæ куывдтæ æмæ чындзæхсæвтæ куыд кæнæм, ахæм арфæтæ нын ракæнут!

Уæ, Ныхасы Уастырджи, табу дæхицæн! Нæ ныхæсты фарн æмæ амонд куыд уой, нæ куывдтытæ Хуыцау æмæ Йе сконд зæдтæм æмæ дауджытæм куыд хъуысой æмæ сын барст куыд уой, ахæм арфæ нын ракæн!

Æрджынарæджы Фæндагсары Уастырджи! Табу дæхицæн! Нæ кæстæртæ дæ сæрты æндон цæргæсты мидæг тæхынц, дæ бынты æфсæн бæхтыл цæуынц, æмæ сын сæ фæндаг раст кæн, фæстæмæ сæ къонатæм сæрæгас æмæ дзагармæй куыд здæхой, ахæм амонд сын ратт!

Быдыры дзуæрттæ! Бæркад дæттæг стут, æмæ уæ фæрцы æртыгай кæрдзынтæ куыд куваем, ахæм ахъазгæнæг ут!

Мæнæ мæ рахизфарс цы кæстæртæ лæууынц, уыдоны оммен арвнæрдау Стыр Хуыцау, зæдтæ æмæ дауджытæм куыд фехъуыса, сæ нæртон тых се уæнгты куыд æхсида, æцæг ирон нæртон лæгтæ сæ куыд рауайа, ахæм амонд сæ уæд!

Гъæйтт, кæстæртæ! Чи ацахода, уыдонæн сæ цæрæнбонтæ бирæ уæнт!

ЦАРЦИАТЫ РАВЗÆРД

Таурæгъ

Уæд иу ахæмы арвы дуар фегом вæййы, уарын райдайы, æмæ къæвда къæртайæ кæлæгау ныккæлы, арвы тыгъдадыл цыхцырæгтæ равзæры. Уый Хуыцау йе ‘мвынгонтимæ бадти æмæ кæй ныуæзтой, иннæйы калдтой.

Хуыцауы фынгыл бадтысты зæдтæ æмæ дауджытæ æмæ уыдоны æмбæлттæ. Уым уыдысты Хур æмæ Мæй дæр, фæлæ расыгæй Хуыцауы хонгæ уæвджытæ æрра митæ куы кодтой, уæд уыдон фæтæргай сты æмæ сæхи райстой. Уæды заманы æхсæв æмæ бон нæ уыдысты. Иугæндзон рухс уыди дуне. Хур æмæ Мæй радыгай тавтой зæдты, дауджыты, уыдоны æмбæлтты.

Хуыцау та рæгъытæ кæны, фæлæ акасти, æмæ йæ хуынды нал уыдысты Хур æмæ Мæй. Хуыцау фæрсы:

– Уæдæ Хур æмæ Мæй цы фесты, кæдæм фæцыдысты?

Зæдтæй йæм чидæр бадзырдта:

– Табу Дæхицæн, Хуыцау, фæлæ фæцыдысты.

Хуыцау сæм фидиуæг фервыста. Фидиуæг Хурмæ ахæццæ ис æмæ йын зæгъы:

– Хуыцау дæм сиды.

Хур зæгъы:

– Хуыцау йæхицæн Хуыцау у, райы æмæ кайы, фæлæ уый фынгыл бадинаг æз нæ дæн. Хæринагæй хынджылæг кæнут, нуæзт дзæгъæлы калут. Хъамылы хуытæй фыддæр фестут. Нæ ацæудзынæн, хæтæнты цæуын.

Фидиуæг Мæймæ æрхæццæ ис æмæ йæм дзуры:

– Хуыцау дæ хоны, фæзын æм.

Мæй дзуры:

– Хуыцау йæхицæн Хуыцау у, мах Хуримæ иугæндзон уый æмæ йе ‘мдзæхдонты хъарм радыгай даræм. Арвы кæрæттыл зилæм æнæрæнцойæ, улæфт нын нæ дæтты сымах хуызæн. Æвзæр хуыты хæрд æмæ ноздт кæнут, уæ бын – чъизи, уæ ном – ницы, хорздзинадæй ницы сарæзтат. Ды, Хуцауы минæвар, дæхи айс æмæ нæм дæхи мауал равдис.

Фидиуæг минæвар аздæхти, радзырдта Хуыцау æмæ Уый æмвынгонтæн Хур æмæ Мæйы ныхæстæ. Хъыг сæм æркасти æмæ скодтой карз тæрхон.

– Абонæй фæстæмæ Хур æмæ Мæй кæрæдзимæ тырнæнт, фæлæ кæрæдзи мауал æййафæнт. Рухс æмбисыл уæд, æмбис та талынг. Хур боны цæуæд, Мæй – æхсæвы тары.

Тæрхон æрцыди Хур æмæ Мæйыл. Уæд Хур смæсты, йæ карз тынтæ калдта боныгон. Мæй дæр смæсты æмæ сæм уазал тынтæ калдта. Уæларвы цæрджытæ куы тæвды фæлмæцыдысты, куы та – уазалы. Æрæмбырд сты ногæй æмæ та тæрхон кæнынц.

Хуыцау зæгъы:

– Мах цыдæриддæр ми бакодтам – нæхицæн, фæлтау сын сæ куырдиатмæ байхъусæм.

Рарвыстой та фидиуæг Хур æмæ Мæймæ. Фидиуæг зæгъы:

– Цы уæ хъæуы Хуыцауæй, Хур æмæ Мæй, уый мын зæгъут.

Хур æмæ Мæй загътой:

– Улæфæн бынат агурæм.

Фидиуæг загъта Хур æмæ Мæйы ныхас Хуыцауæн. Хуыцау фæрсы Йе ‘мбæлтты:

– Ныр цы бакæнæм, а дунейыл Хур æмæ Мæй цæрддзæуæн кæнынц æмæ улæфæн бынат курынц.

Зæдтæ загътой:

– Улæфæн бынат сæ дыууæйæн раттæн нæй, уæд æмхуызæн æндавдзысты иу ранæй æмæ дуне арты хай бауыдзæн, фæлтау сæ иу боны тавæд, иннæ та изæры уазуддзæф кæнæд.

Сразы ис Хуыцау зæдты фæндоныл.

Хуыцау их дон Мæйыл бакалы æмæ Мæйы рухс фæталынг ис. Мæй уæдæй фæстæмæ Хурау нал тавы. Хуыцауы фæндонæй Хур æдзæф бандоныл бадт æрцыди, æмæ йын сыстæн нал ис, бадгæйæ тавы. Мæй йын фæндаг агуры, æхсæвæй-бонæй зилы, фæлæ Хуыцауы раз йæ бон ницы у. Уæд Хур смæсты ис. Æдзæф бандоны ныццæвы æмæ Хурæй къæрт фæхауы, уыцы къæрт фæхауы, уыцы къæртты Мæй уд бауадзы, æмæ мигътæ равзæрынц. Ныры мигътæ Мæйы цæссыгтæ сты. Мигътæ сæхи лæбурæг скæнынц, æмæ сыл Хуыцау стыр къуыбар рахсы. Къуыбар мигъæртæхæй анæрсы æмæ дзы Зæхх равзæрди. Зæхх бынат æрцахста, фæлæ тæвд кодта æмæ абухти, кæм сызмæнты, уырдæм дымгæ рыг æмæ сыджыт скъæфы, кæм рæгътæ, кæм хæхтæ, кæм фæзтæ, кæм дæлвæзтæ аззади Зæхх. Афтæ сывзæрдысты дзыхъхъытæ æмæ къуыбыртæ. Зæхх фестади дзæнæты бынат, фæлæ йыл нæ змæлæг уыди, нæ тæхæг. Уырдæм Хур ныккасти, Зæхх йæ зæрдæмæ цыди, фæлæ æнкъард кодта.

Хуыцау та базыдта Хуры æнкъард æмæ йæм рарвыста:

– Цы кæныс, Хур, уый дын бадæн дæхицæй æмæ мæ армæй. Цæуыл ма маст кæныс?

Хур зæгъы:

– Алæмæт бæстæм мæ тынты фервитын, алæмæт бæстæтыл фæлгæсын, фæлæ та мæ тынты æнкъардæй райсын. Уыцы алæмæт бæстæйы æз змæлæг нæ уынын, уæд цæуыл цин кæнон?

Хуыцау та Йе ‘мвынгонтæн ракодта Хуры ныхæстæ æмæ загъта:

– Хур агуры змæлджыты, йæ тынтыл цæмæй хъазой.

Зæдтæ загъынц:

– Бар дæхи, Хуыцау, сараз æппæтдæр, дæу куыд фæнды. Æрмæст афтæ: кæрæдзи ма æмбарæнт змæлджытæ, кæннод, кæрæдзи куы ‘мбарой, уæд ма Дæуæй цæй Хуыцау уыдзæни, сомбон дæм сæхæдæг бырдзысты.

Хуыцау Зæххыл разылди, Йе ‘рттыдзаг сыджыт систа, лыстæг æй æрмур кодта, баулæфыди сыл, стæй йæ акалдта æмæ загъта:

– Змæлæг фестут.

Уыцы сыджыты згъæлæнтæ фестадысты лыстæг бырджытæ: кæлмытæ, хъæндилтæ, уаллæттæ, бындзытæ, хилджытæ, æмæ бæстæ сæфтой, зæхх къахтой, кæрæдзи ахстой.

Хур та ныттархуыз ис æмæ та Хуыцаумæ фехъусын чындæуыди. Хуыцау та йæ фидиуæгæн бафæдзæхста, цæмæй базона, цы ма агуры Хур.

Фидиуæгæн Хур зæгъы:

– Зæгъ Хуыцауæн, æз Уымæй уый нæ агуырдтон, кæцыты сфæлдыста.

Фидиуæг та Хуыцауæн Хуры хъаст ракодта. Хуыцау зæгъы йе ‘мвынгонтæн:

– Хур разы нæу ме сфæлдисгæтыл.

Зæдтæ загътой:

– Фестырдæр кæн Де сфæлдисгæты æмæ сæ æндæр хуызæн дæр фæкæн.

Хуыцау та разылди зæххыл. Стыр сыджыты къуыбæрттæ акодта æмæ сæ донæй бапырх кодта, стæй загъта:

– Змæлæг фестут.

Уыдонæй та равзæрдысты къаддæр сырдтæ: бирæгътæ, æрсытæ, тæрхъустæ, рувæстæ, сæгтæ, дзæбидыртæ æмæ æндæртæ.

Хур сæм касти æмæ уыдта: сырдтæ кæрæдзи фыд хæрынц, æрдзы

рæсугъд сафынц. Тынгдæр смæсты, йæ тынты уæларв цæрджытыл ауагъта æмæ сæ фæлмæцын кодта тæвды.

Хуыцау та æртыккаг хатт рарвыста фидиуæг Хурмæ.

Фидиуæг Хурмæ æрхæццæ ис æмæ йæ фæрсы:

– Цæуыл ма мæсты дæ, Хур, уый Хуыцауы базонын фæнды.

Хур зæгъы:

– Зæгъ Хуыцауæн, Уый алæмæттаг бæстæйæ хынджылæг кæны. Мæн ахæм змæлджытæ нæ хъæуынц. Мæн хъæуы Зæххы рæсугъддзинад æвæрын чи зоны, йæ хъахъхъæнын кæй бон у, æмæ, кæд тыхæй нæ, уæддæр зонды фæрцы, Зæххыл ныртæккæ цы змæлджытæ ис, уыдоныл тых кæна. Хуыцау кæй сæвзæрын кодта, уыдон кæрæдзи фыдхортæ сты. Мæн хъæуы ахæм змæлджытæ, кæрæдзи фыд куыннæ хæрой.

Фидиуæг рафæзмыдта Хуры ныхæстæ Хуыцауæн. Хуыцау æмæ Йе ‘мбæлттæ та тæрхон кæнынц. Уæд зæдтæй иу зæгъы:

– Рафæлдис-иу ахæм æзмæлæджы, иннæтæй хицæн чи кæна, Зæххæн йæхицæй куыд уа, махмæ йын фæндаг куыннæ уа, цардыл уæд, фæлæ æмбал ма зонæд.

Хуыцау зæххыл йæ фæндаг ракодта, сыджыт змæст скодта, къæдзæхы фæрчытæ йыл æрæвæры æмæ сæ сыджыт змæсты бафидар кæны, хохаг суадон ауадзы змæстыл, æмæ равзæрд лæг. Сыджыт фыд фестади, къæдзæхы фæрчытæ – сæр фестынц, хохаг суадон туг фесты.

Лæг базмæлыди, фæлæ уыди гоби, дзыхæй нæ дзырдта. Уæд дымгæйы бардуаг Галæгон лæджы хъусты ныхситт ласта, æмæ хъустæ фæндырдзæгъдау базмæлыдысты. Лæг фестади æцæг адæймаг. Лæг акасти фæйнæрдæм. Хур æй рæвдыдта, Мæй йæм ныккасти, цард æм бахудтис. Лæг цыди зæххыл, куы иу ран, куы æндæр ран æрбынат кæны. Йæ цард кодта цуанæй, Хуыцау раздæр кæй сфæлдыста, уыцы фосæй, кæм дыргъ æмæ халсар хордта. Уыцы лæг кодта рацу-бацу, ома кодта цæрддзу цард. Ардыгæй равзæрди Царциаты мыггаг. Лæг – цæрддзой, цардагурæг, цардгæнæг. Царциаты мыггаг фæстагмæ фесæфт, фæлæ сæ ном кадимæ баззади.

Афтæ равзæрди Царциаты мыггаг.

ИРОН ПРОЗÆЙЫ АНТОЛОГИ

Гусалты Мустæйы (Хадзымуссæйы) фырт Барис райгуырд 1940 азы 20 мартъийы Зилгæйы. Йæ фыд хæстæй нал сыздæхт, æнахъом лæппу йæ кæстæр хоимæ баззадысты сæ мад æмæ сæ фыдымады 'вджид.

Астæуккаг скъолайы фæстæ, 1957 азы Барис бацыд нæхи педагогон институты ирон-уырыссаг филологийы факультетмæ, æмæ йæ каст куы фæцис, уæд къорд азы фæкуыста ахуыргæнæгæй. Уый фæстæ уыд районты газеттæ æмæ «Рæстдзинад»-ы уацхæссæг.

Стæй та куыста журналтæ «Ногдзау», «Дарьял», «Мах дуг»-ы редакциты – ам ныр дыууын æвдæм аз у прозæйы хайады редактор.

Мыхуыры йын рацыд радзырдтæ, уацаутæ, романтæ, публицистон, драмон æмæ критикон уацмысты чингуытæ: «Иу артæй уæрст», «Фаллаг, бæрзонд был», «Тугдар æмæ тугагур» æмæ æндæртæ, ацы аз та – «Лæджы уаргъ».

ГУСАЛТЫ Барис

АЦЫ АМОНДДЖЫН ЗÆРДÆХАЛÆН СÆРД

Радзырд

Кæртæй уынгмæ куыд рацæуинаг уыд Уæхтæнг, афтæ йæм йæ зæрдæ сдзырдта: мæнæ куыддæр акæса æмæ йе ’ргом уыдоны 'рдæм азила, афтæ йæ ауындзæн. Йæ тар кæрдæгцъæх цæстытæ йæм дардмæ дæр ферттивдзысты, æмæ та зæрдæкъуырд, сагъдауæй аззайдзæн...

Уæхтæнг гыццыл дуар йæ фæдыл рассыдта, хъавгæ йæ цæст уæлæрдæм ахаста – йе уæнгты тæвд уылæн ахъазыд, йæ зæнгты нуæрттæ бадыз-дыз кодтой, бахъарм æмæ бадых сты – Надя, узæлгæ, йæ къахы фындзтæ зына-нæзына тæссармæ исы, зæвæттæ кæрæдзимæ хæстæгдæр, афтæмæй æрцæуы, дыууæ бедрайы дондзагæй рогæн æрхæссы. Цæугæ нæ кæны, цæугæ, фæлæ цыма сиргæ кафты аив исы йæ къæхтæ, æнæстъæлф сты йæ уæнгтæ, уыйау у йæ фадыварц.

Цæмæй та йæ базыдтай, зæрдæ, цæмæй, рагацау цæмæн бакатайаг дæ, мæнæ куыддæр мæнæй уый ахиза уынгмæ, афтæ йæ ауындзынæн, æмæ та йæ уыцы сонт цинæй хур бон дæр фесхъиудзæн æмæ фæрайдзастдæр уыдзæн, раст электрон иту куы рафтауай, æмæ уыйадыл уаты цырагъ куыд фестъæлфы æмæ тынгдæр куыд срухс кæны, уыйау.

Надя æрхæстæг. Уæхтæнг æм исты хъæлдзæг ныхас скæнынмæ хъавыд, фæлæ йæхи фæурæдта: Римæ кæрты гæрстæ 'хсы æмæ йæ фехъусдзæн – сæумæрайсом та йын чи къахы йæ загъд-замана. Уæхтæнг Надяйы кæлæнгæнæджы 'мбаргæ цæстæнгас ацахста, йæ къух æм фæтылдта, фæлæуу-ма, зæгъгæ. Уый йæм йе ’рфгуытæ фæтъæбæртт кодта, ома цы кæныс, цы дæ хъæуы, фæлæ уæддæр йæ къæртатæ сæ кулдуары цур иуварс æрæвæрдта, разылдта йæм йе ’ргом æнхъæлмæгæсгæ.

Уæхтæнг æм худæнбылæй бацыд:

– Ацы хорз райсом дæ райсом ноджы хуыздæр уа, мæ ницæйаг сыхаджы хорз ус!

Надя ныппыррыкк ласта, йе 'нгом урс-урсид гыццыл дæндæгтæ дондзаст ферттывтой, йæ сырх пухгомау былтæ базмæлыдысты, æмæ рустæ дзыхы кæрæттæм æввахс фæдзыхъхъытæ сты, цæстытæ тынныввæндгæ цæхæр калынц.

«Цæуыл бахъæлдзæг, цæуыл? – хъуыды кæны Уæхтæнг.– Цы хорз худы, цæуылфæнды дæр худæд, æрмæст афтæ худæд; мæ уынд ын æргом æхсызгон кæй у, йæ зæрдæмæ дзы рухс кæй кæлы, уый мæ уæд фæуырны – æмæ уымæн худы, уымæн бахъæлдзæг мæ хуымætæг хъазæн ныхасыл – ницы уадиссаг цыргъзонд ныхас загътон. Æхсызгон ын кæй у мæ фенд, уый та мæхицæй зонын. Æндæр уæдæ куыд хъуамæ уа царды уаваер ацы рæсугъд, æнæниз, æнæмаст æмæ уыйадыл зæрдæрог дунейы?»

– Цæуыл худыс, цæуыл, Надя?

– Цæуыл худыс, цæуыл, ды та, Уæхтæнг?

– Æз, ды кæй худыс, уымæ гæсгæ худын.

– Æз дæр уæдæ афтæ. Иу куы фæхуды, уæд, дам, йæхиуыл фæхуды, дыууæйæ та – кæрæдзийыл.

– Дыууæйæ дæр цы аныгуылинаг зондджынтæ рахастам чысылæй нырмæ! Æви суанг мады гуыбынæй? Хуыцау ахæм стыр хатыр куы бакæнид, æмæ нын нæ худын нæ фарсæй куы нæ фæкæнид. Оммен зæгъ!

– Оммен!

Иуварсæй сæ чи хъахъхъæдтаид, йæ цæст чи дардтаид, уый фенхъæлдтаид, царциаты æмбисæндтæ дзурынц кæрæдзийæн, зæгъгæ, раст афтæ тæгæлтæ кодтой фыр худæгæй.

– Мæ саламæн мын дæумæ кад нæй? – куы фæсабыр сты, уæд æй афарста Уæхтæнг.

– Ацы æваджиау райсом дæ райсом дæр ахъаззаг уæд, æмбисонды зæрдæмæдзæугæ Римæйы ницæйаг лæг! – æмæ йæхи ныхæстыл ныккæл-кæл кодта Надя, цыма мидсхъиугæ уыд, йæ ныхæстæ рæхуыстау куы фæкæсой Уæхтæнгмæ, уыйау…

– Нæ йæ бахаxх кодтон, нæ, мæхи хуызæн хъамацыргъзонд дæ, зæгъгæ! – Уæхтæнг хъуыддагхуыз басагъæссаг. – Фæлæ дæ удæнцой Игорь йæ стæрæй нæма фæзынд, йæ игæр мын æрбайхæла?

– Нæма…

– Æмæ уæдæ уæд ацы уæлæуыл дзæнæтон бон дæу хуызæн æрвоныскond иунæгæй цы кусы? Æрхæндæг æмæ уæнтæхъил, сæргуыбыр æнкъардæн æвгъау нæ дæ? Дæуæн фыр тæригъæдæй мæ рæзгæ фæрстæ куы фехæлдзысты...

– Цы гæдыгацца дæ! Фæлæ мæн зæрдæуынгæг сагъæстæм не ’вдæлы: пъамидортæ рувинаг, михтæм бæттинаг, михтæ дæр ма мæм куы уаид, синаг дæр ма мæм куы уаид...

– Уæууа! Æмæ уыцы дæсныйадмæ мæнæй арæхстджындæр Цæгат Кавказы хæхбæсты иу куыдзæйгуырд уадсур лæппу дæр куы нæ у!

– Стæй дæуæй хиппæлойдæр... Æцæг, æцæг, синаг уæм нæй? Æз ма уый курæг Римæмæ ныууаинаг уыдтæн...

– Римæмæ? Мæнмæ нæ, фæлæ Римæмæ? Балхынцъ æй кæндзыстæм фидæнмæ. Фæлæ дæуæн æз... дæ пъамидортæн æз мæ зæрдæйы дудгæ тæгтæй дæр ахæм синæгтæ скæндзынæн, æмæ… æмæ...

– Мауал-ма хынджылæг скъæр. Синаг уæм ис, хуымætæг синаг? Дæ тъепловоз цæмæй фæсæрфыс, ахæм хъуымацы уадздзæгтæ дæр ма хорз...

– Æххæст ма «уæ тепловоз» дæр загътаис, цæмæй дæ комкоммæ мæнæй исты курын ма бахъæуа. Синаг дæр мæм ис. Æнæхъæн къуыбылой! Сдавон æй?

– Мæхæдæг уæм ныууайдзынæн. Дæу, мыййаг, Римæ куы нал рауадза.

– Æстофыр-аллах, æмæ Римæ ахæм хъæхъхъаг карз кæд уыд? Тынг даргъ баст мæ куы дары – нырыккон сылгоймæгты зонджын зондыл хæст куы у: чем меньше, дам, мужика мы любим, тем…

– Кæд афтæ уæгъдибар дæ, уæд дæ алфамбылай цы хизыс? Дæ сыхаджы хуымтæм кауы сæрты цы скæс-скæс кæныс, и?

– Дæ цуры ахæм дзаджджын хай куы уа, уæд ма æнæхæрд рæттæ цы агурыс, æфсæст гал кæрдæджы цъуппытæ куы тона, уыйау?

– Дæу чи къахы, уый дæр...

– Уæдæ айсахат сдавон синаг, зæгъыс?

– Нæ ныхас дзæнгæдамæ баввахс, – Надяйы цæстытæ та даргъ хауты 'хсæнæй бахудтысты, тынтæ уафгæ, йæ цадæггай уырдыг уæхсчытæ базмæлыдысты, æнæдзургæйæ æрæвнæлдта йæ къæртатæм, сæ дон зына-нæзына фенкъуысыд, сау-сауид ферттывта. Уæхтæнг ын сæ кулдуары бахизæн уæрæх байтыгъта йæ размæ, рахгæдта йæ. Тамакойы къопп асгæрста йæ дзыппы, йæ ныхтæй фæхæст сигаретыл, сласта йæ, сдымдта. Уынгыл дæлæмæ йæ цæстæнгас аивæй ахаста.

– А-гъа, мæ буц зæрæдтæ, ис та уын замманай койаг, – сыхаг устытæй иу-цалдæры дзыгуыр тымбылæй ныхасгæнгæ куы ауыдта, уæд загъта йæхинымæры. Æнтæф бон, ривæдгæнгæйæ, фыстæ сæ сæртæ кæрæдзимæ куыд бакъултæ кæнынц, устытæ дæр сæ уыйау кæрæдзийы хъустыл авæрдтой, Уæхтæнг сæм куы фæзылд, уæд. Уымæй размæ та сын Надяимæ сæ алы фезмæлд дæр хъахъхъæдтой, – йæх, замана, сæ ныхæстæй сын ницы уыд æрцахсæн, æгæр дæрддзæф сæм уыдысты, фæлæ сын æрмæст сæ сæлхæр кæл-кæл дæр фаг уыд устытæн бирæтæ бамбарынæн æмæ хъуыддагмæ кæм къæдз къах, кæм цæнкуыл къух уæлæмхасæн бафтауынæн.

– Гъей, фæлмæнарм æмæ дæрзæгæвзæгтæ, уæдæ ма уын кæд æз нæ кæнын кæстæриуæг, уæд ма чи, фæлæ уын уæддæр уе 'нусон уаг æмæ кæнон зынаргъдæр сты, сæ ныууадзын уæм хардзау æмæ тæригъæд кæсы – фыдæлты æнæрцæф æгъдау æмæ фæтк цыма сты, уыйау (цымæ, мах фæлтæр уыдоны кармæ куы ахæццæ уа, уæд ферох кæндзæн йæхи æрыгон дуг æмæ уый дæр афтæ бæлдзæн дам-думты хъусынгæнинæгтæм, зæгъæм, Надяйæ дæр уыдоны халдих рауайдзæн?) æмæ мыл уымæн ардаут Римæйы: дæ лæджы рохтыл цыбырдæр æмæ мидæгдæр æнгомдæр æрбахæц, æрбамбырдтæ йæ кæн, дзæгъæлы суай-суай нæ кæны уæ сыхæгтæм... Зындонмæ фæндагау ын дзы раст мыд ныччынди!..

Уæхтæнг уыцы æнæвдæлон хъуыддагхуызæй бахызт сæ кæртмæ:

– Римæ, айфыццаг нæ пъамидортæ кæмæй бастам, уыцы синаг та цы 'рбацис?

– Дæхи дзы ауындзыс?

– О. Дæ хъуырыл. Бауромдзынæ?

– Мæ фæскъæбут кæй бадыс, уый дын фаг удæнцой нæу? – скаст æм, йæ чырынтæ хæдон ын læмаргæйæ.

– Ау, уый æз, мæнæ æз мæхæдæг, – йæ риу тъæпæн къухæй бахоста, – æз бадын дæ къæбутыл? Чи нæ кæй рагъыл бады æмæ даргъ цъæхснаг

уисæй чи кæй бæхтæрæн кæны? Мæнæй уый, æви дæуæй уый?

– Дæуæй уый æмæ дæ дыууæ лæппыны дæр! Уыцы хъал кæмæй дæ: мæ дыууæ фырты – ирон фыдæлтыккон фæтæнкард хъамайы дыууæ комы! – Римæ йын афæзмыдта, арæх цы ныхас фæкæны, уый.

– Мæн лæппынтæ цас сты, дæу дæр уыйас, стæй фылдæр дæр ма... Къуырттыл сыл ды фæбадтæ…

– Æз уый тыххæй фæстæмæ иу хъыпп-сыпп дæр нæ кæнын, – Римæ фынкæй цъупдзаг æрвцъæх сыкъа тасæй сывæллæтты дзаумæттæ иугай иста, здухгæ сæ лæмæрста æмæ сæ æндæр цинк тасы сыгъдæг донмæ æппæрста. Фынкæй ныр Уæхтæнджы нейлон хæдон куы сзынд, уæд æй уыцы сабыргай, зивæггæнгæ сласта, цыма кæсæгтæй дзаг хыз æмпъыхта доны бынæй, уыйау; йе ’фцæгготыл ын фидар æрхæцыд, бауыгъта йæ – фынкæмхæццæ дон цыхцырæгæй тагъд, стæй йæ йæ мидбынаты аздыхта, хæдоны фæдджитæ кæрæдзиуыл атыхстысты – æрмæстдæр æй уæд балæмæрста Римæ, бæрзонд æй систа, иуцасдæр æй афтæ фæдардта æмæ йæ æппаргæ нæ, фæлæ феуæгъд кодта, æмæ йæ æмыр тъупп фæцыд, – цæвиттон, дæхæдæг æй уыныс, чи нæ кæй æккой бæхбадт кæны, уый.

– Гæрстæ æнæхъæн æргъом æхсинаг, æмæ дон дæр дæхæдæг скъæф, дæ хæдзардарæг та кæмæндæр зæрдæхъыдзыгæнæг ныхæстыл схæцæд, синæгтæ йын агурæд...

– Цавæр кæмæндæр?

– Дæ уды сырх гага Надяйæн, йе ’взар билцъыл бахус уа уыцы гагайæн...

Уæхтæнг рогдзæф æркодта Римæйы фæсонтæ, дисгæнаг зæронд усау йæ уæрджытæ æрхоста:

– Мæнæ ног æмбисæндтæ! Хуыцауы хатыр разынæд дæ уæздан зæрдæйы, зæгъ мын æй, куыд хæйрæг та разындтæ æмæ та цæмæй базыдтай уый дæр?

– Ды – хинæвдылд рувас, æз – дæ комдзог къæдзил! Ау, Надяйы кусинæгтæ мæнæн сусæг сты? Æмæ иугæр Надя истæуыл бахъынцъым кодта, уæд мах сылваз – кæйдæр усмондаг – йæ сæр дыууæ куыройы фыды астæу дæр фæцæвдзæн – синаг уым ис, зæгъæ йын зæгъ, уый йеддæмæ; ферох кæндзæн хуртуанмæ йæхи læппынты, риу усайыл ма цы дзурæм, æфсармы сæрты дæр, фæлæ хур Надяйы зæрдæхудты нæ бацæудзæн…

– Цæй куыройы фыдтæ-йедтæ, дæ дзыхы бахауынæй – уартæ де ’фсæртæ сырхзынг куы систы! – фыддæр уыцы куыройы фыдтæ дæр

не сты. Æ, йæ бæрæг бынатæй мæ иртæст уд дæ фæхъхъау æрбауа, мæ иунæг макуыферохгæнгæ уарзон! Мæ циндзаг зæрдæйы базыртæ мын ма къуыр: цы мæ кæныс, арыд маргъы хуызæн дын куы уон, уæд? – Уæхтæнг йæхи байвæзта æмæ Римæйæн ахъæбыс кæнынмæ хъавыд, фæлæ уый дæрддзæф алæууыд æмæ ма йын йæ хуылыдз нейлоны хæдоны здыхтæй йæ былтæ дæр бакъуырдта:

– Дæ къæдзилджын митæй та бынтон ме сæфт федтон! Лæг уæд дæ ном, æмæ ахæм тæригъæддаг æнæбон у, уæууæй, уæууæй. Ацу мæ цурæй! Уартæ шифанеры бынмæ баппæрстон дæ удхос синаг. Бæстæ ма сгыбар-гыбур кæн – райхъал уыдзысты сывæллæттæ æмæ та уыдон дæр ме ’ккойы сбаддзысты. О, стæй мын дон дæр æрдав – дыууæ къæртайы æрмæстдæр.

Уæхтæнг хъуызгæ мидæмæ бацыд, æрзоныг кодта шифанеры цур, йæ къух баиваз-баиваз кæны, йе уæхск ма тигъыл дæр сцавта, æмæ йын цæхгæр срыст, фæлæ къуыбылой къухы не ’фты.

– Æнæхайыр фæу, ныр шифанер сфæлдахон дæу тыххæй! – бахъуыр-хъуыр кодта йæхимидæг, йæ цæст уаты къуымтыл ахаста, цы исты ахæм гарз райса, – маймули дæр ма, истæмæ куы нæ феххæссы, уæд æфтауæнтæ куы кæны йæ къухтæн лæдзæгæй, мæнæн та мæ сæр уый куыд не ’рцахста ныронг дæр, зæгъгæ. Цъылынмæ фæкомкоммæ æмæ та йæхиуыл бахудт:

– Афонмæ йæ Римæ раджы рамарзтаид, сывæллæттæн-иу сæ хъазæн, кæнæ сæ фæткъуы исты куы батылд, уæд æй æдзухдæр куы уыдтон цъылынæй архайгæ æмæ йæ уæдæ цæуылнæ бахъуыды кодтон? – йæ сæр тымбыл къухæй бахоста. – Куысифтæг дæ, куысифтæг, æндæр ма ме уæхск дæр цы ныццавтон, – æмæ йæ асæрфта.

Шифанеры бынæй рамарзта зæгæлтæ, хъазæн машинæтæ æнæ цæлхытæй, басылтæ æрдæгхæрдтытæй, æппынфæстагмæ ратылд къуыбылой хæлуарæджы рыгæйдзаг тынтимæ.

Сыстад, йæ уæрджытæ æрцагъта, синаг систа, цъылын та уаты бæстыастæумæ аппæрста – Римæйæн æфхæрæн: мæнæ, куыд хæрзæфснайд сылгоймаг дæ, уый фен... Хæлуарджытæ дæр уайсахат тын уафынмæ кæй фæвæййынц æмæ рыг дæр æвæстиатæй фæскъуымтæм йæхи кæй байсы, уый дæр зон, зæгъгæ. Рацыд æмæ Римæйы цурæй къæртатæ йæ иу къухмæ систа, сæ зыланг-мылунг фæцыд; зулмæ бакаст Римæмæ, цымæ ницы схуыст ныхас скæнид, зæгъгæ, фæлæ уый йæхи ницы хъусæг æмæ ницы уынæг скодта, æрмæст, Уæхтæнг куыддæр уынгмæ ахызт, афтæ йæ фæдыл ахъæр кодта:

– Дзагæй сæ-иу рахæсс!

– О! Цъупдзагæй! Къахнадæй!

– Надямæ тагъд кæндзынæ æмæ сæ цæллахъхъ-мыллухъхъæй фердæг кæндзынæ!

– Мæнтæджы сыфтæ дзы ныппардзынæн!

Уайтагъд сæ 'рхæццæ кодта, йæ дыууæ фадыджы дæр ныххуылыдз сты.

– Æртах дæр дзы не ’рхаудта зæхмæ.

– Дæ фадгуытæ сæ не 'руагътой, нæ?

– Фæкалдтæн æмæ... Цæй, хъæуы ма дæ?

– Хъæуы.

– Дæхæдæг æрдав, уый хъом дæ...

– Ды та?

– Мæн та не ’вдæлы. Стæй... стæй лæгау лæг дон нæ фæхæссы.

– Уæдæ цы фæкæны? – Римæ йæ лыстæг къухтæ йæ фæтæн сины сæртæм загъдцæттæ фæбыцæу кодта, йе стыр сау цæстыты знæт æртытæ ферттывтой, арауынмæ барæвдз. – Уæдæ цы фæкæны лæгау лæг та?

– Лæджы фидауц ми – суг сæттын, куыройдзау, хосдзау, хъæддзау, арахъдзау, сырддзау æмæ ма æндæр «дзаутæ», сæйрагдæр та, æфтиагдзау – улупа къæркъæргæнаг æхцатæй йæ усы фыр зыдæй зырзыргæнаг къухты æрнымайы мæй дыууæ хатты. Кæцы миниуæг дзы мæнæй уымæ нæй йæ бынаты, уый-ма мын зæгъ?

– Нæ, дæхи барæй фæмæгуыртæ кодтай, ис ма дзы дæ «дзаутæй» фæсвæды...

– Бамбæрстон дæ... Куырысдзау...

– Сывæллæттæ куы райхъал уой, уæд та?

– Уæд та сæ-иу цъæх кæрдæгмæ ауадз, æмæ исты пысыра амал кæндзысты сæхицæн. Гаккырисæй хъаздзысты. Æз уыдоны асæй...

– Ацу, ацу! Цалынмæ дын де 'дзæсгом хæмхудтыл иу-дыууæ хъарм ныхасы-сæнары нæ батъæпп ластон, уæдмæ...

– Нæ ус! Цытæ хауы дæ дзыхæй? Цы 'взагæй дзурыс дæ сæрыхицаумæ? Де 'фсарм уартæ 'хсæндæттимæ акалдтай? – мæсты хъазгæмхасæнты загъдыл фæци Уæхтæнг, фæлæ йын иннæ ныхæстæ æнæбары фæкарз сты. – Де рагъыл, æнхъæлдæн, хъуын рахæцыд...

Римæ йæ сæр маройы тылд бакодта:

– Æндæр мæгуыры бон дыл куы нæ акæнид æмæ ды уыцы лæппуты мойы тыххæй мæнмæ дæ къух куы сисис!

Ныртæккæ Римæ кæй фемæхсдзæн, уый ауыдта Уæхтæнг: йæ

фындзы базыртæ скатай сты, йæ роцъойы дзыхъхъыл – царвæмбырдгæнæн, зæгъгæ йæ цæмæй мæстæй фæмары, ууыл – лыстæг зырзырæг бахæцыд. Ацы миниуджытæ фæдисы фидиуæгау рагагъоммæ хъусын кодтой зæххæнкъуыст, гъæйтг-мардзæ загъд-замана. Æмæ Уæхтæнг йæ къухтæ сдардта, æмæ йын цыма дæсгæйттæй нымайын кодта, уыйау сæ Римæйы фындзы бын тылдта:

– Сæфын дæ цурæй, цæуын! Де ’мгæрон мæ тæф дæр нал уыдзæн.

– Цы мæгуыр у, сæрæй бæгъæввад чи у, уый, – йæ фæдыл ма, сагъæсгæнгæ, адзырдта Римæ æмæ уыцы ныллæг æркуывта тасмæ, цæмæй йын Уæхтæнг, фæстæмæ фæзилгæйæ, йæ сонт, уадидæгæн æрызгъоргæ цæссыгтæ ма ауына...

Уынджы иуырдæм дæр аивæй, цымæ йæ ничи уыны, зæгъгæ, уый бæрæггæнæг Уæхтæнг нæ фæкаст – цы у, ницы у, мæнæ лæг йæ сыхæгтæм фæцæуы, бахъуыди сæ, бацагуырдтой йæ, куыд æнæвдæлонхуыз у, уый нæ уынут – куырм баистут: мæнæ йæ къухты гыццыл амайæн джидæ фæрæт (ехх, куыд алмаси у, уый иу даргъдым æвзагыл баиртас!), æндæр уæдæ исты зæрдæхсаинаг ныхилæг цыд куы кæнид æмæ йæм исты сусæггæнинаг уынаффæ-хъуыддаг куы уаид, уæд афтæ æргом, тæккæ бонрæфты цæуид æнæныгъуылгæ?! Коммунизм аразæджы моралон кодексыл тынг æнувыдæй хæст у, тынг! Æмæ афтæ куы ахъуыды кодта, уæд ныххудт, стæй ногæй фæсагъæсджын.

...Кæй сайынмæ хъавы, цымæ, кæй? Адæмы цæст уынаг сымах цæстытæй у, сæ хъус къæрцхъус уæ руаджы у, о мæ дзæбæх зæронд устытæ! Æмæ сымах уæ кæнон фидут, фæлæ йыл Надяйы цæстытæ дæр алцымбаргæ бахуддзысты, йæ дзыккуты ставд быд йе уæхскыл размæ æруадздзæн, йæ былтæй авнал-авнал кæндзæн дзыккутæм, иу бындзыг дзы ацахсдзæн æмæ йæ дардзæн йæ дзыхы æмæ æнæсым худдзæн йæ тар кæрдæгцъæх цæстытæй... Æмæ йæм уæддæр цæуы, нæй йын æнæ цæугæ, нæй, кæд фæцу æмæ ма ’рцуйы фæндагыл санчъех кæны, гъеуæддæр: нæй рындзæй æхсæрдзæнæн æнæ тæхгæ, цы уысм тæха, уый – йæ базырджын дуг, стæй кæнæ хъæлдзæг хæл-хæлаг къададон басгуыхдзæн (кæй нæ фæтарст æмæ ныфсджынæй кæй расæррæтт ласта рындзæй, уымæй бузныйæ), йе та дзы фынæй æмæ хъуына хæфсбадæн дондзаст рауайдзæн (æхсæрдзæнау нæ расхъиудта, фæлæ фахсыл тæрсгæ-ризгæйæ кæй æрлæсыд, уый фыдæнæн)...

...Цы рæстытæ кæны йæхи, цы, алы къæбæрсайæн рæсугъд ныхæстæй? Йæ уаваæры чи нæй, уыдоны уæддæр нæ бауырндзæн зæрдæйы гуыпп-арт, судзгæ-араугæ пилон, мæнæ дæ тъæнджы мæй сусæны æнтæф куыд нал фæуырны, афтæ салд зæрдæты дæр йæ туджы-монцты хъуырдухæн. Ацы æнæбайрайгæ Коммунизм аразæджы моралон кодекс дæр, æцæг, лæджы йæ мидзæрдæйы куыд стъæлфын кæны, цымæ ма хомбыл фæскомцæдисон дæ æмæ ногæй ард хæрыс сылгоймагмæ хуымæтæг æмбалы цæстæй кæсыныл...

Уæхтæнг Надяйы кулдуарæй хионау уæндонæй бахызт. Хæдзарæй цæхæрадоны 'рдæм футæджы ’хсæнты цыд фых дуры сæстытæй астæрд къахвæндаг. Æрлæууыд цæхæрадонмæ æндзæлмттæй конд зæбул, базырсастау уæнтæхъил дуары цур. Куыд-иу æй гом кодтой, афтæ футæджы 'хсæн циркулæй хаххы хуызæн зæххыл фæлурс æмкъæлæт надвæдæй баззад. Уæхтæнг раздæр рогæн рахæцыд дуарыл, фæлæ йын нæ бауисæн кодта: йæ зæбул фындз зæхмæ ныббыцæу. Æмæ йыл уæд схойæгау хæрдмæ схæцыд – рогæн байтыгъд. Ныллæг, дæлæмæдзыд пыхс бал бæлæсты иувæрсты, сæ лыстæг къалиутæ сын иуварс ссонгæйæ, баивгъуыдта мидæгдæр æмæ æрмæстдæр уæд ауыдта Надяйы.

Уый пъамидоры зæнг фароны æрдæгæмбыд михмæ сырххъулон хæцъилы уаццагæй баста, стæй Уæхтæнджы 'рдæм цæхгæр фæзылд – йæ фæсонтæй, иунæг кæй нæу, уый банкъардта. Раст алæууыд, хатыркурæгау æм бахудт, йæ ныхы хид йæ хурсыгъд цонгæй асæрфта, йæ бинаг был размæ кæфойы былау фæкодта æмæ арф раулæфыд, стæй йæ дзыккуйы быд галиу уæхсчы сæрты æрбайста, иу бындзыг та дзы йæ былты æхсæн аввæрдта æмæ худæндзастæй кæсы Уæхтæнгмæ...

Уый зæрдæ та сагъæсты сагъдауæй баззад: куыд фидауы, куыд райы сæрдыгон бон! Цыма æнæхъæн дун-дунейæн, хуривылд дунейæн йæ бæрæг астæу, цъæх пъамидорты 'хсæн, стыр фæткъуы бæлæсты ауон йæ джиппæйфыст сырхдидинæгджын нывæфтыд цыбыр халаты кæй лæууы Надя æмæ йæ аив пух былтыл зæрдæхæлар мидбылхудт кæй æрттивы, уымæй сфидауцджындæр æмæ самонджындæр райдзаст бон, уыйау. Æмæ йæ зоны Уæхтæнджы зæрдæ: ацы бон, мæнæ дзы ацы рæстæджы уысм никуы ферох уыдзæн, ацы ныв-иу йæ цæстытыл ауайдзæн уадидæгæн кæддæр дуджы æмæ-иу æй фестъæлфын кæндзæн, рæхойдзæн æй, мыггагмæ йын æхсызгон хъизæмар æмæ мæнгæфсон цинæн баззайдзæн. Уырнгæ дæр æй нал кæндзæн, уырнгæ, æцæг ыл ахæм сахат искуы скодта, уый. Æмæ цы Хуыцауы ахъаззаг лæвар у йæ тыхы мидæг лæгæн: дуне бæззон у цардæн, иугæр дзы йæ зондылхæст лæппын удæн, æдылы цæмæй уа, уарзты уацары бахаугæйæ, уымæн гæнæн ис, уæд!

– Цæй, афтæ сагъдауæй ма бирæ азты лæудзынæ?

– Бирæ! Мин æмæ иу аз. Айдагъ дæ уынды минас…

– Æмæ, гормон, мæн не 'вдæлы, нæ. Стæй, цыма ды дæр æндæр цæйдæр, ахсджиагдæр цæйдæр фæдыл бæгуы лæгау хъуыддагхуызæй – æд фæрæт, æд синаджы къуыбылой – фæзындтæ... Æви дын уыдон нæ сыхы цымыдис рудзгуытæн фæдфæливæнтæ сты?

– Мæхи хуызæн æнæнтыст зондджын куы дæ, мæхи! Загътон ма йæ 'нхъæлдæн… Фæлæ мын исты де 'мбайлаг михтæ цыргъгонд сты, уый æнхъæл нæ дæн: Игорьмæ сугсæттæн фæрæт дæр куы нæй...

– Бæргæ, дæуау хæдзардзин æмæ гæрзарм лæг кæй хай... Æз ма дын фæдзæхсинаг уыдтæн, демæ фæрæт дæр рах...

– Надя, дæ хъуыдытæ дын дардмæ дæр – ардыгæй нæхимæ циу! – æмбарын. Цыдæр тел æй хонынц... Телетайп-ляп æви телепат-мат...

– Уæхтæнг, ныр дыл æдзух бирæ дзурын цы бахæцы, цы, ноджы ма хынджылæгæй? Тæрсгæ кæныс, нæ дæ бамбардзынæн, мемæ æмгарæмсæр куы дзурай, уæд?

– Нæ йæ ’мбарыс? – йæ цæстытæм ын комкоммæ бакаст.

Надя фæкъæмдзæстыг.

– Цæй, стæ... Мæхæдæг дæр, куы йыл басæттон, уæд бæллиццагдæр сахаты нæ вæййын…

Бон ныхъхъус. Иу сыфтæр нæ фæтыбар-тыбур кæндзæн, иу къалиу нæ батилдзæн йæхи, æрмæст уæлдæф ирдгæйау хъазы... Ацы дыууæйæ стырдæр, тæхудиагдæр фидауц æрдзысконды нæй абоны арвы бын…

– Цæй, кæм ис мæ кусинаг, кæм сты дæ фæйнæджы гæбæзтæ?

– Уартæ, – Надя иуварс фæзылд æмæ йæ рахиз къухæй фæткъуы бæласы бынмæ ацамыдта. Уæхтæнг дæр уыцырдæм куыд фæцæйкаст, афтæ йæ цæстытæ сæхи ахæм цæуылдæр скъуырдтой æмæ сæ нæ бауырныдта, хъавгæ-хъавгæ фæстæмæ фездæхтысты æмæ æцæгдæр: Надя куыд фæзылд, уартæ, зæгъгæ, афтæ йæ халаты къæртт фæдыдагъ, фæцъупп æмæ фæиуварс, дыдагъæй хурсыгъд буарыл урс-урсидæй æрттывта дымст бæгънæг риуы фарс. Ризæг ацыд Уæхтæнджы уæнгты, йæ зæрдæ фефсæрмы. Цыма, цы йын не 'мбæлд бæрæг фæткмæ, иумæйаг æфсармы домæнмæ гæсгæ, уый федта бар-æнæбары, уыйау фæкъæмдзæстыг. Надямæ джихæй кæсгæйæ баззад...

«Куыд æм æрхаудтай, Надя, цы иблисы хæйрæг дæ сардыдта уыимæ хæрхæмбæлд фæндагмæ æмæ, Надя, куыд фæдæ уыцы хуыссæгхъæлдзæг хъандзал лæджы хъулон хай? Хуыцау нæ бацыдаид ахæм тæригъæды. Цавæр тыхст æмæ уынгæджы бон дыл скодта, Надя, æмæ йæ дæхицæн арвы лæвар амонд куыд схуыдтай? И, Надя, и? Æз дæ

буарыл сонт æндзæвдæй дæр æмризæджы куы сризын, уæд дыл уый, дæуæй æфсæст æмæ æхсызгон фæлладæй йæ сæт куыд калы... Науæд, хуырхуыргæнгæ, куыд фæфынæй кæны, и? Æз уыцы урс сыгъдæг риуыл мæ зæххон мæстытæ куы ферох кæнин, цардæй æфсис куы нал зонин æмæ, амонд циу, уый кæдæй-уæдæй бæлвырд куы зæгъин... Цардæн искæд бон фæуынæй куы тæрсин… Мæнæ мæм цы бавнæлд хæстæг дæ, мæнæ мæ цы ænæ фæцæугæ, ænæ фæхæццæ дард дæ! Уæртæ цы зæрдæсайгæ мархо риу ис, уæртæ цы зилахары тæвд быдыр ис, дæ фыцгæ рус ыл, хъавгæ, аваер, уæд нæ амæлин уыцы артзæйы гуылфæны...»

– Надя, дон-ма мын рахæсс, – æтт, уымæн дæр йæ цæстытæ куыд архайынц сæхи ницымбарæг скæнын. – Мæлæты æнтæф æнуд у... Æз сæ... æз михтæ афтæ ацамайдзынæн, афтæ... æз сын, лæг циу, уый... фæсмойнаг куыд фæуой, рагацау хъæугæ цыргъæй цæуылнæ 'рзадыстæм, михтæй цæуылнæ ’рзадыстæм, зæгъгæ... Стæй сæ мæхæдæг ныссадздзынæн... мæхæдæг сæ бæтгæ дæр, ды та мын... ды та мын ме 'ппæт фæллæйтты тыххæй уазал дон рахæсс, æрмæстдæр уазал дон, стæй уæд мæнæ иуварс хураууон искуы србад, æз æй куыд зонон, ам кæмдæр кæй дæ, æндæр дзургæ дæр мацы кæн, кусгæ дæр, æз дæм нæ кæсдзынæн, нæ дæм дзурдзынæн, æгъгъæд мын уыдзæн, æгæр дæр ма мын уыдзæн, ме ’мгæрон кæй дæ, уый...

Ныртæккæ Надямæ куы бацыдаид, куы йыл андзæвыдаид йæ айдагъ уырзтæй, æрмæст йæ уырзтæй дæр, уæддæр... Фæсæрбихъуырой кодтаид арв, хур фестъæлфыдаид тæссармæ, зæхх æмдзæхгæр фенкъуысыдаид æмæ... æмæ æрыгон сылгоймаг асхъиудтаид фæсмойнаг, фæлæ адджын сæрсæфæнмæ. Фæлæ йæм Уæхтæнг æнæбары, æнæбон бахудт, йæ хус былтæ асдæрдта, бацыд фæткъуы бæласы бын кæри амад фæйнæджы гæбæзтæ, штакетниччы сæстæгтæ, акъацийы ставд къалиуты лыггæгтæм – дыууæ даргъ уисхъæд æндзалмы ма сæ сæрыл, æмæ дзы хъæбысыдзаг систа, рахаста сæ хуымгæроны къахнад нарæг фæндагмæ, сæвджындæр æмæ бæзджындæр фæйнæджы гæбаз къодахы нысанæн биноныг æрæвæрдта. Йæ сæр уæлæмæ нæ исы, уромы йæхи, Надяйы фæдыл ма акæсон, зæгъгæ.

Уый цалдæр къахдзæфы акодта æмæ ærлæууыд, разылд фæстæмæ æмæ уымæ кæсы. Йе змæлдмæ, йæ алы февнæлдмæ, йæ фæсонтыл нуæртты рахæц-бахæцмæ. Кæсы йæм, кæсы, зæрдæрæхойгæйæ, йæ уды адджын хъæрзт æнкъаргæйæ…

«Тæрсын. Тæрсын – кæмдæр мæ фæхæппæввонг сау маст хъахъхъæны æмæ рагæпп ласдзæн фæскъудзийæ, дам-думты пыхсбынæй

хъуынджын уæрццау, куыддæр æз мæ мондæгтæн фæндаг раттон æмæ райдзаст æрдузмæ рахизон; Уæхтæнг кæм ис, уый та хурдзаг æрдуз у мæ тар бонты тар хъæды астæу, – афтæ... афтæ йæ уайтæккæ цæфыл фæсмойнаг кæндзынæн. Римæйы раз фыр худинагæй, къæмдзæстыгæй баруайдзынæн, нычъчъизи уыдзæн мæ цæсгом, мæ уд... Æллæх, æллæх, мæ æгоммæгæс фыдвæнд зæрдæ, цы дын кæнон, цы сахсæнтæ дыл сæвæрон... Уартæ Уæхтæнджы астæустæджы уырынгтæ хъулджын рагъыл хид куыд згъоры... Тæхуды, асæрф ын æй... Иу бон ын сæхимæ Римæйы сусæгæй йæ хæдоны тæфмæ куыд смыста... Бабын уыдзынæн, бабын... Фæлтау æм мæнæ афтæ дардмæ мæхи тавон. Нæ, мæхи сайын... Æз дывыдон арты судзын, кæйдæрты та йе стъæлфæнтæ арауынц æмæ мæ сæ дам-думты цъыфы æхсызгонæй сызмæнтдзысты. Æмæ уæдæ уæд цы хос æрымысон мæхицæн? Мæ хъуыдыйы дæр æй мæхицæй дæрддзæф куы ассонын, уæддæр мæм кæуын куы 'рцæуы, мæлын мæ куы 'рфæнды, раст мыл афтæ куы бауынгæг вæййы хурæвдылд ирд бон дæр... А-гъа, æндзæлмттæ иуварс æрæвæрдта, ракæс-бакæс сæм акодта æмæ – афтæ дæр æй зыдтон: адон æвгъау сты, зæгъгæ, зæгъдзæн: бахъæудзысты кæнæ белы, кæнæ рувæны хъæдæн... Уый дын – хæдзардарæг лæг... Мæнон та...»

Уæхтæнг фемраст, айвæзта йе уæнгтæ, ракаст хæдзары 'рдæм, нæма рацæуы Надя-донхæссæг, зæгъгæ.

– Уæхтæнг, афтид дон дæ хъæуы, æрмæст дон загътай? – æндæр ницы фæцарæхст Надя.

– Нырма ам дæ? Мæнæ ацы хъилтæ æвгъау сты, бахъæудзысты йе рувæны, йе белы хъæдæн...

– Дон ахæм тæвды... Фæлтау дын джитъритæ ратонон, науæд æрыскъæфтæ?

– Мæнæн дон æрмæстдæр дон у, æндæр ницæмæй сæфы мæ дойны – нæдæр джитъритæй, нæдæр харбызæй. Уазал бæгæны ма Хуыцау куы раттид, фæлæ уыйас хорзæх Хуыцаумæ дæр нæй... Стæй афтид дон нæ, фæлæ айдагъ дон, кæнæ та – 'рмæст дон…

Надя кæдæй-уæдæй фæцæуæг. Уæхтæнг та йæ куыстмæ бавнæлдта.

Йæ цуры раздæр Надяйæн йæ къæхтæ ауыдта – скаст æм. Хæцæнджын кæрдæгцъæх къус æм дары. Уæхтæнг æй йæ армы тъæпæнæй райста, йе 'нгуылдзтæй йыл куыд æрцæйхæцыд, афтæ йæ уырзтæй андзæвыд Надяйы цонджы хъулыл – зæрдæйыл йæхи æхсызгон уылæн сцавта. Къус йæ дзыхмæ куыд сцæйхаста, афтæ иуварс фæзылд æмæ бахъавыд, цæмæй та Надяйыл исты хуызы фендзæва – Уæхтæнджы цонг æмæ Надяйы нæрст уæхск баиу сты, æмæ та фесхъиудта лæджы

зæрдæ ныр та чызг-сылгоймаджы уæхсчы æхсызгон сатæгæй.

...Мæнæ цы диссаг ис, никуы ницы федтон, кæддæры фынддæсаздзыд лæппу ма дæн, чызджытæм æндæр, ænахуыр цæстæй кæсын куы райдыдтон, искæуыл сæ-иу ænæбары скъуырдæй дæр арт куы уагътон, (цæй фæскомцædисон æмбалы цæстæнгас, цæй!) уæды ænæвнæлд, æвæлтæрд ма цыма дæн, уыйау цы æрра кæнын... Æмæ ацу, Надя, айс мæ дæхи дарддæр. Æз та ацы æрра туг кæддæры ссæст ænæбон бонты амондау мысдзынæн – (уæлæ проспекты зæрædтимæ дамкъатæй куы хъаза æмæ йæ цоты цоты æмгар разагъды рæсугъдтæм аивæй куы кæса – иуæй, ænæфсис цæстыты бæрæгбон, иннæмæй, зæрдæйæн, зæронд агъуды æрыгон зæрдæйæн масты хос: мæнæ куыд афардæг сты фæсхохмæ зæрватыкк бонтæ æмæ ма мæнæ фæдисон цъиахтæ сæ фæллад уд исынц) – иннæты фæзмгæйæ, æз дæр мысдзынæн ацы æрра туджы ændзарæнтæ, ныхас йæхæдæг йæхи куы ракъаха, уæд.

Йæ заманы адæмы раз къæмдзæстыг цæмæй фæуыдаис, сусæгæй цы хъуыддæгтæм ныхылдтæ дæ зæрдæйы дзæбæхæн, фæлæ æмгар-æмбæлттæй дæр бæстон кæй ныгæдтай, уыдон зæронды бон лæг хурмæ рахæссы æмæ дзы йæхи стауы, йæ кæддæры циныл цин æфтаугæ, тасыл – тас, цæмæй йæ кæддæры лæгдзинады æвдисæндартæ, чи йæм хъуса, уыдоны цæсты ахадгæдæр суой, уый охыл. О, хъаруйæ нæ гæвзыкк бонты кæддæры тентекк монцты фæдыл лæгмæ фидис дæр йæ ныфс нал фæхæссы, æрмæст уазалтуг зæронды бон дæ кары бæрæг ауæдзыл ænæфæгалиу цу, уый йеддæмæ.

Æмæ мæнæ ныр ахæм тæппуд куы басгуыхон, уæд... уæд уыцы фидæны гæды ныхæстæ кæндзынæн, æрмæст мæ зæрдæйы цы уыд, уый ænæмæнгæй æрцæугæ æцæг хабарау мысдзынæн?

Уæхтæнджы цæсгомыл сагъæстæ уылæнгай куыд ивтой сæхи, уый зæрдæргъæвдæй фæхатыдта Надя дæр:

– Цы кæныс, Уæхтæнг, дæ хуыз куы фæцыд?

– Ницы, Надя. Дон мæ дзæгъæлхъуыры, аирвæзт. Æмæ мæ риу срыст. Ых-ых-ыхы, – схуыфыд Уæхтæнг æмæ йæ риу бахоста. – Бузныг, Надя, раст æвдадзы хос у дæ дон. Ныр та, куыд бадзырд кодтам, афтæ: æз – кусгæ, ды – фæсвæд ауунмæ. Ам у, æндæр мæ ницы хъæуы. Ædылы дæн, фæлæ, цы хорз у, ædылы кæй дæн, уый…

Уæхтæнджы уæнгтæн æхсызгон æвæййы, нывыл цыргъ арæхстджын фæрætæй куы фæархайы, уæд. Ныр дæр риуыгъд – æмæ æхсныф фætахт, фæрæты фæд – лæгъз æмæ фæлурс, хъæды тæф, уæлдайдæр та нæзыйы хæрздæф, æхсызгонæй сулæф, бæрзы, кæнæ æхсæрхъæды

буары сатæг дæ тæвд армы æхсызгонæй банкъар... Фæлæ йын кæд йæ архайд зæрдæрайы хос у, уæддæр йæхимидæг тыхсæгау кæны иу мæстæймарæн хъуыдыйæ: ныр кæмæн афтæ зæрдиагæй кусыс, кæмæн, ирон лæппулæг, дæ сывæллæтты мад уым иунæгæй куы тухи кæны; æмæ йын, кæд æппын ницы хъомыс дæ, уæддæр йæ цуры лæуу æмæ кæддæртау æвдæлон хъæлдзæг ныхас кæнут, – куы йæ зоныс, Къостайы лæскъдзæрæнау дæсны куы у дзырдмæ дзырд арынмæ, уæд ныр ды та ам цы дæ мады кас змæнтыс, дæхæдæг исты куы фæархайыс – мæнæ сугтæ куы асæттыс æмæ сæ сугдоны уæле-уæлæты куы самайыс, уæд сæм цымыдисæй куы ныджджих вæййыс, раст цыма цъæх айнæджы гоппыл нарæгæлвæст мæсыг суагътай, уыйау æмæ Римæмæ хæрзæггурæггаг куы фæвæййыс: – Римæ, уæ Римæ, гъей, нæ усай, разгъор-ма, кæс-ма цымыдисæй, цы тæрссугтæ та дын амур кодтон, цы 'мхуызон, æмдæргъ дæрæн сты, æрмæст сæ уындæй дæр лæг зымæгон хъызты стæфсы; йе та гыццыл бандон исты ахæм ацъапп ластай, уæд – бынтон цъиувæдис, афтæ æмæ уфтæ, Римæ, дæумæ дзы цы амонд æрхаудта ныры æнарæхст лæгты цурæй, æндон зæгæл фæлмæн сусхъæды дæр раст ныххойын чи нæ зоны, уыдонæй дæуæн дæ хай цы гæрзарм æмæ мæлдзыгау хæдзардзин лæг фæцис, уæд дæ урс тымбыл уæрагсæр уæрджытæ фыр цин æмæ фыр дисæй цæуылнæ сцъæхтæ кæныс, зæгъгæ, дæхи змæлдæн кад куы фæагурыс, лæппу, уæд Римæйы фыдæбон дæ цæсты нымад æмæ ахадгæ цæмæ гæсгæ нæу, æмæ ныр ды кæйдæр цæхæрадоны дæ удæй цы бацыдтæ ацы хурарты, и? Гъей, ирон, ирон, де ’фсарм куы раластай æмæ йæ зæронд бызгъуырау арахъхъæгты уæлæ куы баппæрстай – хуыздæрæн дæ ницæмæнуал хъæуы?..

Фæлæ та, цыма йæхæдæг йæхимæ, мæстæй хæлгæйæ, рафыхт, уыйау знæтдæрæй фæрæт æруадзы хъæды тигъыл æмæ йæ фæркгай кæны. Йæ хид фемæхст, къæмисæнтыл згъоры, фындзы рагъ æй йæ хъыдзыйæ хæры, хид фæсонтыл уайы, æмæ йæ хинайæн хæлафы комдæл ныддонласт.

Уæхтæнг сæвджын фæйнæгыл æхсæгау фæрæт æрцавга – йæ фындзæй ныссагъд. Бæласы цонгæй æриста йæ майкæ æмæ дзы йæ цæсгом, йæ дæлæрмттæ, йæ гуыбын уæлæнгай асæрфта, фæстæмæ йæ ацауыгъта – хурмæ хус кæнæд, йæ хиды тæф дæр фæцæуа…

Цыргъгæнинаг ма йын иу-цалдæр михы баззад. Раздæр уал уыдон фæуон, æви уал тамако адымон, зæгъгæ, асагъæс кодта.

– Нæ, æххæст сæ фæуон. Уый фæстæ адджындæрæй дымдзынæн ацы хъылма, – йæ армы тъæпæнтыл æртутæ кодта æмæ февнæлдта

фæрæтмæ. Систа, сыбираг тулдз кæй хонынц, уыцы уæззау æмæ фидар сыфнæзы бæласы лыггаг. Мингай азты не 'мбийы уартæ Китайы пагодæты…

Надяимæ иумæ пъæмидортæ бастой. Се ’нгуылдзтæ ссау сты сæ цъæх зæнгтыл, басмуд сæм, уæд халсарты хъæхъхъаг тæфæй фындзыхуынчъытæ 'хгæдтой. Уæхтæнг слæууыд: дзуццæджы бадгæйæ йæ къæхтæ бандзыг сты, æмæ сæ радыгай риуыгъгæ ауыгъта, цыма сыл ælыг цъыф ныххæцыд æмæ уый сæ уæлæйæ калдта.

– Уанцон уигъд нæу – дæ къах йæ рæбынæй тоныс, – бахудт Надя.

– Уыдонæн ницы у, фæлæ мын мæ зæрдиаг куыстæн бузныг зæгъыс, æви куыд?

– Дæ зæрдиаг куысты тыххæй дын зæрдиаг бузныг! Фæлæ «æви» та ма циу?

– Ома, зæгъын, кæд дæ бузныг хуыздæр бонмæ 'ргъæвыс... исты цæсты ахадгæдæр бузныгмæ, – æмæ йæм къахгæ худæнбылæй бакаст.

– Уæхтæнг, дæлгоммæ ныхæстыл та ма сцайдагъ у...

– Нæ, æрцыд уæлгоммæ ныхæсты хуррæгъæд афон дæр. Фæлæ ма ноджыдæр абонау тæвд куыст уымæй хорз у, æмæ лæгæн та йæ тæвд туг æруазал кæны. Æмæ æз цæуын. Ныр дæ бадырджантæ тугыл аскъуындзысты...

– Цом мидæмæ, истæмæйты дæ хорз фенон – къух цы амоны, уымæй.

– Мæнæ фыр æфсæрмæй куы ссырх уой пъамидортæ, уæд мын дзы цывзыджын салат скæрддзынæ. Цæй, цæуын, – йæ фæрæт систа. – Мæ къуыбылой дæр зынгæ фæмæллæгдæр, – йæ дзыппы йæ ныппæрста.

– Ныртæккæ уæм æз дæр ныууайдзынæн. Римæмæ хуылыдз гæрстæ ауындзынмæ фæкæсон, æнæхъæн æргъом та ныхсадтаид, хæрзаг...

– Æруай, æруай. Фæлæ, йæх, ныр дæхи мал донмæ нывзил, ныффуттытæ кæн къамбецау, уæд уый уæлæуыл дзæнæт нæ уаид?

– Уаид.

– Ды ницы?

– Дзæнæтмæ? Уый та кæй нæ фæнды!

– Фæлæ?

– Абон дзы куы ницы рауайа, уымæй тæссаг у...

– Æмæ мæхæдæг дæр дыккаг рады цæуын кусынмæ – æхсæвдары. Райсом уæд та?

– Бон цæуы æмæ – фæрнæйдзагæй.

– Ницы мæ бæлвырд зæрдæныфсджын кæныс: разыйы дзуапп мын радтай, зæгъгæ, уæд мыл цы адджынæй уаид куысты рæстæг, цы ’хсыз-

гон мын уаид йæ тъæбæртт, цы зæрдæхалæн хъыг мын уаид йæ зивæг æккуырст, йæ пъæззыргом фæстиат...

– Бон цæуы æмæ...– Надяйы цæстытæ рæвдаугæ æрттивынц, ныфсæвæрæн æрттивынц, стæй афтæ дæр цыма зæгъынц се ’нгасæй, мæныл дæр дæуæй хуыздæр бон нæй, зæгъгæ...

– Бон цæуы æмæ уæдæ æз дæр цæуын. Цæуын уæдæ, цæуын. Цæй, цæуын!

Надя æвиппайды зæрдæуæрæхæй ныххудт, дзуццæджы æрбадт, йæ гуыбын йæ дыууæ къухæй æрбалхъывта, дзедзырой кæны æмæ ма худгæ-худыны лæгъстæтыл фæцис:

– Ацу... Ацу... Уæхтæнгчик… Мауал мæ хъыдзы кæн дæ иугæндзон цæуын-цæуынæй... Уауу, мæлын! Мæ тъæнгтæ куырмæлхынцъ кæнынц... Ацу! Ахъуытты у!

– Ма амæл, æз цæуын.

Надя хъæрдæрæй ныххудт, стæй куыддæр фæхуыдуг, йæ риуæй удисæг адæймаджы хæрхæргæнаг хъихъхъытæ райхъуыст – фыр адæргæй бæлоны айчы йас цъæх пъæмидор ратыдта йæ хъæдæй æмæ йæ зыдæй аууылдта, ачъыртт ласта цъæх-цъæхид ту.

– Ой, ой, цыдæр мæ аскъуыд, – къæдзтæмæдзтæгæнгæ схæцыд йæхиуыл, тæригъæддаг лæгъстæгæнæг цæстытæй бакаст Уæхтæнгмæ.– Мæ фарсæй фæуыдзæн ацы сæлхæр худт, мæ фарсæй. Мæнæ цы хъылмайы ад кæны, – ногæй та ату кодта.

– Цæй, æз цæуын! – нал фæкаст фæстæмæ Надямæ, цыма йæхицæн бауромынæй тарст, афтæ тагъд-тагъд ацыд. Сæ кæртмæ куы бахызт, уæд гом рудзынгæй мидæмæ бахъæр кодта:

– Ри! Йæ, Ри! Хæринаг-ма æри!

Римæ йæм рудзынгæй ракаст, йæ егъау цæстытæ йæм мæстæймарæн фердæгцъынд кодта, фæуынгæг, йæ сæр маройгæнæгау батылдта:

– Йæ зæрдиагдæр куыст кæм уа лæгæн, йе скъæтгуыбыны хардз дæр – уым! Кæмдæр айк æфтауыс, мæнмæ те де ’ххормаг хъуыдатт æрхастай? – æмæ фæаууон, мидæгæй ма йæм радзырдта.– Тыргъты стыр къусы бын уазал кисел, асыччы къуымбилы æйчытæ, хъайла дæхæдæг акæн, мæн не ’вдæлы...

Уæхтæнг ницыуал сдзырдта, кæд ма йæ Римæйыл исты дудгæ ахæм фæтъæлланг ласын фæндыд, уæддæр. Тута бæласы дæлбазыр хихсæнмæ фæраст, йæхи æрдæгмæ абæгънæг кодта, æмæ уырдыгæй йæ зæрдиаг футтытæ цыдысты.

Кæртмæ, æнæ хойгæйæ, хæдзаронау æрбацыд Надя. Римæ йæ размæ

рауад, кæрæдзиуыл баузæлыдысты – цæстмæ митæй нæ, зæрдиагæй, кæд дыууæйæ дæр сæхимидæг æнæ схъиугæ нæ уыдысты, уæддæр. Надя йæхи æнæазым кодта йе ’нæдызæрдыг цинæй. Римæйæн та уый бафхæрын, зулмæ йæм ракæсын зын уыд, хъазæнтæй йæ зæрдæйы удыбæстæн хъазæг сабийы бахъыгдарæгау – уæвгæ йæм хардзау дæр каст.

– Римæ, цæмæй дæм фæкæсон? Сывæллæттæ...

– Хъыгдардтой мæ, æмæ сæ тыххæйты батымбылтæ кодтон, тагъд фехъал уыдзысты, сæ сихоры фынæй бирæ нæ хæссы. Мæнæ гæрстæ ацауындзынмæ кæд... О, не 'ppa дын исты феххуыс?

– Ахъаззаг, – йæ сæр батылдта Надя, фæкъæмдзæстыгхуыз. – Худæгæй дæр ма мæ амардта...

– Куыд дæ амардтон? Мæнæ куы дæ! – Уæхтæнг сæм фæсхæдзарæй ракаст, стæй, йæ цæсгом хисæрфæнæй æууæрдгæ, рацыд. – Цыдæр хъыдзы мæ кæнынц мæ рустæ æмæ мæ ных – пъæмидортыл дæр цыма хихтæ ис...

Уæхтæнг хæдзары къæсæрæй сгæпп кодта, фæмидæг. Римæ æмæ Надя хуылыдз дзаумæттæй цъупдзаг æрвцъæх тасы хъустыл схæцыдысты, Римæйы хъуырыл ауындзæн къæбæлтæ индейæгты цæстдзыдæйхизæг хæрдог-амулеттау ауыгъдæй, афтæмæй цæхæрадоны 'рдæм ацыдысты.

Уæхтæнг уæларт тебæимæ куыд архайдта, афтæ йæ къухæй æрхауд, йæ дзыгъал-мыгъулмæ дыууæ læппуйы фехъал сты. Сæ цæстытæ дæр дзæбæх нæма аууæрстой æмæ раздæр сæхи скæуынæввонг сæнцъылдтæ кодтой, фæлæ, сæ фыды куы ауыдтой, уæд хъæлдзæг бахудтысты, сæхи фæстæмæ анорстой тæнæг хъæццулы бын.

Уæхтæнгæн йæ мидæг йæ ныронджы сагъæстæй ницыуал аззад. Сæ уæлæнгай хъуыддæгтæ сын акæнын кодта, сæ хæлæфтæ æмæ сыл сæ хæдæттæ фæцавта, басхуыста сæ, уайгæут цæхæрадонмæ, зæгъгæ.

– Нæ мады хай уым ис? – афарста йæ кæстæр, къæбæда Зауыр.

– Уым ис. Размæ, фырыхъултæ!

– Баба, æмæ Надя-тетя дæр уым ис? – скаст æм хистæр, æхсæзаздзыд Знауыр.

– Уым ис, уым дæ уарзон дæр. Уарзыс, Знаурик, Надя-тетяйы?

– Уарзын.

– Цас?

– Мæнæ уыйас, – йæ къухтæ фæйнæрдæм айтыгъта, стæй афарста: – Хъайла дæхæдæг хæрдзынæ иунæгæй? Ды кусынмæ цæуыс æмæ? Махæн та мама ратдзæн?

– Фæлæуу-ма, гуыдынхъус! Рагон лæг алы гæрстæхсæгмæ дæр йæ кæрц куыд æппæрста, ай дæр ма æххæст ахс, зæгъгæ, афтæ ды дæр алы хæрæгимæ дæр хæрæг дæ!

– Нæ дæн хæрæг! Баба, æз дæ фырыхъул дæн!

– О, о, ды дæр æмæ Знауыр дæр мæ мæкъуылы цъиутæ стут, мæнæ сусæны мæй цы цъиутæ рауадзы карк фæстагмæ, уыдон – фæразон уарынтæн, уазæлттæн, æргъæвсгæ нæ кæнут...

– Мах ирон лæггæгтæ стæм æмæ тъизын дæр нæ сæрмæ нæ хæссæм!

– О, о, Знауыр. Фæлæ-ма йыл басæтт: цы уарзыс, цы, Надя-тетяйæ!

– Йæ дзидзитæ.

– Цæмæн?

– Къухæй йын сæ мæнæ афтæ ныббокс кæнын, æмæ хорз у!

Уæхтæнг дзыхыдзагæй ныххудт, аууæрста Знауры сæр, апыхцыл ын кодта йæ сæрыхъуын.

– Æмæ кæй фырт дæ?

– Дæу!

– Æмæ кæй хуызæн сæфт дæ?

– Дæу, – йæ зæронд урок æнæкъуылымпыйæ зыдта лæппу.

– Джигит дæ! Хъочагъ!

– Æз та, баба? – Зауыр разæй балæууыд.

– Ды та уымæй хъæбæрдæр. Кæм кусы дæ баба?

– Тъипловозыл.

– Кæй уарзы?

– Мæн æмæ Знауриччы! Стæй мамайы. Стæй ма тетя Надяйы дæр тынг уарзы...

– Ы, куыдзæйгуырд, уымæй та дæ чи фæрсы? – Уæхтæнг ныххудт æмæ Зауыры сæр рæвдаугæ æркъæрцц ласта. – Тæхгæут цæхæрадонмæ уæ мады хаймæ, джитъритæ уын ратдзæн, ногтынд, мыртмыртгæнаг джитъритæ!

Феддæдуар сæ кодта. Хъайла тебæйæ тæбæгъмæ æрфæлдæхта, цæхх ма йыл айзæрста. Куыд архайы, афтæ фæзмы зæронд æмбисонды ныхæстæ: «Джитъритæ мын уарзта! Джитъритæ мын уарзта!»

Цыдæртæ ма ацархайдта ноджыдæр, – æууылдта, хæрды ад не 'мбаргæйæ: йæ сæры цæлхъ-цæлхъæй хоста уыцы иу хъуыды: «Фырттæ мын ис, фырттæ! Баба сын дæн. Ба-ба! Æмæ – цы? Цы зæгъынмæ хъавын уымæй? Уый дын зæгъын – хъавгæ дæр нал кæнын, – æмæ дæ лæджы бынат æрцахс, басæтт ыл, кæй фæцис дæ сæрхъæн... сæлхæр уалдзæг... Нæ фæцис! Бакæс-ма Надяйы цæстытæм, байхъус-ма йын

йе 'хсызгон зæрдиаг кæл-кæлмæ: зæрдæ нæ къахы бындзарæй? Куыд скатайаг вæййы мæ уды къоппа Надяйы худыны зæлтæм... Куыд дис-саг худы... Куыд худы... Хъус æмæ йæм хъус æмæ ма 'фсæд цæрынæй... Куыд ныууæрæх вæййы дуне!»

Фондз сахатмæ йæ цæуын хъуыд куыстмæ, фæлæ рагацау рацыд: цалынмæ автобус зына, цалынмæ хæццæ кæна, йæ кусæн дарæс ива, маршруты гæххæттытæ-йедтæ иса – уæдмæ... Дуармæ йæ дзыппы тамако асгæрста – ис, риуы дзыппыл бахæцыд – къух фыссæнгарзыл амбæлд, нæ йæ ферох æндæр хæттытау, стæй акаст Надяты 'рдæм... Уæууæй, мæнæ куыд ауынгæг хивæндæй æдылыдзæф зæрдæ, мæнæ риу... мæнæ цы рыст ис, цы цæхгæр рыст æй рæхойы... лæугæ ныккодта æви... Бахуд æм, бахуд уæд та кæнгæ хъæлдзæгæй, æнæбары мæллæг худт дын ма рауайæд æцæг. Цы кæныс, цы дæ кæсы – йæ лæг у, йæ сæры бæрнон лæг!!!

– Салют, Уæхтæнг! – Игорь ын йæ къух райста, йæ комæй дыууæ раззаг сызгъæрин дæндаджы райгондæй ферттывтой.

– Салам, Игорь! Куыд уыд дæ балц? Фестут райгуыræн бæстæйы къæбицмæ мæнæу ласт? Хлеб не тот, что на полях, а тот, что в закромах, нæ?

– Хæслæвæрд фестæм, фæлæ ма химæрайст уæлæмхасæн хæстæ хъæуы. Фæцæйхуыдуг кодтон хъæуы, фæлæ йын иуæй-иу рæтты ницы уыд, – йæ цæст æм æрныкъуылдта, Надяйы 'рдæм фæдзагъул кодта.

Уæхтæнг дæр Надямæ фæкаст, уый йæм æфсæрмхуызæй, цыма дзы исты азымджын у, уыйау æнæбон бахудт, – йæхимидæг уый дæр бынтон хорзау кæй нæу, уый бамбæрста Уæхтæнг.

...А-гъа, базыдта мын мæ уавæр. Уæууæй, мæ зæрдæ, цы ауынгæг дæ? Цæмæн тарстæ, ныртæккæ нæ размæ фæуыдзæн Уæхтæнг, зæгъгæ, цæмæй йæ банкъардтай? Стæй мын чи у, цы дзы дарын, цæмæ гæсгæ йын хъуамæ хъыг уа – ницæмæй йæ фæсайдтон, ницы зæрдæ йын бавæрдтон, уæд цы стъæлфын? Нæ, нæ, зын ын у, уынын æй. Йæ цæстыты малы бандзыг рис, Игоримæ нæ куы ауыдта, тæккæ уæды рис – куыд тухитæ кодта бахудыныл, зæрдæбын циныл; æмæ æз дæр уыцы катайтæ куы кодтон, æз та йæм, зæгъын, æнæбары бахудон, лæмаргæ худтæй, кæннод ын хъыг уыдзæн ме ’ргом хъæлдзæг уаг: ай-гъай, æрхъæцмæ кæуыл нæ хъæцы, уыцы лæг ын фæзынд æмæ дидинæг æфтауы, кæрæдзийыл цы кæрæф цинтæ кæндзысты, уый рагацау йæ цæстытыл уайгæйæ, зæгъгæ. О, Уæхтæнг, куы йæ зонис, куыд æй нæ уарзы мæ буар уазал хæфсы андзæвдау, куыд, фæлæ амæндтæгæнæгæн цы...

Надя йæ лæджы фарс басхуыста:

– Ницы йын уыд! Туг æмæ æхсыр ирдцъар хъугдуцæг чызг æм интервьюмæ йæхи бацæттæ кодта, æмæ йæ æз дæр ныр найынмæ кæнын, кæд ын Терчы дон йæ чъизи тæригъæдтæ фæласид.

Игорь æфсæст мыр-мыр бакодта:

– А нæхион интервью цы хоны, уыцы анекдот нæ зоныс, Уæхтæнг? – æмæ йæм æнхъæлмæ дæр нал бакаст дзуапмæ, зоны йæ æви йæ нæ фехъуыста, зæгъгæ, фæлæ худгæ-худыны хæлæфæй дзурынмæ фæци.– Хъугдуцæгæн, дам, хъомдæтты хицау афтæ зæгъы: «Абон интервью дæтдзынæ уацхæссæгæн æмæ дæхи барæвдз кæн». Уый фæджих: интервью та, дам, цы хæринаг у? Мæгъа, дам, районæй ærдзырдтой, лæг уæм фæцæуы интервьюмæ хуыздæр хъугдуцæгимæ. Цы у, уый нæ зонын æз дæр, фæлæ, дам, куыд вæййы, цы вæййы – дæхи дзæбæх цынай!» Ха-ха-ха! – Игорь йæхи ныхæстыл йæхæдæг разæй ныххудт. – Ма мыл мыс, Надюш, иу интервьюйы тæригъæды дæр нæ бацыдтæн! – æмæ та Уæхтæнгмæ йæ цæст аивæй æмвосгæнæджы ныкъуылд фæкодта.

«Йæх, уыцы цæстæн дын иу хъæуккаг бæркадджын мыхъхъ ныллас», – ахъуыды кодта, мæстæй хæлгæйæ, Уæхтæнг, хъæрæй та худæнбылæй загъта:

– Цæй, уæрагмæ донæй фалдæр ма баивгъуыйут, кæрæдзийыл цинæй уæ хæйрæгбадæн æрфытæ ма ферох уæнт.

– Цæй, ды дæр, Уæхтæнг, – йæ армы тъæпæн æм Игорь æркъæрцмæ бадардта, – дзæбæхæй бакус: фылдæр ис – дарддæр æппар, æмæ цалынмæ тæха, уæдмæ дæ фæллад уадз. Æви: кусæм – сийæм, хæрæм – нæ хид кæлы?

Ницыуал æм сдзырдта Уæхтæнг, араст, ма сæм ракæсон фæстæмæ, зæгъгæ та хинымæры скарста, фæлæ нæ фæлæууыд æмæ иуахæмы куыд фæзылд, афтæ йемæ Надя дæр æмзылд фæци, йæ къух æм хæрдмæ фелвæста æмæ йын йе ’нгуылдзты змæлдæй «хæрзбон» акодта...

Сабаты дыууæ бинонтæй ацыдысты доны былмæ. Райстой семæ хæрд, нозт. Адæмæй былгæрæттæ бæз-бæз кодтой. Чи хурварс хуыссыд змисыл, чи аууоны бадт æмæ къамтæй хъазыд, чи минас кодта, газеттæй арæзт фынгты алфамбылай бадгæйæ – ærдæгцæхджын джитъритæ, æйчытæ къуыдыр фыхæй, цъæх хъæдындзтæ, тад цыхтытæ æвзист гæххæтты тыхтæй, къалбасы тымбыл фиудзæст лыггæгтæ, мигænæнтæ уазал донимæ, бæгæныйы, суардоны, сæны, уырыссаг арахъхъы æвгтæ сæ разы. Диссаг: гæмæх сæр, куыд фæзæгъынц, хурмæ скъуыдтæ кодта, фæлæ уæддæр карз нозт дæр бирæтæн сæ зæрдæ агуырдта...

Уæхтæнг йæ дыууæ фырты былгæрон змисджын тæнджыты анадта, ацъыбар-цъыбур кодтой, стæй сæ сæ хъыллист, худт, хъæр, хъæлдзæг араллойæ тæвд змисмæ рахаста, сæвдылдта сæ æнæхъæнæй дæр уым:

– Ныр уæ хур нал басудздзæн. Æнцад хуыссут, кæрæдзиуыл уæ змис калгæ федтон – уæ сыдзыбылтæ уын пысырайæ ныххойдзынæн. Куы ссырхзынг уат, уæд та уæ нынтъухдзынæн донмæ.

– Нарты Батрадзау? – афарста Знауыр.

– О. Цы загътон, уый фехъуыстат?

– Æз æй фехъуыстон, – Знауыр.

– Æз дæр æй фехъуыстон, – Зауыр.

Куыддæр сæм Уæхтæнг йæ чъылдым раздæхта, афтæ кæрæдзийы сæртыл фæйнæ армыдзаджы змис æркодтой æмæ худæгæй бакъæцæл сты.

– Мæнæ дæн! – сæ дзаумæттæ кæм раластой, уырдыгæй йæм чысыл уæлбылдæр, бæлæсты бынæй фехъуыст Римæйы хъæр.

– Хурмæ рацу, аууоны цы бамбæхстæ?

– Мæ сæр та рисдзæн. Чиныджы кæсын!

– Циу?

– «Всадник без головы!»

– Кæмæй зæгъы, кæмæй? – чидæр Уæхтæнджы къухыл рахæцыд. Фæзылд æм: Игорь. – Истæуыл дæм фæхæрам?

– Нæ, чиныг кæсы... Ахæм сæргонд ын ис…

– А-а-а... – Игорь Римæмæ фæзылд. – Римæ! Æмæ Надя цы фæцис?

– Дæлæ йæхи найы!

– Уæдæ æз дæр! – Игорь йæ дзаумæттæ феппæрста, атымбылтæ сæ кодта, иуварс сæ авæрдта æмæ уыциу тырындзæй скуыси доны, фæныгъуылд, цавæрдæр чызджы къахыл доны бын фæхæцыд, æмæ уый удаист хъыллист айзæлд. Игорь фалдæрæй скаст, худы. Уæхтæнг æм тымбыл къухæй бавзыста – цас фæудиртæст уыдаид уыцы чызг, уый зоны: дæ къахыл дын исты андзæвд найгæ-найыны, зæгъгæ, уæд æвиппайды лæджы буар куыд ауазал вæййы!..

– Идиот! – фæкодта Игорæн чызг дæр. – Дур-рак!

Бæлæсты бынæй кæйдæр транзисторæй райхъуыст зарæг «Севастопольский вальс». Уæхтæнджы зæрдæ ферхæндæг. Цы хъуыдытæ йæм райгуыры, рагон зарджытæм хъусгæйæ, уыдон æнæдиссаг не сты. Ау, æз куы нæма уыдтæн зæххыл, уæддæр адæмыл катайаг сагъæстæ æфтыдтой ахæм сызгъæрин бонтæ, сæрды зæрдæисæн дуне йæ кæнонтæ кодта уæд дæр? Уалдзæг афтæ къæбæлдзыг кодта æрыгон зæрдæтæ? Фæззæг та сæ рæсуг фæрсыгъта уæд дæр? Зымæг сын бæллиццаг кодта

стæфсыны бонтæ? Уæд дæр, уæд дæр... Ныридæгæн дæр йæхи царды куы ис зæрдæйы арф рæбынты æфснайд ænæрохгæнгæ хурдзаг бонтæ, уыцы райдзастæй йæм куы зынынц рæстæджы фæлмæвæрдæй, ныридæгæн дæр сæ хъæрзгæйæ æмæ тæхудиагæй куы æрмысы.

Кæцы аз уыдаид... Иу-æхсай фыццæгæмы... Горæты сæрмæ сæхи найынмæ æмдзæрæнæй цалдæр æмбалæй ацыдысты – Суликъо, Таймураз, Дзасар, Мырзабег. Йæхихъуыды сæ фæхицæн иу заман. Суад Терчы ауазæны сæрмæ. Иуварс былгæрон – хъамылтæ. Се 'хсæн – змисджын лæгуын бынат. Фадхъултæм чысыл дон дзы калд астæуты. Æмæ уыцы быгъдæг ран ауыдта хъулæттæ стыр хисæрфæныл уælгоммæ хуысгæ дыууæ чызджы. Бæгънæгæй... Мадард зыбыты бæгънæгæй. Æрмæст сæ фындзты рæгътыл гæххæтты гæбæзтæ ныхæст. Фефсæрмы йæхимидæг. Раздæхинаг уыд, фæлæ фæхатыдта йæ зæрдæйы æнцойад, æвзæр, цæстмæдаринаг хъуыдыйæ дзы кæй ницы фегуырд, уый. Мæнæ цыма саджы лæппынтæм каст, кæнæ сæртæг байрæгтæм, науæд та æрдзон фидауцмæ фæтчиагæй каст – стæй ма йæм афтæ дæр сдзырдта йæ зæрдæ, æмæ æнæфенд дистæ куы кæна, уæд ыл уалæ зынгдзæст хуры зæрдæ фæхуддзæн, уымæн æмæ уый дæр зæрдæхæларæй цыма ныддардта йæ цæст хъамылты 'хсæн сæхи баауыонгæнæг дыууæ зæдмæ.

О, æмæ уырдæм йæхихъуыды куы цыд, уæд ыл Суликъо худгæ дæр ма кодта, иууылдæр, дам, найгæ-найыны доны ауадзынц сæ цай, ды та пыхсыты ауыон кæныс дæхи, зæгъгæ, фæлæ чызджыты куы ауыдта, уæд æй йæ цыды сæр дæр ма ферох.

Абон дæр фæсмойнаг у, лæппутæн уæд чызджыты æмбæхсæн кæй схъæр кодта, уымæй. Раздæр сæ нæ уырныдта, фæлæ уæддæр ацыдысты йæ фæдыл, æмæ сын цæугæ-цæуыны дзырдта: «Ахæм рæсугъд сты, ахæм, афтæ тынг, æнахуыр тынг фидауынц, æмæ дзы худинагæй æппындæр ницы ис, исты ахæм мондаг дæр сæм нæ кæны адæймаг, кæсынæй сæм не 'фсæдыс æрмæст. Æцæг, æцæг – нæ сæм цыбæл кæны лæг...»

– Ау, уæдæ сæм, цыма абанайы кусыс, афтæ кастæ? – бацымыдис Суликъо.

Уæхтæнг фефсæрмыхуыз, цыма стыр худинаджы бынаты равдыста йæхи, цыма йæхицæй дæсны бæхылбадæг раппæлыд æмæ йын саргъы бæх куы 'рбакодтой, уæд æм кæуылты схизын хъуыд, уый дæр цыма нæ зыдта, уыйау.

– Æмæ сын цы бакодтаин... иунæгæй... – йæхи растгæнæгау ма сфæрæзта.

– Уæллæй, ды 'рдызт цыдæр дæ! Цыдæр дзыдæл! Ды та сæм уырсы мыр-мыр бакодтаис!

– Фæлæуу-ма, фæуадз дæ мыррытт ныхæстæ: бамбæхсдзысты! – Таймураз Суликъойы басхуыста. – Йæх, емылыкк, дæ хæдзарæй рæсугъд цæсгом ма рахæсс æмæ дæ цæхæр цæстытæй уыцы дыууæ зæдыл арт ма бандзар! Æви нæ хынджылæг кæныс, цæхджын сайд?

– Тс-с-с! Уæртæ сты! – фыццаг сæ Суликъо ауыдта æмæ сæ йæ цæстытæ нал иста. Бахæлоф кодтой Мырза æмæ Таймураз дæр. Дзасар сæм иу æхсгæ каст бакодта æмæ фæстæмæ фæзылд, цыма йæ ивар куы фæчындæуа, уымæй æдас нæ уыд, уыйау. Кæнæ та йæхи æфхæрдыл нымадта: уыцы чызджытæ дæр, мæнæ сæкæр авджы бынмæ куы сдæрай, афтæ сты – дæ цæсты фиутæ сæм цы тайой, æндæр...

Таймуразы дзых ныххæлиу, цæстытæ рабырыдысты:

– Æй дæ мæрдтæ сыстой! Дæлæ-ма цæттæ бæдултæ! Ацырдыггаг – мæн!

Суликъо йæ дыууæ æнгуылдзы йæ дзыхы акодта, йæ сæр сдардта хъамылтæй æмæ къуызиттæй ныхситт ласта. Чызджытæ хæрдмæ нæ фæхаудысты, уый куыд æнхъæлдта, ныххудын цæттæйæ, афтæ – сæ къабатæ сабыргай æрбайстой æмæ сæ цæхгæрмæ сæхиуыл баппæрстой...

– Уæхтæнг! Дæ фæздæг кæлы хурмæ! Рацу! – доны астæуæй йæм хъæр кæны Игорь, æмæ уымæ куыд фæкаст, афтæ Надяйы ауыдта: ленк кæны сабыргай, гыццыл уылæнтæ кæсаджы цæппузыртау, тыбартыбургæнгæ, 'рттивынц йæ алыварс, уылæнты æхсæнæй йæм кæрдæгцъæх тынтæ уафынц йæ цæстытæ – Надя та уымæ кæсы, худы йæм, сиды йæм йæхимæ, æмæ йæм кæсы Уæхтæнг дæр æмæ йæм худы, æмæ йæ зоны: ацы бон, ацы дон, йæ алы уысм дæр та æнæрохгæнгæ сты, цард фидауæн бонтæй у ацы сабат, нæ дзы ферох уыдзæн, Зауыр æмæ Знауыры змисы куыд æвдылдта, Игорь æнæзонгæ чызджы куыд фæтæрсын кодта, транзисторы зарæгмæ куыд хъуыста, кæддæры дыууæ бæгънæг чызджы куыд æрымысыд, Надя куыд ленк кæны æмæ йæм далæ куыд æрттивынц кæф кæсаджы цæппузырты хуызæн уылæнтæй йæ цъæх цæстытæ, йæ худгæ цæсгом, Римæ та бæласы ауыоны куыд бады æмæ кæсы «Всадник без головы», фæлæ йæм нæ зилы фæстæрдæм – йæ фæсонтæй йæ 'мбары, уый йæ цырддзастæй кæй хъахъхъæны æмæ йын хъыг кæй у, хæстæг æм кæй нæ цæуын – æмæ йæ уый дæр нæ ферох уыдзæн, афтæ кæй ахъуыды кодта Римæйы тыххæй æмæ йæм мæнæ ныр кæй фæзилдзæн:

– Ри!

– Циу?

– Мах дæр ма хъандзал хъæлдзæг суæм! – фæхъæр кодта Уæхтæнг, æмæ йæ зæрдæ йæхи ныхасмæ фæкъæпп ласта: «хъандзал хъæлдзæг»? Уый та циу, куыд æмбаргæ у – «хъандзал хъæлдзæг?» А-гъа, æрцахста йæ хъуыдыйы къуди, ома, афтæ схъæлдзæг уæнт, æмæ сæ æппæт сагъæстæ дæр тæргайæ куыд фæлидзой, куыд сæ равдæлон уой, æмæ уæд æнæмæт цин куыд кæной ацы хуыцауыуарзон боныл.

Уæхтæнг Римæмæ бацыд, йæ фæдыл батъæбæртт кодтой Зауыр æмæ Знауыр дæр, фæлæ сæ расырдта, æмæ уыдон дæр, худгæйæ, алыгъдысты.

– Ри, цæй, нæма ссардта уыцы барæг йæ сæр?

– Ницы. Дæуæй уæлдай уый дæр ницы... – Йе стыр сау цæстытæ худæндзастæй кæсынц. – Ы, бастъæлай, иуварс уæд та азылдаис, Надя кæд дæуæй нæ уæнды донæй рахизын, уæд та?

– О, цæй! Хи найгæйæ та цавæр æнæфенд æфсæрмытæ сты?! Дзагарм у æмæ не 'фсæды найынæй! Стæй мæ ды ацы бон ма ælхысчъытæ кæн. Мæстытæ-йедты рохы бон у абон...

– Кæмæн царды уæз æмæ хæс рохы бон, кæмæн фыдохы бон. Нырмæ дæр куыд фæразыс былыл? – Римæ чиныг дæлгоммæ йæ уæрджытыл æрфæлдæхта, Уæхтæнгмæ дзæбæхдæр разылд. – Зонын дæ, хинымæр та сынæр цагътаис, цæй, цæуон æм – æмæ Римæ цы зæгъдзæн, Надя йæхæдæг цы зæгъдзæн, Игорь цы ахъуыды кæндзæн... – Римæ схудт. – Агургæ æмæ æнæаргæ лæг дæ. Алцæуыл дæр уыцы лæмбынæг, дардыл фæхъуыды кæныс, лыстæг балуарыс – дæ галиу дæр æмбарыс, дæ раст дæр зоныс, фæлæ уæддæр де 'нæсæрфат фæндагыл мæйдзыд родау ныййарц вæййыс...

– Цас ралæхурдтай! Хорз. Мæнæ хъæццулы мæхи стухдзынæн æмæ мутаканы бæсты дæ нывæрзæны батымбыл уыдзынæн!

– Цæмæн, мæ къона, цæмæн? Фæлтау-ма мæнæ дæ уарзон къæбæргæнæг, гæрстæхсæг, æфснайæг, дæ хъамаком бындурты хъомылгæнæг, дæ къонайы артдзæст хъахъхъæнæг сылгоймагæн йæ урсбазыр къухыл ахæц æмæ йæ худгæ-худыны донмæ баскъæф – кинойы дæр никуы федтай уый? – Римæ цырд фестад, йæ рахиз къух Уæхтæнгмæ аив бадардта.

Уæхтæнг февнæлдта Римæйы цонгмæ æмæ йæ йæ фæдыл аскъæфта. Доны смидæг сты – цъыбар-цъыбур, кæрæдзиуыл дон калынц, худынц, Римæ хъæр кæны «æгъгъæд, у, æгъгъæд у, Æрраби», стæй æрныгъуылд, скæсынмæ куыд хъавыд, афтæ Уæхтæнг дæр æрныгъуылд, доны бынты йæм бабырыд, йæ хæд цур скаст – Римæйы «уауу», йæ худын – иууылдæр цины змæлд, зæрдæроггæнæн хъазт...

«Фæлæ нын зæрдиагæй цин нæу... зæрдæбынæй... Мæнæн нæу – ацахста та йæ мидуавæр Уæхтæнг, – æмæ йæ зонын, махмæ чи кæсы, уыдон дæр æй æмбарынц, мах тыхамæлтты руаджы кæй хынджылæг кæнæм, цæстмæйы хъæлдзæг кæй стæм, уый æмæ уыдонæн дæр куыддæр хъыг у, хъыг сын у нæ цæстмæми цин, нæ къæдзилджын цин, мæнæ театры æвзæр, æнарæхст хъазæг артисттæм куы кæсай æмæ уыдоны бæсты дæ цæсгом куы судза, уыйау. Ærмæст нæм уæлæ Зауыр æмæ Знауыр æнæхин цæстытæй кæсынц, æцæгæй æхсызгон сын у. Гъæйтт, æртæхынц...»

– Мама, сымах бабаимæ хъазгæ кæнут? Мах дæр!

Æмæ æппæт дæр афтæ кæй у, кæнгæ цин кæй у сæ цин, уый Римæ дæр тынг хорз æмбæрста æмæ дзы аххосджын йæхи кодта, азымы дзы йæхи дардта: чи зоны, æмæ Уæхтæнг æмæ Надяйы Хуыцау æцæг сфæлдыста сæ кæрæдзийæн, уый та, Римæ та сын сæ амонды фæндаг, кæрæдзимæ сæ амонды фæндаг цæхгæр алыг кодта, фæдæргæвст цæхгæр... Æддаг бакастæй дæр куыд хорз фидауынц фæрсæй-фæрстæм, куыд!.. Ацы æнусонфæуинаг сæрдыгон дуне дæр ахæмты фидауц амондæй куы фидауы, уæд... Æмæ йæхимæ амондхалæджы, æнæбары кæйдæр амондхалæджы азым хаста, хаста йæ йæ зæрдæйы æрфытæй цæугæ схуыст хъуыдыйæ, æмæ йæхимæ бар-æнæбары ælгъгæнинаг каст, тæригъæдджын, йæ мидæфсарм къæмдзæстыг кодта. Мæнæ кадджыты дзуринаг уарзтæй кæд уарзынц кæрæдзи, æрæджиау фембæлгæйæ, æмæ сын æй Римæ та, йæ дыууæ сабийы фарнæй дæр пайда кæнгæйæ, тугкалгæ тыхыскъуыд кæны, йæ сæрты ахизæн кæмæн нæй, ахæм цæлхдур сын кæд у йæ хъæбултимæ. Æмæ цыма уыцы тæригъæдæй дæр Зауыр æмæ Знауыр хайджын сты, афтæ дæр æм кæсы, æмæ тыппыр кæны, мастæй дымсы йæ зæрдæ, æмæ йæм худинаг кæсы загъд самайын...

Римæ сывæллæттæм фæци, Уæхтæнг доны æрныгъуылд, йæ цæстытæ байгом кодта, хуры тынтæ куыд хъазынц арфы, уый раиртæста, цалынмæ йын улæфт фаг кодта, уæдмæ доны бынты фæбырыд, стæй скаст, Надяйы хæстæг, доны уæлцъар уæлгоммæ хуысгæ – йæ фæллад уагъта, – ауыдта, фæлæ йæм нæ баленк кодта, нæ йæм сдзырдта, йæ цурты дарддæр, цады астæумæ ленк кæны, куы, – дæлгоммæ хуысгæйæ, куы бафæллайы, уæд та – уæлгоммæ хуысгæйæ, æмæ ницæуыл хъуыды кæны – æрмæст æхсызгонæй æмбары доны хъæрмуст, дунейы зæрдæхæлар ахаст, сæрды зæрдæхалæн дзæнæт...

– Рудзгуытæ сты ахæм бонтæ, уæрæхгом рудзгуытæ – царды къуымтæм рухсы гуылф уадзæг рудзгуытæ, – сдзырдта йæхицæн, æмæ,

цыдæриддæр кæны, уыдон æм æрдзон хуызы фидауцджын æркастысты. Уды фидауц – дун-дунеты зæрдæрухс æууæл…

...Хуыцаубоны рауарыд. Арв æмхуызон сæхгæдта, цыма фæсмон кодта зноны хурарæхыл, уыйау. Бæстæ ныттарæлхынцъ – зын бауырнæн уыд, абон дæр сæрд æмæ знон дæр сæрд кæй уыд, уый. Фæлæ ма иу ныфсæй зæрдæ рад: хуыцаубоны рауарыд, æмæ кæд бирæ нæ ахæссид; къуырисæры куы фемæхсы, уæд та æнæхъæн къуыри дæр тæрс – миздзæн æмæ миздзæн. Къуырисæры фæндаг базонæд уарын, уыййеддæмæ арв ныссыхырна вæййы…

Лæджы хуымæтæг цинтæн, – æрдзы иузæрдион хъæбул ма куы уыд, – уæдæй фæстæмæ сæ сæйрагдæрау у фæскъæвда хур боны райдзастыл цин, уыцы зæрдæйы низтæрохгæнæн ирд дуне, ногнад бæлæсты, кæрдæджы, цæхæрадæтты цардхуыз уынд, алы зайæгой халы ракæнон арæзт. Стæй фæлмæн къæвдайы хурарыд бонты фæстæ зæхкусæджы цин.

– Сыст-ма уæлæмæ, сыст, нæл гæдыйы цардæй цæрæг! – Римæ басхуыстытæ кодта Уæхтæнджы. – Хур арв иууыддæр йæхи бакодта, уæддæр ма ай хуыррытт кæны... Дæ бонæй уай, цы æнæмæт дæ! Дæ цардæй, тæхуды, æмæ уæд та ма иунæг чи ацæры!

Уæхтæнг йæ цæстытæ дæр нæ байгом кодта, афтæмæй дистыл схæцыд:

– Уæууа! Ай бæстæ æцæг куы байдзаг нæхи ирон хурæй, æцæг! – хуыссæны рабадт, рудзынгæй æддæмæ акаст. – Дæлæ ма нæхи хъæуккаг сæрд! Раст Зилгæйаг! – фæзылд Римæмæ. – О, фæлæ цафон æрбацыдтæн куыстæй, уый та нымады нæу? Стæй, цымæ, сыл гæдыйы цард цæмæй æнæтæхудиагдæр у?

– Зæххыл цыдæриддæр сылыстæг ис, уыдоны иууылдæр Хуыцау ралгъыста, фыдохы бон сæ сфæлдыста, судзины æфсæйнагæй сæ скодта, цæмæй сæ фæрстæ фæразой æнæзонд нæлыстæгджынтæн...

– Аппар-ма дзы, уанцон нæу – уе 'ппæты нæ ралгъыста Дунесфæлдисæг. Уæдæмæ иуæй-иу сылгоймæгты æмæ сыл къогъоты: дыууæтæ дæр лæджы туг цъирынц.

– Æмæ къогъотæ махыл нæ хæцынц?

– Хæцынц. Хихор стут. Фæлæ Хуыцау сымах, сылгоймæгты, цъыфæй куы размæнт-базмæнт, куы цъапп кодта, уæд уын уæ рæбинаг цæджындзæн лæджы фæрсчытæй иу сласта, сымах та...

– Дæ пъири бамыр уæд, Хуыцауы ном хынджылæгæй куы нæ кæнай, уæд. Сывæллæттæ дын ис, сæрхъæн! Мæн дæ дзæгъæл бæр-бæрæй ма сагъæссаг кæн!

– О Хуыцау, Хуыцауы хатыр бакæн! Бахиз Дæ фыдæхæй нæ дыууæ рæзгæ хъæбулы! – скуывта Уæхтæнг.

– Аммен! – зæрдиагæй загъта Римæ.

Уæхтæнг йæ дзаумæттæ сынтæджы къухæй райста, тагъд-тагъд сæ кæны йæ уæлæ.

– Диссаг стут, ахуыргæнджытæ. Махæн дæр иу дæуау ахуыргæнæг уыдис. Æмæ-иу скъолайы афтæ дзырдта, Хуыцау нæй, дин нæй, иууылдæр талынг адæмы талынг зондæй гуырынц, зæгъгæ, афтæмæй йæ гыццыл лæппуйы хъуырыл та моллойы конд æртæтигъон сау чиныг бафтыдта, хи найгæйæ дæр æй йæ уæлæйæ нæ ласта. Сау сæракæй агъуды мидæг хуыд. Уæдæмæ йæ хæдзармæ ахуыргæнæг чи уадзы, уый йæ хæдзарæй хынджылæггаг кæны...

– О, бæгуыдæр, ахуыргæнæгæй йæ хæдзары хынджылæг скъæры. Ахуыргæнæгæй, цымæ, мæгуырдæр абоны бухъ царды исчи ис? Цæсты нал ахады, адæмы цæсты, æмæ скъоладзаутæ дæр уымæн æгоммæгæс сысты, – йæ маст кæй нал бауромдзæн, уый бамбæрста Римæ, нал æй бауромдзæн æмæ фæстæдæр фæсмойнаг кæй кæндзæн, уый дæр зыдта, фæлæ йæхиуыл йæ бар нал цыд, зонды цæуæнтæ маст иугай-дыгай æхгæдта.

– Раст ды æфсармы койæ куыд тыхсыс, ахуыргæнæджы ныхæстыл та иннæтæ сæхи афтæ сцæгъдынц. Æфсæст адæмы ма æфсарм чердæм хъæуы? Дæуæй дæр ницы риссы, дæ туг дæ тутт сæры сæрты анхъæвзта æмæ...

– А-гъа, бынтон суагътай дæ дзых? Æмæ дæ уæдæ нал къахын... – Уæхтæнг Римæйы цонг рацахста, æрæлхъывта йын æй.

– Къах! Мыст гæдыйы сæр... – Римæ йæхи феуæгъд кодта, фæкъæртт. – Ацы бонты дæуыл бон батар, мæныл та хур скаст – дæ катай, дæ удхар, дæхицæн бынат куы нал ардтай, ныр куыд, цы хуызы, цы 'фсонæй йæм суайай, куыдæй йæ фенай, уымæн куы ницы адæмымыггаг бындур ардтай, тамако тамакойы фæдыл куы 'ндзæрстай, уæд мæныл та рæдау хур кастис, æхсызгон мын уыд дæ ницæйаг утæхсæн. Æхсызгон!

Римæйы скæуынмæ бирæ нал хъуыд, фæлæ аныхъуырдта йæ цæссыджытæ, уыциу тъæлланг фæласта:

– Стæй хъыг, хъыг мын уыд! Бын бауай! Æндæр цавæр лæг дæ! Кæрддзæм дын цæуыннæ ис? Бинонты хицауы фæлгæт! Ирон лæгыл, сылкъи уа, уый кæд фидыдта, дæ сæрмæ цытæ хæссыс?

Уæхтæнг цæсгомæй фæтар. Афтæ у, уæдæ... Тынг раст у, кæдмæ хъазгæмхасæнты тондзæн йæ тæрттæ Надямæ, йæ фæстаг хъуыды ба-

фынæйы размæ дæр ууыл куы вæййы, райсомæй йæ фыццаг хъуыды дæр ууыл куы вæййы, стæй куы уаид лæгæн йæ зæрдæ акъæртгæнæн æмæ йæм ныккæсæн, уæд дзы Надяйы сурæт... уæд... уæд. Нæ, бирæгъ æфсæст – фыстæ дæр нымады, æнæфæхъуыд, нæ, афтæ нæ вæййы. Афтæ нæ вæййы, нæ... Мæнæ ай Римæ у, йæ кæддæры Римæ у, мæнæ ацы усбирæгъ?! Цыфыддæр знаджы каст æм куыд кæны... Ай æрбатухы йæ хъæбысы?! Ай у йæ цæринаг гуырдты мад? Диссаг, кæддæры судзгæ уарзтæй уарзон адæймаг дын афтæ æцæгælон суæд...

– Уæдæ афтæ зæгъыс, нæ? Æмæ уæдæ æз дæр дуар ныггуыпп кæнон? – бауырдыг æм Уæхтæнг. – Цы ныхъхъус дæ, зæгъ-ма, зæгъ...

– Цы дын зæгъон? Ныггуыпп кæн... стæй дуар дæр...

Нæ йын бахудт йæ ныхæстыл Уæхтæнг, нал ын сæ аздæхта хъазынмæ, фæкъуырма, фæгоби кодта йæхи.

– Уæдæ мæныл галтæ фæхудæнт, æз... Мæнæ ма... æххæст ма мæхи ахсон...

– Бæрзæйдих дзы-иу фæу, Игоры Хуыцау æнæнхъæлæджы куыд æрбауадза æмæ кæрæдзийы кæрдтыл... – Римæ йе 'лгъыст кæронмæ нал фæцис, ауынгæг йæ зæрдæ, æддæмæ сæргуыбырæй ратахт.

Уæхтæнг сæ акæсæны уынджы фæлæууыд, хъуыдыдзастæй афæстиат. Тамако сдымдта. Ахъахъхъæдта дæлæрдæм. Тута бæласы аууон даргъ фæйнæгæй бандоныл сыхаг устытæ дзыгуырæй бадынц. Уыциу цыдæй цæуын æй хъуыд. Сæ райсомы ногцагъд æфсæртæн та сын куыст ссардта. Цы ма сын баззад, хæлæггаг æрыгон дуджы фыдгойæ уæлдай... Бирæ цæмæйдæрты фыдæнхъæл фесты сæхæдæг æмæ ныр цымыдисæй, хæлæгæй мæлгæ, кæсынц абоны барджын фæлтæрмæ. О, рæстæг алцæуыл дæр тых кæны, алцыдæр йæ быны ссæнды, ныгæны, цæнд цæнды уæлæ амайы лæджы цардыл, фæлæ йын йе 'взагыл фæуæлахизæн хъомысджын нæу, йæ цæсты фиутæ йын тайын кæны, фæлæ йын йæ зæрдæ та фыдæнæн зæронд нæ кæны... Æмæ сæм, уæдæ, цы мæсты кæна уый дæр... Лæгæн цалынмæ йæ цæст судзы, уæдмæ хæлофæй кæсы рухс дунемæ, кæйдæр марой æнæсæр катай хоны, фæлæ-ма, ох-хай, уыдонау æрыгон у æмæ цыфæнды рæдыд дæр кæн, æнхъæвзæд-ма дæ туг – уый куыд вæййы, уый-ма бафæлвар! Бæргæ, бæргæ, фæлæ фæлмæнзæрдæ рæстæг æгъатыр æмæ æнæбафиппайгæ амур кодта цардмонцы цæлхыты дæндæгтæ, æмæ атагъайы ныссагъдысты уæрдæттæ, лæджы рухс бæллицтæй сæ былтæм дзагæй...

Уæдæ æдзынæг кæсут, уæ æндахджын кæсæнцæстытæ сисут, дзæбæх зæронд устытæ, уæ къæбуттæ ма риссын кæнут, æргом разилут йæ

фæстæ – уый цæуы æмæ гъа, райдайут кæрæдзимæ раппар-баппар йæ фыдгойы цъыфы къуыбар. Уæхтæнг дæн æз æмæ цæуын, мæнæ цæуын мæ сыхаджы амонд – мæ фæдзæгъæлуæвæг амондмæ – æмæ хъуысы мæ зæрдæйы хъинц-хъинц.

...Надя уидзы хæдзарон æрыскъæфтæ. Дзуццæджы бады тарцъæх хуымы рæнхъыты 'хсæн æмæ арæхстгай тоны сырх-сырхид, рæгъæд, саустъæлф дзыгъуыр æрыскъæфтæ æмæ сæ гыццыл чыргъæды арæхстгай æвæры. Сыфтæртæ фæйнæрдæм афæйлауы æмæ сын сæ быны æмбæхст гагатæ ратоны. Йæ даргъ æнгуылдзтæ сæ ссырх сты...

Ауыдта Уæхтæнджы. Фыр адæргæй æрыскъæф чыргъæды нал ныппæрста, фæлæ йæ арус кодта, йе 'нгуылдзтæ сдæры. Уæхтæнджы цæстыты æрра цæхæр ын йæ зæрдæ ацарыдта, фембæрста йæ, абоны бон ын худын æмæ хынджылæгæй кæй нал ахицæн уыдзæн, уый. Абон æм кæнæ стыр бæллæх кæсы, кæнæ йæ зæрдæйы сынкъ фæкъæртт уыдзæн æмæ 'хсызгон æмæ рогæн сулæфдзæн...

– Надя, – састбазыр зæбул дуары раз æрлæууыд Уæхтæнг æмæ йæм ризгæ хъæлæсæй фæдзырдта.

– Цы кæныс? – йæ хъæлæсы уагæй йын Надя бынтондæр бамбæрста йæ уавæр æмæ йæхæдæг дæр ницæмæуал арæхст, скатай химидæг. Иу хъомыл, дынджыр æрыскъæф ратыдта æмæ йæ дуары сæрты Уæхтæнджы дзыхмæ схаста – лæгъстæйагæй, мæгуыр...

Уæхтæнг ын æнæдзургæйæ йæ цонгыл æрхæцыд, мидстъæлфгæ, нæуæндонæй, фæлæ – фидар.

– Цом-ма, адзурæм...

– Цы кæныс, Уæхтæнг? – Надя йæ ныхас дæргъвæтин аивæзта, йæ хъæлæс барызт, цыма Уæхтæнджы ризгæ уылæн уый дæр йе 'взагæй ассывта æмæ сын сæ зæрдæтæ, къуыхцытæгæнгæ, æмгуыпп, æмцæлхъ кæнын кодта.

– Цом, цом, Надя, дзурæн нæй... Дзурынмæ нал арæхсын, дзырдтæнныхæстæн дзы бынат нал ис... Нал ис...

Уæхтæнг æй æрбахъæбыс кодта. Надя Уæхтæнджы риумæ йæ къухтæ быцæу сарæзта, цы кæныс, Уæхтæнг, цы дыл æрцыд, Уæхтæнг, ма кæн, Уæхтæнг, нæ хъæуы, зæгъгæ ма йын, лæгъстæтæ кодта, сабыртæ йæ кодта, фæлæ йæ Уæхтæнг тынгдæр æрбалхъывта; нал æй суагътаид, Надяйы къухтæ йын йæ риуы гуыдыр куы барæмыгътаиккой, уæддæр, æмæ фæтасыдысты сылгоймаджы æнæбон цæнгтæ.

– О, Уæхтæнг... Уæхтæнг... – Арф кæцæйдæр Надяйы риуæй хаудысты зынджы стъæлфæнтæ.

– О, Надя... Надя... Ныфсæвæрæг нæй мæнæй...

– Суадз мæ, фæхурх уыдзынæн...

Уæхтæнг æй суагъта, йæхицæй йæ адард кодта æмæ йын йæ цæстытæм ныккаст. Йæ цæсгом ын йæ дыууæ армы, цыма суарæй дон нызта, уыйау æрбахæстæг кодта йæхимæ æмæ йын йæ хус былтæй йæ зырзыргæнаг тыппыр хуылыдз былтыл адджынæй бандзыг.

Надя йын йæ рахиз къухæй йæ сæры хъуынтæ рæвдаугæ фасы, цыдæртæ йын, хъæрзгæ, дзуры, фæлæ йæм Уæхтæнг нæ хъусы.

– Надя, Надя... Бахус мæ хъæлæс. Цом-ма мидæмæ... Цом-ма... Науæд амæлдзынæн! Ам амæлдзынæн! Судзын... Стæй дæ буар дæр судзы, дæхæдæг дæр судзыс, мæ артыл мын арт æндзарыс...

Æмæ йын йæ къухыл ахæцыд, æмæ уый дæр, фæстæмæ лæмæгъ фæхæцфæхæцгæнгæ, йæ фæдыл цыд...

– Ма ку, ма ку, Надя. Ма ку... – сабыртæ йæ кæны Уæхтæнг, йæхæдæг та, дисгæнгæйæ, 'мбары, йæ зæрдæ æвиппайды кæй ацафтид, йе уæнгты гуыппарт куыд уайтагъд æрызгъæлд... Æрмæст ма йæ искуы цæугæ доны былмæ фæлидзын æмæ хæрздæф нæууыл афæлдæхын æмæ ныффынæй фæнды...

Фæлæ куы æркаст Надямæ, æрдæгбæгънæгæй куыд хуыссы уæлгоммæ, йæ хæрзконд дзагцарм къæхтæ æнæбон куыд ауагъта, уымæ, уæд æй бамбæрста, ацы сылгоймагæй кæй никуы бафсæддзæн, цасфæнды йемæ куы цæрид, уæддæр та-иу æй ног æмæ ногæй кæй бауарзид, цард æм æлгъыстаг цыбыр кæй кæсид, æрхъæцмæ йыл кæй нæ хъæцид: фена та йæ, бакæса та йын йæ цæсгоммæ, байхъуса та йын йæ зæрдиаг кæлкæлæй худтмæ, йæ урс дæндæгты уымæл æрттывд та йын ауына; йæхи адæмы цæсты бафтауыны онг æргом тындзид йæ хæдзармæ...

– Ма ку, ма ку, Надя. Ма ку, Игорæй ахицæн уыдзынæ æмæ, стæй æз дæр байуардзынæн... Ракурдзынæн дæ...

Надя йæм йæ цæссыгтæй лæнчытæ фæдтæ цæсгом фездæхта, ногæй та йе 'ртахтыппыр цæссыгтæ уадидæгæн æргæр-гæр кодтой, æмæ йæ рæсугъд цæсгом – диссагæй цы кæныс! – ноджы фæзæрдæмæдзæугæдæр. Кæуынхъæлæсæй сдзырдта:

– Ма дзур, ма дзур афтæ. О Римæ, Римæ! Цы хуызы ма 'рлæудзынæн дæ цуры, цы цæстытæй ма дæм бакæсдзынæн, цы цæсгомæй ма... – æмæ та хæкъуырццæгæй ныккуыдта.

– Æз дæ ракурдзынæн, ракурдзынæн, Надя! Ракурдзынæн! Цæрæнбонты дæм фæстæмæ цæмæн фæкæс-фæкæс кæнон, цæмæн дæм хæрон мæ былыцъæрттæ, цæмæн дæм хъырды кæнон, кæд æмæ ды мæн дæ, æз

та дæу дæн, кæд æмæ арв æмæ зæхх мах кæрæдзийæн сфæлдыстой, уæд! Зæрдæрисгæ дæм дардмæ цæмæн бæллон! Мæн дæ æмæ мæн хъæуыс! Мæн! Абонæй мæ фæстаг бонмæ! Стæй ма уымæй фæстæмæ ænæкæронмæ дæр – мин фæлтæрджын царды тъымы-тъымамæ... О-о-охх!

– Ма дзур, ма дзур, æрра дæ ды. Æрра дæн æз дæр! О Римæ, Римæ! Уæ лæппутæ...

– Алиментгæ... – сцæйдзырдта Уæхтæнг, фæлæ йын Надя йæ армы тъæпæн йæ былтыл аваердта æмæ та судзаг зианджынау ныккуыдта.

– Ма ма ку! Оу, мæнæ хъаймæт! – Уæхтæнг ын йæ сæр æрлæгъзытæ кодта.– Кæуæг сылгоймаджы раз тынг ænaрæхст дæн, цы акæнон, уый нал фæзонын. Римæ та цы... Нæ йæ хъæуын æз.

– Хъæуыс æй, хъæуыс! Уый зонджын у, йæ сæрмæ нæ хæссы загъд кæнын. Æз дын йæ бынаты дæ цæстытæ... О, мæнæ цы бакодтон! Мæнæ мæ куыд сæрра кодтай! Нæ, нæ, Уæхтæнг, бахатыр кæн, дæу аххос нæу... Æз дæр-иу сымахмæ... Дæумæ уадтæн... Дæу уынæг, дæ хъæлдзæг ныхасмæ... Ма ныццæуон, зæгъгæ, æмæ-иу мæ бон нæ цыд мæхиуыл... Абон... Райсом... Уый æнæмæнг æрцыдаид... Фæлæ æз уæддæр æппæт дæр радзурдзынæн Римæйæн... Ærлæудзынæн йæ цуры мæ уæрджытыл æмæ... Фæтутæ мыл кæнæд, уæддæр. О Уæхтæнг...

– О сауджын, сауджын!.. Джитъритæ мын уарзта! О сауджын, сауджын! – Уæхтæнг мæстæлгъæд бахудт.

– Дæуæн циу – уæлахиздзау дæ æмæ – худгæ! – Надя базы цъар райвæзта æмæ дзы йæ цæстытæ асæрфта. – Азил иннæрдæм, æз стгæ кæнын.

...Доны былæй сæхимæ Уæхтæнг æнафоны – фæсæмбисæхсæв уыдаид, – афтæ æрбацыд. Фæндагыл хъуыды кодта: «Кæд нæм рухс нæ судза, уæд æй бафæрсдзынæн, телевизормæ цæуылнæ кæсыс, зæгъгæ, ахсæв дзы кино куы ис – «Будь здоров, дорогой». Йæ уарзон артист Буба Кикабидзе сæйраг ролы, уæд? Æмæ кæд мастдомдæй, уыцы сræмыгъдцæттæйæ зæгъа «Æмæ исты телевизоры диссæгтæ мах диссæгтæй диссагдæр сты», зæгъгæ, уæд Надя йе 'ртхъираен сæххæст кодта, ома, ралæхурдта йын алцыдæр; кæд афтæ зæгъа «Æз фæллад дæн, Кикабидзетыл нæ дæн», уæд Надя йæ ныфс нал бахаста, æрфæсмон кодта æрдæгфæндагыл, фæстæмæ аздæхт, йæхицæн зæрдæтæ бавæрдта, ахæм уадиссагæй, нырмæ чи никуы æрцыд, ахæмæй ницы 'рцыди, цы 'рцыд, уый та фыццаг хатт æмæ фæстаг хатт нæу адæмæн, мæхæдæг æй куыд стыр кæнын, афтæ, зæгъгæ...

Хæдзар æмыр талынг уыд, ныхъхъус, цыма фæхæппæввонг Уæхтæн-

джы ærбацыд хъахъхъæны, уыйау. Кæрты дуар гом разынд, уаты дуарыл та Уæхтæнг дыууæ къухæй хæрдмæхæцæгау скодта – æнæ хъинцæй йæ байтыгъта. Талынгæй талынгмæ ærбацыд, æмæ йæм хуыссæнæй Римæ йæ сæр куыд разылдта, уый дæр уымæн бафиппайдта.

Æнæдзургæйæ йæ дзаумæттæ раласта. Ærхуыссыд. Йæ «чъизи» буарæй Римæйыл бандзæвын нæ уæнды, уый дæр цыдæр дызæрдыггаг ныхъхъус. Уæхтæнг, цыма æнæфæразгæйау утæхсæн кæны, уыйау арф ныуулæфыд, схъæрзыд, ныккæрзыд.

– Ри, йе Ри, фынæй нæ дæ?

– Дæн.

– Æмæ телевизор та цæуылнæ бакодтай, дæ уарзон Кикабидзе дзы...

– Æмæ телевизоры диссæгтæ мах царциатæй диссагдæр сты? Ма мыл æндзæв де 'лгъаг буарæй...

– Цæй, о! Фынæй кæнын, уæдæ... Мæ дæндæгтæ къулы 'рдæм, афтæмæй. Кæд мæм хуыссæг хæстæг ærбацæуа, уæд...

– Аргъау дын ракæнон, мæ гыццыл къона? – Римæйы маст йæ ауазæнтæ тоны, уый бæрæг у, æндæр уæдæ лæг уыйау мæстджынæй йæхи афтæ уæздан цæй охыл дардзæн...

– Радзур, ракæн, – ærцæвынæнхъæлау химидæг ампылдтæ Уæхтæнг.

Фæлæ дын Римæйы ныхасы уаг æцæгдæр аргъаугæнæджы хъæлæсы хуызæн куы фæуид – дæргъвæтин кадæг цыма нывæнды, уыйау фæрсагкæнæгау дзуры:

– Раджы уыдис – æрæджы уыдис, аргъаугæнæг æй йæхæдæг дæр нал хъуыды кæны, фæлæ дын цардысты æмæ уыдысты лæг æмæ ус. Хуыцау сын ралæвар кодта дыууæ цæхæрцæст лæппуйы – сæ нæмттæ Æндон æмæ Фæринк. Уыди ма сын æдзот ærыгон ус æмæ лæг сыхæгтæ. Лæппуты фыд сыхæгты рæсугъд усы судзгæ-араугæ уарзтæй бауарзта, бæстæ уалдзæгæй куыд сфидауы, цард уыйау цы уарзтæй сфидауы, ахæм уарзтæй. Сыхаг ус та афтæ рæсугъд уыдис, афтæ, æмæ хуртæ æмæ мæйтæ хъазыд йæ дæллагхъуыртыл, йæ цæстытæ та – дыууæ цъæх стъалыйы, йæ дзыккутæ раст дари æхсæрдзæнау хаудысты йе уæхсчытæм, уæдæ уый къæхтæй хæрзконддæр стыр уырысмæ дæр нæ уыд, æмæ ма дзы бирæ цыдæртæ сайдтой лæджы цæст сæхимæ. Фæлæ, уыцы уарзты артмæ кæсгæйæ, Æндон æмæ Фæринчы мæгуыр мад та мæгуыры къултæ кодта, йæхи хордта æбæрæг азымæй, фæлæ ницы ных лæууыд сæ размæ, кæд Сатанайы хойæн дунейы хин æмæ кæлæнтæ йæ бæрны уыдысты, уæддæр. Уæд дын иу хур бон, сыхæгты лæг стæры куы фæцыд, уæд дын ын йæ усмæ лæппуты фыд сиахсы

сусæг цыдау куы ссæуид. Уымæй иу-цасдæры фæстæ дын мæгуыр мад та донмæ куы фæцæйцæуид æмæ йæ размæ сыхæгты лæг куы фæуид – æнæнхъæлæджы раздæхт йæ фосгæндæй. Æллæх-биллæх, лæппуты фыды йæ усимæ æййафы, зæхх æрчъиагæй байдзаг уыдзæн, зæгъгæ, ныддодой кодта йæхимидæг мæгуыр мад, фæлæ хин æмæ кæлæн кæм нæ уыд, раст ма зондæй йæ цоты фыдыл дæр уæлахиз кодта, æмæ йын цы хъуыд йæ сыхаджы къухты йæ дыууæ къæртайы фæсадзын æмæ йæм батæхуды кæнын, о, тæхуды, æмæ ахæм сыхаг чи разыны æмæ йæ мæгуыр сыхаг усæн уæлæ фаллаг уынгæй дон чи ærбадавы.

– Æмæ сæхи уынджы нæ уыд дон? Фаллаг уынгмæ йæ...

– Уыдис. Фæлæ уадз æмæ фылдæр бафæстиат уа, зæгъгæ, уый тыххæй. О, ма мæ хъыгдар. Æви мæ аргъау-биргъау цымыдисаг нæу?

– Æвæджиауы аргъау! Шехерезадæмæ дæр афтæ зæрдиагæй æмæ цымыдисæй нæ хъуыста паддзах. Фæлæ бынтон дзæгъæлы нæ бауагъта уыцы мæгуыр мад йæ сыхаг лæджы сæхимæ – ницы ахæмæй дзы байййæфтаид.

– Уыдаид дзы Нарты Батрадз æмæ Æфсæроны фырт Алæфы симд. Бахъæц. Ærхаста сыхаг лæг дон, æмæ йæ уæд сыхаг ус дæр бауазæг кодта, цъæх налат хъæдындзтимæ йын цъæх хъæбæр арахъхъ йæ цуры авæрдта, гæды митæ æмæ йæ гæды ныхæстæй фæстиат кæны, уромы. Уæддæр хи лæг зынæг нæй æмæ нæй. Уалынджы дын сын чидæр сæ кæрты дуар йæ хъæлæсы куы 'рбахæссид, фæлæ уый хæдуæлвæд кæрт куы ныррухс мæйтæ æмæ хуртæй, уæд ма йын æй цы базонын хъуыд, уыцы уынæр кæй ærмдзæф у, уый. Иу ныхасæй, цæссыгкалгæ дын сæ хæдзармæ 'рбахызт дунеты рæсугъд. Йæ лæг дын фынджы уæлхъусæй куы фæтæррæтт ласид, хæрдмæ куы фæхауид æмæ куы ныццæлхъ ласид иуцæстон уæйыджы уынæргъдау:

– Чи куыдз æмæ чи хæрæг? Чи у дæ тыхтона? Кæй сау тугæй бафсадон æз мæ къæбылаты?

Куыдз дæр æмæ, дам, хæрæг дæр дæхæдæг, мæ сусæны мæйы дæр салд лæг, æмæ цæугæ нæхимæ, зæгъгæ, йæ куы феддæдуар кæнид ус. Йæхæдæг дын йæ рæсугъд уæраджы сæртыл мæгуыр мады раз куы 'рзоныг уаид æмæ куы ныдздзыназид. Йæ хъарæгмæ зæхх скъуыдтæ кодта, хæхтæ згъæлдысты. Æмæ уæд мæгуыр ус дæр йæхи куы нал бауромид æмæ уый дæр йæ зонгуытыл куы 'рхауид йæ ныхмæ æмæ йæм куы бахъырнид. Сæ тæригъæдæй бирæгъ скуыдтаид, ноджы ма Æндон æмæ Фæринк дæр уыцы удаистæй куы...

Римæйæн йæ хъæлæс куыдфæстæмæ кæуындзæгæй дзаг кодта.

Мæнæ ма чысыл, æмæ фемæхсдзæн, æмæ йын уæд Уæхтæнг сгарæгау йæ къух йæ цæсгомыл хъавгæ 'рсæрфта – хуылыдз.

– Ри, кæугæ кæныс?

– Нæ кæуын, уый мæ цæстыты хид у.

– Фыццаг хатт хъусын, цæстытæ дæр хид кæнынц, уый.

– Фыццаг хатт дзурын ахæм аргъау. Фæлæ фæстаг хатт уа, и?

Уæхтæнг рабадт:

– Ри, зæгъон дын?

– Зæгъ.

– Ри, ды лæг дæ! Ды, нæлгоймагæй Лæг чи кæны, ахæм сылыстæг дæ. Мæн дæу аккаг суæвын хъæуы.

– Æз та цы ахъуыды кодтон дæуыл, уый хъæрæй зæгъон?

– Нæ хъæуы. Фæлтау-ма мын зæгъ: уыйбæрц цæмæн хатыр кодта йæ хъæбулты фыдæн мæгуыр мад?

– Æмбæрста йæ – сылгоймаг зæрдæйæ цæры, зæрдæйæ къæрцхъус у – æмæ йæ 'мбæрста, зын кæй у, цардбаргæйæ, дæ къух ног уарзондзинадыл ауигъын, дæхи йыл атигъ кæнын. Ау, уый та куыд, æмæ нал, никуыуал уыдзæн лæгæн, йæ тæккæ тыхы бацæугæйæ, æндæр сылыстæджы уарзыны бар, зын басæттæн у зæрдæйæн ууыл, æмæ, ау, уый та куыд, æмæ йын нал фæтчы уарзын... Уарзын!

Стæй мæгуыр ус – сылгоймаг æцæгдæр хæсгарды æфсæйнагæй конд у, æвдудон, фæразон, быхсын, барын йæ лæмæгъ туджы сты, уæлахиз дæр уыдоны фæрцы кæны – стæй мæгуыр ус скарста йæхицæн: кæд æмæ дæу амонд у дæ лæг, æрмæст дæу, уæд æй йæ хæдзармæ хъæуы; кæд нæу, уæд та, фæлгъаугæйæ, кад куыд нæй, афтæ нæй амонд дæр, нæй ахæм сасым суанг кæлæнгæнджытæм дæр, иу сыл уд иннæ нæл удыл чи бандидзын кæна. Стæй ма... Стæй ма мæгуыр ус йæхи уыцы хуызы дæр хордта, æнæбары йæхи азымы дардта, æмæ кæд уый у цæлхдур, кæд бар-æнæбары тæригъæд исы йæхимæ, ахæм æрдзы фидауц уарзондзинад кæй цъысым кæны, уымæй. Стæй... Стæй йæ хорз ивддзаг ничи кæны, кæд, чи зоны, æмæ йæхæдæг нæ бæззы, фаг цæхæрцæст не сты йæ ныййард лæппутæ...

– Цы?!

– Ма хъæр кæн! Райхъал уыдзысты... О, æмæ сæхиуыл фæкуыдтой дыууæ æрдхорд усы, иу – дзæгъæлдзу цинæй æфхæрд, иннæ – хъæхъхъаг мастæй; сæ цæссыгтæй кæрæдзи цæхсадтой, сæ зæрдæтæ рог сулæфыдысты æмæ, цас хæлар уыдысты уæды онг, уымæй авд хатты хæлардæр баисты...

Æвиппайды Римæйы риуæй æмыр кæуыны уынæр сирвæзти, рабадт йæ хуыссæны, йæ дыууæ къухы уæлæуæз систа, цыма йæ дзыккутæм фæлæбурынмæ æмæ сæ æрисынмæ хъавы, уыйау, фæлæ сæ Уæхтæнджы риуыл æрæппæрста æмæ йæ нымæт цæгъдæгау хойын райдыдта, йæхæдæг кæуы ænæ 'рхæцгæйæ:

– Фæлæ худинаг у, худинаг, æмæ кæдмæ æвдудон уыдзынæн, уæйыджы сæртæ не сты уыцы авд уды æмæ фæстæмæ нæ разайынц, æфсæйнаг дæр ихсийгæ кæны, судзинты æфсæйнаг куы уа, уæддæр ихсийгæ кæны, кæдмæ дæ фæдыл згъорон мæ хъуыдыты æмæ дыл дзылар бакæнын фæлварон – мæ сæрмæ йæ куы нæ хæссын, уæд мæ мæхимæ ælгъаг æмæ ницæйаг цæмæн кæсын кæныс, кæд иу сылгоймагæй дæр дæлдæр не 'рлæудзынæн, уæд кæдмæ, кæдмæ руайон, тайон, ихсийон, кæдмæ? – хурхгонд куыдæй ныккуыдта фæстагмæ.

Уæхтæнгæн Римæйы æнæбон дзæхстытæ кæм йæ риуыл уадысты, кæм йæ гуыбыныл, кæм цæсгомыл, фæлæ 'нцад хуыссыд, цыма зæгælтæй хост у, æмæ йын фенкъуысæн нæй – фенкъуыс, æмæ уæд – стырдæр рис.

Римæ йæ кæуынæй æваст фæсыкк:

– Бахатыр кæн, Уæхтæнг. Уыдон, мæхицæн кæй дзырдтон, уыцы ныхæстæ уыдысты, сабухтой… – Римæ йæ мидбынаты базмælыд, йæ уæраджы сæртæ Уæхтæнджы фарсмæ фæбыцæу сты – уый уымæн афтæ æхсызгон фæцис, æмæ йæ зæрдæйы тæвд кæуындзæг уылæн сфæйлыдта, мæнæ дæхи цы зынаргъ адæймагмæ чъылдымыздæхт кодтай, зæгъгæ…

– Хатыр дын кæнын, кæд уый мæныл æмбæлы хатыр кæнын, уæд...

– Æз дæ нæ ракуырдтон, ды мæ 'рхастай мæн, ахуыргæнæджы, дæ хæдзар схынджылæггагæн, – Римæ бахудт, Уæхтæнджы ных асæрфта. – Де 'фсарм дын æнцад-æнцойæ фынæй кæнын нæ уадзын, и? Мæхи дыл куы цæгъдин, стыр хъæлæба куы самаин, уæд дын æнцондæр уаид, алцыдæр дæ хъæрахсты бын фæкæнис, нæ?

– Уæд дæм дзы бæргæ бадæттин къæдзæй, бæргæ... Фæсмонгонд лæджы маст куыд рафыцы, куыд спæлхъ-пæлхъ кæны, æмæ куыд басауæвзалы вæййы зноны амондæргом уарзт, уый фенис.

– Дзурон-ма уæдæ?

– Дзур. Тынг фæлмæн хуымгонд дæн, похцийæ-адæгæй ласт – таугæ мæ кæн. Мæ зæрдæйы тугдзæссыг лæдæрсы æмæ кæд æвдадзы сой фестид, æмæ басгуыхиккой ме 'фсармы ногдзыд æвзартæ...

– Дæ цæстмæ дын ницы дарын, фæлæ... Сыгъдæгзæрдæ уай, сыгъ-

дæгзæрдæ! Дæхимидæг дæр куыд нæ хауай хæрдмæ... Науæд...

– Науæд коммунизм аразæджы Моралон кодексы домæнтæ халын æмæ... О, уæддæр цæмæй зынгджын-стъæлфаг уыдзынæн, цæй тыххæй фæхау-фесхъиу кæндзынæн?

– Ды та йæ хынджылæгмæ здахыс, фæлæ... Зонын æй, æгæрон зын дын уыдзæн Надяйыл дæ къух сисын, уый дæ зæрдæйæ сæппарын, сæфтауын – ма басомытæ кæн, ард дæр ма бахæр. Нæ хъæуы мæнæн зæрдæныфсытæ æвæрын, стæй дæхи дæр ма сай. Ærмæст уый зон æмæ... æмæ... мæн... мах куы ныууадзай, куы баиу уай... йемæ куы баиу уат, уæддæр уæ амонд æххæст амонд нæ уыдзæн. Дæ цоты тæригъæдæй дæ мыды къæм куы нæ хауа, мастад куы нæ кæна уæ мыд, уæддæр... Дзырддаг, дæуццаг цы уарзт суа, уый фидистæй адзайлаг кæны...

– Цæмæн дæ фæнды, Ри, уазал зондæй мыл фæтых уай, уый? Уæд ма дæ цæсты цы ахаддзынæн?

– Æндæр гæнæн мын нæй. Нывæрзæнæй та уый нывæрзæн, айгъайдæр, мæнонæй здахагдæр у – мæхи йыл куыд къуырон. Стæй иу бинойнаг ус дæр йæ лæджы хæзгулыл нæ фæуæлахиз уыдзæн. Стæй...

– Хæзгул мын нæу...

– Стæй уый ноггуырд уарзтыл мæ уарзт дæр... Бахатыр кæн, мæхи уарзты кой дæм мæ цæсгом никуы бахъæцыд, фæлæ ма дын иу фын радзурон?

– Радзур, – уыцы цæттæйæ сразы Уæхтæнг, йæхимидæг та дисы бацыд Римæйы ныхæстыл: рæстытæ йын дзуры уæдæйсарæй, йæхимæ дæр ахæм хъуыдытæ æвзæрд, ахæм тас, ахæм æфсармæй къæмдзæстыг кодта йæ зæрдæ. Раст ма цымæ бынтон ирон лæг дæр нæу, фыдæлты кад æмæ ном радимæ хæссыны аккаг. Стæй ма æххæст ногдугон дæр, советон дугон…

– Цыма дын фыны, – райдыдта Римæ, æрмæст æрдæбоны аргъаугæнæджы хъæлæсæй нæ, фæлæ хуымætæджы хабаргæнæджы, – цыма дын фыны мæ къухты урс бæлон февзæрд. Йæ рæсугъд сырхзиллакджын цæстытæй мæм скæсы, йæхи мыл фæдзæхсæгау цыма бакъултæ кæны. Уыцы сæнтурс, уыцы фæлмæн базыртæ йын – сыгъдæг цъæх арвы фидауц хъæбул, зæрин хуры цин. Уæд дын иу цыдæр лæг мæ цуры фегуырд, айста мын бæлон мæ къухтæй æмæ цыдæр згæхæрд хæрхæргæнаг хъæлæсæй бакодта:

– Мæнæ цы нард у, мæнæ! Мæнæ цы хорз физонæг уыдзæн, мæнæ! – æмæ йын худгæ-худыны йæ сæр стыдта, йе 'нгуылдзтæ бæлоны урс тугæй – урс уыд йæ туг дæр, урс! – самæста æмæ сæ асдæрдта. Æз фæ-

тарстæн, скуыдтон æмæ фехъал дæн. Æмæ мæнæ ды йæ хæдуæлвæд мидæмæ æрбахъуызыдтæ...

– А-гъа... Бæлон – дæ уарзт, уыцы лæг та... Ме 'нгæстæ бæрæг цæмæйдæрты нæ уыд, мыййаг? Цы ма дæ фæрсын: уыд! Мæ тæккæ халдих! – Уæхтæнг арф ныуулæфыд. – Йæх, Ри, дæ зæрдæйы тугæй амæст куы нæ уаиккой дæуæн та дæ ныхæстæ, уæд сæм цы зын уаид хъусын, фыр адджынæй цы ænад уаиккой... – Уæхтæнг йæ къæхтæ сынтæгæй æруагъта. – Цæуон, адымон. Æгъатыр раст дæ ды мæнау лæмæгъ лæгæн...

Бады сæ къæсæрыл Уæхтæнг. Сау арвы сау цæсгом ныххæнкъуытæ стъалытæй. Срæсугъд. Стъалытæ худæгæй мæлынц лæджы æнæсæрфат удхарыл. Йæ лæджы æфсарм, –ævдадзы хос æппæт бæллæхты дæр, – йæ бынаты кæмæн ис, уымæн та разыйы æмдзæгъд цыма кæнынц.

– О, уæлæ фенджын стъалытæ, – сдзырдта сæм йæ мидхъуыдыйы, – бæргæ амонд у уыцы рухсдзæф бонтæ дæ иунæг зæрдæрухсимæ искæд кæддæрты мысын, сæ хъарм цæстæнгасæй фидæны зæрдæргъævст бонтæ тавын. Бæргæ... Бæргæ... Фæлæ циу лæджы æцæг амонд, æцæг ænамонд, цард фенын æм кæм кæсы, фæсмон æй кæм æмæ цæй тыххæй æййафдзæн, стæйævæсмойнаг цард, зæрдæзæгъгæ амонджын цард уæвгæ дæр ис, уый развæлгъау нæй базонæн, нæй. Фæлæ кæй ныууарзай, уый дын дæ дуне йæхи куыд бакæны, куыд! Цы табуйаг, цы адджаын æмæ зæрдæагургæ свæййы дæ уацар, дæ хъазайраг-цагъайраг уавæр, цы!..

Карты дуары æдде цыдæр сым-сым æмæ уынæр ссыд. Йæ фæйнæджыты зыхъхъырæй дуары къæпсыры бынты карды фындз æрбазынд. Чидæр дзы къæпсырыл схæцыд, систа йæ, фæлæ къæпсыры лукъа фæсагъд цæджы, ныббыцæу – нæ йæ уадзы байтындзын.

Уæхтæнджы сæрыхъуынтæ базмæлыдысты. Исты цæвæнгарз рацагурон, зæгъгæ, тыргътæм сгæпп кодта, йæ амайæн фæрæт фелвæста. Гæрзифтонгæй фæцæйцыд дуармæ, фæлæ фефсæрмы йæхицæй, ау, мæ хæдзары та уый куыд тæрсын, кæд исчи расыгæй фæдзæгъæл, уæд та, зæгъгæ, æмæ фæрæт къулæнцой авæрдта. Скъæпп кодта кæрты цырагъ. Бацыд дуармæ. Хъуысы йæм кæйдæр расыг хъуыр-хъуыр, ælгъитын, къæпсыримæ йæ хъуырдухæн нæ уадзы, афтæмæй.

– Кæцы дæ уый? – тызмæгæй афарста.

– Уæхтæнг, бакæ-ма...

– Игорь дæ?

– О. Фарсылæвзаг...

– Хуыцауы тыххæй, ацафон... цы ’рцыд, кæугæ дæр цыма кæныс... Ærбахойын та æфсæрмы кæныс? – къæпсырмæ йæхæдæг дæр нал арæхсы, афтæмæй дзуры, йæ зæрдæйы цæлхъ-цæлхъæй раст цыма зæхх æнкъуысы йæ быны, афтæ йæм кæсы: ау, Уый тыххæй фæзындаид, Уый тыххæй ærбацыдаид, Уый базыдта? Тæрсгæ дзы нæ кæны, кæд æм кард нæ, фæлæ бæхджын æфсад ис, уæддæр – æфсæрмы дзы кæны, æфсæрмы!.. Цы йын зæгъдзæн Уый тыххæй, куыд рæстытæ кæндзæн йæхи? Нæ, иу уды тæригъæды дæр чи цæуы, уый æнæхæрам уарзондзинад нæу, æвæццæгæн, уый æндæр цыдæр у...

– Æнæхайыр къæпсыр фæу, куы нæ ныффæрск уай! – Уæхтæнг дур фелвæста æмæ дзы къæпсыр скъуырдта, дуар фегом кодта æмæ дæрддзæфгомау иуварс алæууыд: а-гъа, уæддæр дзы æдас нæ дæ, зæгъгæ, бахудт йæхиуыл.

Игорь ærбахауд-ærбахызт. Дзойтæ кæны, фæлæ бæрæг у – расыгæй нæ, кæд арахъхъы тæф былтæ цæвы, уæддæр: стыр мастæй фæсастхъару æмæ уымæн дыдæгътæ кæны. Урс кæттаг хæлафы, астæуыл сау фæтæн рон, урс хæдон, сырх æфцæггот – цыма йын йæ хурх алыг чынд æмæ уымæй ссырх...

– Кардæй та цы кæныс, кардæй? – куы ницы лæбурыны арæзт уыд æмæ кардыл кърандасау – къæпсыр сæппарыныл дзы куыд фæлтæрæнтæ кодта, ныр дæр афтæ куы хæцыд, уæд æй афарста Уæхтæнг.

Игорь цудгæ, нарæг хидыл цæуæгау, ærдæбон Уæхтæнг кæм бадт, уырдæм йæ ных сарæзта, къæсæрыл йæ тъæпп фæцыд.

– Дæ уыргтæ халыс, дæхи уанцон мыхъхъ нæу, – нырма йæ чемы нæма ’рцыд Уæхтæнг æмæ фыр адæргæй хъазгæмхасæн дзуры.

Игорь æнæнхъæлæджы скуыдта, кардыл фидар ærхæцыд æмæ, куыд дзуры, афтæмæй та дзы къæсæры асинты фæйнæг ærриуыгъы:

– Цæмæн афтæ æнамонд дæн, цæмæн, уарзгæ йæ куы кæнын æмæ йын уыйадыл мæ бон куы ницы у – уæдæ ма æндæр исчи уыдаид, фæлæ ай дæр цæмæн амардтон, дæу та, Уæхтæнг, цæуылнæ марын, мæхæдæг та ма цæмæн дæн æгас, æцæгæй мард куы дæн, уæд, – æнæсулæфгæйæ, кæугæйæ, дзуры.

– Фæлæуу-ма, фæлæуу, кæй амардтай? Бæстæ ærчъиагæй куы байдзаг, ахæм тугдзыхæй дæ æз куы нæ зонын...

Игорь æм нæ хъусы, йæ ныхасы уаг нæ ивы, уыцы иугæндзон лæхуры:

– Тугдзых цæуылнæ дæн, тугдзых, сылгоймæгтæ дæр разæнгарддæраей тугдзыхты куы уарзынц, æнæфæлывд уарзт дæр уыдоны кæнынц,

арвыдзагæй уарзгæ та йæ æз кæнын. Мæ фыды аххос у, рæсугъд чындз æй хъуыд: хæдзар нын балхæдта, фырт нын куы райгуыра – уымæн сæрыстыры хос байзæддаг – уæд та нын машинæ дæр балхæндзæн, æмæ йæ куы амардтон, Уæхтæнджы та цæуылнæ марын, уый тугдзых куы у, йæхи та хорз сыхаг хоны, фæлæ кæйдæр цард бындзарæй халы, уæвгæ, нæ халы, цы халинаг ма ис хæлæдздзæгты...

Уæхтæнг ын кард йæ къухтæй акъахта, цырагъы бынмæ бауад æмæ йæм лæмбынæг ærкаст: фистоны рæбын – тугæй ахуырст, Игоры хæдоны дыстæ дæр тугæй хъулæттæ кæй сты, уый ныра ныр фæхъуыды кодта.

– Кæй ныццавтай? – фæлæбурдта йын йе уæхсчытæм æмæ йæ ныууыгъта. Игоры цыма стджытæ дæр нæй, уыйау донау пæллахъхъпæллахъхъ кодта.

– Мæнæ, – Игорь йæ цæппузыруæгъд дыстæ мидæггоз сфæлдæхта. Йæ дыууæ къухы дæр фætасæнты онг – хус тугвæд лыгтæ. – Амардтон æй, æмæ мæ уынгмæ раппæрста æмæ мæ мидæмæ нал уагъта, æмæ уæд мæ цæнгтæ кардæй сфастон æмæ мæ ницы рыст, æри-ма, ноджыдæр сæ ærфаринтæ кæнон – нæ мын риссы, кæм мын риссы, уым ныццæвыны тых та мæм нæй – уарзгæ йæ кæнын, æз æй кæнын уарзгæ, уый та дæу уарзы, æмæ йæ амардтон... цу-ма, æри-ма, арахъхъ рахæсс. Римæ мын куы дардта, уæд ды та махмæ уыдтæ. Йæхæдæг мын сæ Надя сæрæй къæдзилмæ радзырдта, басаст мын... Æмæ уæд дуне бакъуындæг, нылхъывта мæ, батæбæкк мæ кодта, æмæ йын Надяйæн æндæр хос нал баззад, амарыны хосæй фалæмæ…

– Кæй амардта, кæй? – халаты йæхи тухгæ, рацыд Римæ, фæлæ дзуапмæ дæр нал фенхъæлмæ каст, афтæмæй феддæдуар.

Уæхтæнг дæр уый размæ фæцæйзгъордта Надямæ, фæлæ, Игорь афтæ куы загъта: «Амардтон æй, æмæ мæ уынгмæ раппæрста», уæд йæ зæрдæ фæкъæпп ласта, ай æцæг расыг сæнттæ куы цæгъды, зæгъгæ.

Ныр бауад мидæмæ, цырагъ ссыгъта æмæ йод, кæрдæны уаццаг æмæ арахъхъы агуывзæимæ раздæхт.

– Гъа-ма, мæнæ ай æнæсулæфгæйæ ныццæв, мæхи къухæй, мæхи – афтæ, афтæ, хорз дын цæуы йæ зæронд бæрæг фæндагыл. Уый дын лæг! Ныр та-ма дæ къухтæ ærбадар, – Уæхтæнг кæрдæны кæрон раскъуыдта, атымбылтæ йæ кодта, фæкъул æм ласта йоды авг, Игоры дыууæ къухы лыгты алывæрстæ дæр байсæрста, стыхта йын сæ. Игорь уыцы æнæсыбыртт бадт. – Ныр-ма мын сæрæй бынмæ радзур, цы ’рцыд, цы кæныс, чи дæ хъыгдары? Дæхиуыл фæхæц, лæг куы хуыйныс, уæд куыд кæуыс...

– Æз ничи дæн. Æз дæн ничи, йæ ус уырсиуæг кæуыл кæны, паддзахиуæг, уый ницы у, уый ничи у, æмæ æз дæр ничи æмæ ницы дæн. Æз салд лæг дæн. Æз салд туг дæн. Æз æнамонд дæн. Æз...

– Уæуу, мæнæ абон цы æнæхъæн дуг бон у! Иу бонæн æгæр сты хабæрттæ. «Æз-æз» мауал кæн ды та…

– Уе ’хсæн цы уыд Надяимæ? – цæхгæр æмæ йæ ’вронгæй афарста Игорь.

– Не ’хсæн ницы уыд, чи дын цы загъта?

– О, уе ’хсæн ницы уыд. Римæ дæр нæ уыд уе ’хсæн. Зауыр æмæ Знауыр дæр. Мæ сыхаг кæй дæ, уый дæр. Æз та æппындæр нымады нæ дæн. Æз та дæу хъуамæ амарон. Фæлæ Надя цалимæ бæгъдулæг кæна, уыдоны куы йед кæнон, уæд мæ маньяк куы рауайдзæн, фæлтау ын йæхи… Стæй та мæхи дæр. Фæлæ æз дæн ницы. Мæнæй йын сывæллон дæр нæ гуыры. Нæ, дам дæ уарзын. Æмæ раст у. Æз иу зæронд усмæ дæр уыдтæн фæрсæг, дæс туманы йын радтон. Дохтыртæ афтæ зæгъынц, дыууæйæ дæр дзæбæх стут, зæгъгæ, фæлæ зæронд ус хуыздæр загъта, йæ буар, дам дæ нæ уарзы æмæ дын нæ исы дæ гуырдз, куы дын æй айса, уæддæр æвæндонæй, æмæ уын æнамонд саби райгуырдзæн. Нæ дæ уарзы йæ буар, æмæ уый фыдæй йæ зæрдæ дæр дæу нæу. Æмæ, дам, æнамонд адæм уымæн бирæ сты, æмæ, кæрæдзи чи нæ уарзта, уыдоны гуырдзæй равзæрынц, кæрæдзи чи уарзы, уыдон, дам, дардмæ дæр, фыццаг уындæй дæр ссудзынц, æмæ уыцы артæй цы цот рацæуы, уыдон вæййынц хæларзæрдæ æмæ парахатуд, кæд æнамонд вæййынц адæмы дзыхæй, уæддæр, ома сусæг уарзæтты цот, амондджын та, кæрæдзиуыл æнувыд бинонтæн куы райгуырынц, уæд вæййынц, афтæ загъта зæронд ус. Æмæ Надя дæу уарзы æмæ йын дæуæй райгуырид амондджын æмæ курдиатджын лæппу, æмæ уын мæ фыд машинæ балхæнид... нæ, сымахæн нæ балхæндзæн...

– Мæ хъустæн, хæрæджы хъустæ суой, уымæй тас нæу, бонæн ахæм диссæгтæ куы хъусон, уæд, – бар-æнæбары бахудт Уæхтæнг, кæд куыдфæстæмæ мæсты кæнын райдыдта, уæддæр: æлгъаг æркаст йæхимæ, æнæбон æлгъаг, худинаджы бынаты æнкъарын байдыдта йæхи, цъыфæйдзаг æмæ бæгънæгæй – æмæ кæй? Мæнæ ацы ницæйаджы цур æфсæрмæй æлгъаг, чъизи æмæ бынтон æнæбон бæгънæгæй. Æмæ йæм æцæгдæр куы рамæсты уа, уæд æй...

– Æмæ мæн дæр нæ хъæуы машинæ, æз... мах райсдзыстæм сывæллон, искæй уарзты арты чи райгуырд, ахæм сывæллон, уæддæр Надя цæрæд мемæ, æз æй мæлæтдзаг уарзтæй уарзгæ кæнын. Æз ын мæ цард

нывонд кæнын, ды та йын ницы дæттыс, ды та дзы дæхицæн иу боны цин исыс, ды та йæ судзгæ скодтай, æмæ йæ ныр æз куыд æндзарон афтæ, æмæ цæмæй дæу ферох кæна...

Римæ æрбахызт кæртмæ. Йæ бакаст – уыцы æдзоппай.

– Цы у?

– Ницы. Йе уæхсчы фæлмæн ын алыг кодта.

– Цы зæгъы?

– Цæй тыххæй?

– Мæнæ ай тыххæй.

– Ницы.

Уæхтæнг сагъæсхуызæй кæсы Игорьмæ: цы йæм мæсты кæна, цы йыл худа, йæ маст æмæ йæм йæ зæрдæрыст æппындæр куы нæ хъарынц, уæд. Стæй ды уый бынаты куы фæуис, уый хал куы ахæрис (уырнгæ дæр дæ нæ кæны ахæм цауæрцыд – ды кæуылты лæг дæ уый цур!), уæд дæм бæрæг уаид, ды дзы цас лæджыхъæдджындæр разынис, уый. Кæд сæ цыппарæй исчи æцæг ælгъыстаджы хъысмæты æвджид бахауд, уæд – Надя, Надеждæ…

Игорь базмælыд. Тыргъты къулæнцæйтты сыстад, алцымбарæг цæстытæй сæм бакаст:

– Æз цæуын... Æз цæуын нæхи... – схъæрзæгау кодта, йæ зæрдæсæр авæрдта йæ къух. – Мæнæ мын куыд зын у «нæхимæ», зæгъгæ, зæгъын, куыд дзы стъæлфын! Нæ-хи-мæ...

Куыд фæцæйхызт дуарыл, афтæ – иу къах уынджы, иннæ мидæгæй – разылд:

–Йæд... Сымах уæхимæ стут?

– Мæ-гъа... – Уæхтæнг ын йæ фæдыл дуар ассыдта, æрæхгæдта къæпсыр. Игоры кард кулдуары дыууæ базыры æхсæн дыдагъы фæцавта, цæхгæр ыл тæссармæ ахæцыд – йæ фистоны рæбыныл ныкъкъæрцц ласта, карды æвзаг зæхмæ æмырæй æрхауд.

Фæрсæгау бакаст Римæмæ – зæгъа йын, æви куыд кæна, ма йын сæ зæгъа, йæ сæры цы хатдзæджы ныхæстæ фегуырд, уыдон: « Æцæг амондджын бинонтæ, сæхимæ чи ис, сæхимæ, уыцы адæймæгты къорд…»

Нæ загъта.

1978 аз

МÆЙЫ ЦАУТЫЛ АФÆЛГÆСТ

► **24 августы** Цæгат Ирыстонмæ хъуыддаджы балцы ссыдысты Уæрæсейы Фыскджыты цæдисы къорд минæвары, сæ сæргъы Цæдисы правленийы сæрдар Николай Иванов.

► **24 августы** Дзæуджыхъæуы байгом Футболы академи. Республикæйы Сæргълæууæг Битарты Вячеслав арфæ ракодта амалхъом Гуыриаты Владимирæн, Уæрæсейы иугонд футболон командæйы сæйраг тренер Черчесты Станиславæн æмæ ФК «Алани»-йы раздæры президент Гæбулты Владимирæн, академийы арæзтадмæ се 'ххуысы хай кæй бахастой, уый тыххæй.

► **25 августы** РЦИ-Аланийы Фыскджыты цæдисы сæрдар Агънаты Гæстæн æмæ Белгороды облæсты Фысжыты цæдисы сæрдар Верæ Кобзарь бафыстой дыууæ цæдисы дарддæры æмгуыстады тыххæй бадзырд.

► **25 августы,** РЦИ-Аланийы адæмон фыссæг Хуыгаты Сергей Уæрæсейы литературæйæ, культурæ æмæ аивадмæ стыр æвæрæн кæй бахаста, уый тыххæй УФ-йы Фыскджыты цæдисы сæрдар Николай Иванов кадджын уавæры схорзæхджын кодта «Василий Шукшин»-ы майданæй.

► **26 августы** Ирыстоны сбæрæг кодтой, Хуссар Ирыстон 2008 азы закъоны бындурыл хæдбар паддзахадыл нымад кæй æрцыд, уый.

► **1-3 сентябры** уыдысты Беслæны трагедийыл 16 азы сæххæсты фæдыл номарæн мадзæлттæ. Архайдтой дзы хицауады уæнгтæ, æхсæнадон организацитæ, Ирыстоны цæрджытæ...

► **10 сентябры** Цæгат Ирыстоны Тæбæхсæуты Балойы номыл паддзахадон Ирон академион театр байгом кодта 85-æм театралон сезон спектакль «Ричард III»-ы премьерæйæ. Режиссер – Уалыты Гиви, тæлмацгæнæг – Кокайты Тотрадз.


► **11 сентябры** Дзæуджыхъæуы Никитины уынджы, Фæрнион Къоста цы хæдзары цард, уый къулыл конд æрцыд йæ номыл мемориалон фæйнæг.

► **15 сентябры** мыхуыры рацыд не 'мкусæг, зынгæ фыссæг, Гусалты Барисы ног аивадон уацмысты æмбырдгонд «Лæджы уаргъ».

Автор чиныгкæсæджы размæ рахаста къорд цымыдисаг цауы Сталины цард æмæ архайды тыххæй дæр.

ТÆФÆРФÆС

БЫТЪÆТЫ РОБЕРТ



Цæгат Ирыстоны культурæйыл æрцыд уæззау хабар. 9-æм сентябры йæ цардæй ахицæн не сфæлдыстадон интеллигенцийы зындгонддæр минæвæрттæй иу, Уæрæсейы Федерацийы сгуыхт артист, РЦИ-Аланийы адæмон артист, Хуссар Ирыстоны сгуыхт артист, Тæбæхсæуты Балойы номыл Ирон паддзахадон академион театры актер Бытъæты Алыксандры фырт Роберт.

Бытъæты Роберт райгуырд 1943 азы 20 мартъийы Сындзыхъæуы. Каст фæцис Цæгат Ирыстоны паддзахадон педагогон институты физикон хъомылады факультет, фæлæ йе стырдæр бæллиц уыд театр, æмæ йæ къухы бафтыд.

Ирон театры сценæйы Бытъæты Роберт ахъазыд ныгуылæн-европæйаг, уырыссаг æмæ национ драматургийы 70 ролæй фылдæр. Æмхуызон хорз арæзта куыд драмон, афтæ комедион сурæттæ дæр. Сæ фылдæр бацыдысты Ирыстоны сценæйы аивады хæзнадонмæ. Бирæвæрсыг курдиаты хицау Бытъæты Роберт йе сценикон архайд баиу кодта телерадиокомпани «Алани»-имæ. Уым цæттæ кодта Ирыстоны культурæ æмæ аивады зындгонддæр архайджыты тыххæй равдыстытæ. Ахæм равдыстытæ йын скодтой ноджы стырдæр кад, æрхастой йын адæмы уарзондзинад.

Уыдис Цæгат Ирыстоны паддзахадон университеты аивæдты факультеты кафедрæйы доцент. Арф æнкъардта мадæлон æвзаг æмæ йын лæггад кодта æвæллайгæйæ. Ирон æвзагмæ ратæлмац кодта бирæ зындгонд драматургты уацмыстæ уырыссаг æвзагæй. Фыста зарджытæ дæр ирон спектаклтæм.

Роберт йæ бирæвæрсыг курдиаты руаджы Ирон æмæ Дыгурон театрты сценæты сæвæрдта спектакльтæ. Се ‘ппætæн дæр театралон критиктæ æмæ æхсæнад скодтой стыр аргъ. Разамынд лæвæрдта Цыколайы адæмон театрæн дæр. Йе сфæлдыстадон биографийы стыр бынат ахсынц йæ кинорольтæ, уыдон æвдисынц артисты стыр курдиат алывæрсыгæй. Уый уæлдай тынгдæр раргом киноныв тæ «Буйный Терек», «Женский роман», «Обида старого охотника», æмæ «Ласточки прилетели»-йы.

Лæвæрд ын æрцыд майдан «Ирыстоны намысæн».

Журнал «Мах дуг»-ы редакци

* * *

Шеф-редактор	Н.С. ДЖУСОЕВА
Переводчик	А.В. ЗОЛОЕВ
Корректор	А.К. КАРГАЕВА
Компьютерный набор	М.К. КИРГУЕВА
Дизайн, верстка	М.Т. БАГАЕВ
Специалист по информационным ресурсам	А.А. ГАБИСОВ

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РСО-Алания.

Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 15-00148 от 9 июня 2017 г.

Редакци авторы хъуыдытимæ алкæд разы нæ вæййы.

Журналы цы æрмæг рацæуа, уымæй æндæр мыхуырон оргæн куы пайда кæна, уæд хъуамæ амынд уа, «Мах дуг»-æй ист кæй у, уый.

Журналмæ цы къухфыстытæ лæвæрд цæуынц, уыдон редакци рецензи нæ кæны, стæй сæ автортæн фæстæмæ не здахы.

Учредитель: Комитет по делам печати и массовых коммуникаций РСО–Алания
362003. г. Владикавказ, ул. Димитрова, 2.

Адрес редакции: 362015, г. Владикавказ, пр. Коста 11.
E-mail редакции: mahdug@mail.ru; http: // www.mahdug@mail.ru.
Тел.: гл. редактор – 25-09-64; шеф-редактор, корректор – 25-09-74;
редакторы прозы, поэзии и критики – 25-20-52; бухгалтерия, компьют. – 25-22-47.

Подписано к печати 14.09.2020 г. Формат издания 60х90 1/16. Бум. офсет. №80г./м^2. Гарнитура шрифта Times New Iron. Вклейка 1 п.л. мелованная. Печать офсетная. Усл. п.л. 10. Учетно-изд. л. 14,88. Тираж 1500 экз. Заказ №339. Цена свободная. Выход из печати 25 сентября 2020 г.

Отпечатано в ОАО «Осетия-Полиграфсервис»
РСО-Алания, 362015, г. Владикавказ, пр. Коста, 11. Дом печати.